MAKTABGACHA VA MAKTAB TA'LIMI VAZIRLIGI

IXTISOSLASHTIRILGAN TA'LIM MUASSASALARI AGENTLIGI

PEDAGOGIK MAHORAT VA XALQARO BAHOLASH ILMIY-AMALIY MARKAZI

Respublika Ta'lim Markazi

**2025-2026-OQIW JILINDA I. YUSUPOV ATINDAǴI MEKTEPLERDIŃ**

# 11-KLASS

**OQIWSHILARI USHIN**

# ANA TILI HÁM ÁDEBIYATÍ

**PÁNINEN JUWMAQLAW ATTESTACIYASIN ÓTKERIW BOYINSHA METODIKALIQ USINISLAR HÁM MATERIALLAR.**

# 2025-2026-OQÍW JÍLÍNDA I.YUSUPOV ATÍNDAĞÍ DÓRETIWSHILIK MEKTEBINIŃ 11-KLASS OQÍWSHÍLARÍ USHÍN TAŃLAW PÁNLERI BLOGÍNDAĞÍ ANA TILI HÁM ÁDEBIYATÍ PÁNLERINEN JUWMAQLAWSHÍ IMTIXANDA PAYDALANÍLATUĞÍN TEST TAPSÍRMALARÍ SPECIFIKACIYASÍ

Specifikaciya I.Yusupov atındağı dóretiwshilik mektebiniń 11-klass oqıwshılarınıń ana tili hám ádebiyatı páninen bilim, kónlikpe hám kompetenciyaların bahalawda paydalanılatuğın test tapsırmalarınıń mazmunı, dúzilisi, túri, forması, bahalaw kriteriyası hám ótkeriliw tártibine qoyılğan talaplardı sáwlelendiredi.

## I. Ulıwmalıq principler

Bahalaw maqseti – 11-klass oqıwshılarınıń ana tili hám ádebiyatı pánlerinen bilim, kónlikpe hám kompetenciyaların ámeldegi bağdarlamalarda belgilengen oqıw maqsetleri tiykarında kompleksli bahalaw. Usı bahalaw nátiyjeleri tiykarında 11-klaslar ushın juwmaqlawshı mámleketlik attestaciyasında qabıl etiletuğın qararlar tiykarlanğan (valid) bolıwın támiyinlew maqsetinde bahalawda validlik, isenimlilik, ádalat hám ashıq-áshkaralıq principlerine boysınılıwı támiyinlenedi.

## II. Normativlik tiykarlar

1. Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministriniń 2008-jıl 4-marttağı 56-sanlı buyrığı menen tastıyıqlanğan Ulıwma orta bilim alıwshılarınıń juwmaqlawshı mámleketlik attestaciyası haqqındağı nızamı.
2. Ana tili hám ádebiyatı pánlerinen 5–11-klaslar ushın ámeldegi oqıw bağdarlaması.

## III. Bahalaw dúzilisi hám ajıratılğan waqıt

Oqıwshılar ushın ana tili hám ádebiyatı pánleriniń biliw dárejesin anıqlaw boyınsha juwmaqlawshı mámleketlik attestaciya sınağında jámi 25 test tapsırması usınıladı.

**1-bólim:** 22 qısqa juwaplı (13 ana tilinen, 9 ádebiyattan) tapsırmadan ibarat. Bunda juwap bir san, bas hárip penen jazılğan juwap kórinisinde beriledi.

**2-bólim:** Keńeytilgen juwaplı 3 ( 2 ana tilinen, 1 ádebiyattan) tapsırmanı óz ishine aladı, berilgen tapsırmağa tiykarlı dáliller menen tolıq hám dóretiwshilik penen pikirlep, jazba túrde juwap beredi.

Hárbir imtixan biletiniń soraw hám tapsırmaları pán kesiminde bolıp, ulıwma bilim beriw mektepleriniń orfografiya hám orfoepiya, punktuaciya, stilistika, lingvistikalıq tallaw, tekstti túsiniw, sonıń menen birge, milliy, jáhán ádebiyatı hám

ádebiyat teoriyası sıyaqlı mazmun tarawların óz ishine aladı. Usınısta biliw, qollanıw hám pikirley alıw kognitiv iskerliklerine tiyisli tapsırmalar boyınsha bahalaw kriteriyaları keltirilgen.

Hárbir variantta oqıwshıǵa 25 (15 ana tilinen, 10 ádebiyattan) soraw beriledi. Sorawlardan 5 soraw (3 ana tilinen, 2 ádebiyattan) biliwge, 15 soraw (9 ana tilinen, 6 ádebiyattan) qollanıwǵa, 5 soraw (3 ana tilinen, 2 ádebiyattan) pikirlewge baǵdarlanǵan boladı. Juwmaqlawshı mámleketlik attestaciya sınaǵı ushın **180 minut** waqıt beriledi.

## IV. Test tapsırmaların dúziwde paydalanılatuǵın tekstlerge qoyılatuǵın talaplar

| Q/t | Tekstler | Mazmunlıq talaplar | Muǵdarlıq talaplar |
|---|---|---|---|
| 1 | **Ilimiy-jámáátlik tekst** | *Akademiyalıq stilde jazılǵan, arnawlı bir tarawǵa tiyisli, keń auditoriyaǵa (qánigesi emeske) arnalǵan, grafikalıq elementlerdi de óz ishine alǵan ilimiy-jámáátlik tekst (test tapsırıwshı ushın tanıs emes, ámeldegi sabaqlıqlarǵa kirgizilmegen)* | 350-500 sóz |
| 2 | **Kórkem tekst (proza, drama)** | *Qaraqalpaq tilinde jazılǵan (yaki awdarma islengen) kórkem tekst (prozalıq yaki dramalıq shıǵarmalardan úzindi) (test tapsırıwshı ushın tanıs emes, ámeldegi sabaqlıqlarǵa kirgizilmegen)* | 500-600 sóz |

## V. Test tapsırmalarınıń túrleri boyınsha bólistiriliwi

| Tapsırma túri | Túsindirmesi | Tapsırma sanı |
|---|---|---|
| Qısqa juwaplı ashıq test **(A1)** | Sorawǵa qısqa túrde juwap beriwdi talap etetuǵın jazba tapsırmalar | 10 |
| Kóp tańlawlı jabıq test **(J1)** | Soraw mazmunına sáykes bolǵan juwap variantları ishinen durıslardı tabıwdı talap etetuǵın jabıq test tapsırmaları | 12 |
| Keńeytilgen juwaplı ashıq test **(A3)** | Sorawǵa tolıq juwap jazıwdı talap etetuǵın jazba tapsırmalar | 3 |

## VI. Kognitiv kónlikpe hám bólimler boyınsha bólistiriliwi

| **Biliw (B)** | | **Qollanıw (Q)** | | **Pikirlew (P)** | | | | **Ulıwma ball** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **sanı** | **ball** | **sanı** | **ball** | **Qısqa juwaplı 1-bólim** | | **Keńeytilgen 2-bólim** | | |
| | | | | **sanı** | **ball** | **sanı** | **ball** | |
| **Ana tili** | | | | | | | | |
| 3 | 4 baldan (12 ball) | 9 | 6 baldan (54 ball) | 1 | 8 ball | 2 | 13 baldan (26 ball) | **100 ball** |
| **Ádebiyat** | | | | | | | | |
| 2 | 8 baldan (16 ball) | 6 | 9 baldan (54 ball) | 1 | 14 ball | 1 | 16 ball | **100 ball** |

## VII. Bahalanatuǵın mazmun tarawı bilim, kónlikpe hám kompetenciyalar, tapsırma túri, kognitiv process hám bahalaw kriteriyaları

| Mazmun tarawı | Soraw tártip nomeri | Bilim, kónlikpe hám kompetenciyalar | Tapsırma túri | Kognitiv dárejesi | Bahalaw kriteriyası |
|---|---|---|---|---|---|
| **ANA TILI** | | | **1-basqısh (qısqa juwaplı)** | | |
| **Orfoepiya hám orfografiya** | 1 | *orfoepiya hám orfografiyadaǵı qarama-qarsılıqlardı anıqlay alıw* | J1 | B | 4 ball |
| | 2 | *bas háripler, túbir hám qosımtalar, qosıp hám ajıratıp jazıw, sızıqsha menen jazıw sıyaqlı imla qaǵıydaların biliw, paydalana alıw* | J1 | Q | 6 ball |
| | 3 | *fonetikalıq ózgerisler (sesler arttırlıwı, almasıwı hám túsiwi)di ajırata alıw* | A1 | Q | 6 ball |
| **Punktuaciya** | 4 | *jazıwda irkilis belgilerin (soraw, úndew, kóp noqat; útir, sızıqsha, qos noqat; noqatlı útir, qawıs, tırnaqsha) durıs paydalana alıw* | J1 | Q | 6 ball |
| **Stilistika** | 5 | *sózlerdiń konteksttegi mánisi, wazıypasın túsiniw, ajırata alıw hám durıs qollanıw* | A1 | Q | 6 ball |
| | 6 | *berilgen jaǵdayǵa sáykes til birliklerin tańlaw* | J1 | Q | 6 ball |
| **Lingvistikalıq tallaw** | 7 | *tekst (gáp, sóz)ti házirgi qaraqalpaq ádebiy tili fonetikası normaları tiykarında tallaw* | A1 | B | 4 ball |
| | 8 | *tekst (gáp, sóz)ti házirgi qaraqalpaq ádebiy tili leksikalıq normaları tiykarında tallaw* | A1 | Q | 6 ball |
| | 9 | *tekst (gáp, sóz)ti házirgi qaraqalpaq ádebiy tili morfema/morfologiyalıq normaları tiykarında tallaw* | J1 | Q | 6 ball |
| | 10 | *tekst (gáp, sóz)ti házirgi qaraqalpaq ádebiy tili sintaksislik normaları tiykarında tallaw* | A1 | Q | 6 ball |
| **Ilimiy-jámáátlik tekstti oqıp túsiniw** | 11 | *tekst mazmunına sáykes maǵlıwmattı anıqlaw* | J1 | B | 4 ball |
| | 12 | *tekst bólimleri ortasındaǵı mazmunlıq baylanıslılıqtı anıqlaw* | A1 | Q | 6 ball |
| | 13 | *teksttegi fakt hám pikirdi ajırata alıw* | J1 | P | 8 ball |
| | | **2-basqısh (keńeytilgen)** | | | |
| | 14 | *maǵlıwmatlardı ulıwmalastırıw hám sebep-nátiyjesin anıqlaw* | A3 | P | 13 ball |
| | 15 | *tekst maqsetine sáykes sheshim usınıs ete alıw* | A3 | P | 13 ball |
| **Jámi** | | | | | **100 ball** |
| **ÁDEBIYAT** | | | **1-basqısh (qısqa juwaplı)** | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Milliy ádebiyat** | 16 | *ulıwma orta bilimlendiriw bağdarlamasına kirgizilgen qaraqalpaq xalıq awızeki dóretiwshiligi úlgilerin túsiniw, talqılaw hám bahalaw* | A1 | B | 8 ball |
| | 17 | *ulıwma orta bilimlendiriw bağdarlamasına kirgizilgen qaraqalpaq klassik ádebiyatı úlgilerin túsiniw* | J1 | Q | 9 ball |
| | 18 | *zamanagóy ádebiyat úlgileri haqqındağı durıs pikirlerdi anıqlaw* | A1 | Q | 9 ball |
| **Jáhán ádebiyatı** | 19 | *ulıwma orta bilimlendiriw bağdarlamasına kirgizilgen jáhán ádebiyatında áhmiyetli orın iyelegen epikalıq, lirikalıq hám dramalıq shığarmalar haqqındağı pikirlerdi anıqlaw* | A1 | Q | 9 ball |
| **Klassikalıq lirika talqısı** | 20 | *klassikalıq úlgidegi tekstte qollanılğan kórkem súwretlew quralların anıqlaw* | A1 | Q | 9 ball |
| **Kórkem tekst (proza, drama) talqısı** | 21 | *tekst mazmunına sáykes tema tańlay alıw* | J1 | B | 8 ball |
| | 22 | *tekstten alınğan úzindi tiykarında obrazlarğa táriyip beriw* | J1 | Q | 9 ball |
| | 23 | *tekst xronologiyası, izbe-izlikti anıqlaw* | J1 | Q | 9 ball |
| | 24 | *teksttiń ulıwmalıq mazmunı tiykarında pikir júritiw* | J1 | P | 14 ball |
| | | **2-basqısh (keńeytilgen)** | | | |
| | 25 | *Shığarma mazmunı, obrazları hám waqıyaların túsiniw, bolja, pikirlew* | A3 | P | 16 ball |
| **Jámi** | | | | | **100 ball** |

## VIII. Baldı bahağa aylandırıw tártibi

| **Ball (%)** | **Baha** | **Túsindirmesi** |
|---|---|---|
| 0 – 29 | “2” | “qanaatlanarsız” |
| 30 – 65 | “3” | “qanatlanarlı” |
| 66 – 85 | “4” | “jaqsı” |
| 86 – 100 | “5” | “ayrıqsha” |

## IX. Sınaq procesine qoyılatuğın talaplar

*Qadağan etilgen qurallar:* imtixan waqtında mobil telefon, aqıllı saat, planshet yaki esletpelerden paydalanıw qatań qadağan etiledi.

*Tártip hám intizam:* nusqa kóshiriw, járdem soraw yaki járdem beriw, imtixan dawamında sóylesiw, ruqsatsız shığıw sıyaqlı jağdaylar qadağan etiledi.

Baqlawshı qağıyda buzılıwın anıqlağanda, akt dúzip, tıńlawshını testten shetlestiredi hám nátiyjesi biykarlanadı.

## X. Inklyuziya hám sáykeslendiriw

Jeke bilimlendiriwge zárúrligi bar talabanlar ushın qosımsha 15 % waqıt beriledi. Sonday-aq, tapsırmalardıń beriliw forması hám túri de olarǵa sáykes hám qolaylı formada usınıladı.

Kóriwde imkaniyatı sheklengen talabanlar sorawlardı oqıp beriwi ushın arnawlı texnik járdemshi menen keliwine ruqsat etiledi, tek ǵana sorawdıń durıs juwabın aytıw múmkin emes.

## XI. Usınıs etiletuǵın tiykarǵı ádebiyatlar

**Ana tili**


5-klass. Qaraqalpaq tili. E.Berdimuratov hám b. Nókis “Bilim”, 2020.

6-klass. Qaraqalpaq tili. M.Dáwletov, B.Qutlımuratov t.b. Nókis “Bilim”, 2017.

7-klass. Ana tili sabaqlıǵı. M.Dáwletov, Z.Ismaylova, Z.Kazimbetova. Tashkent – 2022.

8-klass. Qaraqalpaq tili. M.Dáwletov hám b. Nókis “Bilim”, 2019.

9-klass. Qaraqalpaq tili. M.Dáwletov. Nókis “Bilim”, 2019.

10-klass. Ana tili. Sh.N.Abdinazimov, Z.A. Ismaylova, Z.M.Kazimbetova. Tashkent – 2022.

11-klass. Qaraqalpaq tili. Sh.Abdinazimov, Z.Ismaylova, B.Qutlımuratov. Tashkent – 2018.


**Ádebiyat**


5-klass. Ádebiyat. P.Nurjanov hám b. Nókis “Bilim”, 2020.

6-klass. Ádebiyat. K.Palımbetov, P.Allashov. Nókis “Bilim”, 2017.

7-klass. Ádebiyat. R.Niyetova, I.Mámbetov, G.Jaqsımova. Tashkent – 2022.

8-klass. Ádebiyat. K.Mámbetov hám b. Nókis “Bilim”, 2019.

9-klass. Ádebiyat. T.Mámbetniyazov hám b. Nókis “Bilim”, 2019.

10-klass. Ádebiyat (I, II bólimler). Q.Orazımbetov, B.Genjemuratov, G.Begmuratova. Tashkent – 2022.

11-klass. Ádebiyat. K.Allambergenov, Q.Orazımbetov, M.Bekbergenova, Z.Bekbergenova. Tashkent – 2018.

## I.YUSUPOV ATÍNDAǴÍ DÓRETIWSHILIK MEKTEBI
## 11-KLASÍ USHÍN ANA TILINEN IMTIXAN TAPSÍRMALARÍ

### I VARIANT

### I BASQÍSH (qısqa juwaplı)

**1. (Imla B (J1) – 4 ball)** Gáptegi san menen berilgen sózlerden imlalıq jaqtan NADURÍS jazılǵan sózlerdi anıqlań. *Juwaptı belgilengen sanları arqalı beriń.*

1) abıray; 2) abituriyent; 3) adamqor; 4) aeroport; 5) aǵayın; 6) aq bilek; 7) aqsúyek; 8) aldańǵısh; 9) alkagol; 10) amerikalı.

**JUWAP:** ________________________

**2. (Fonetika Q (J1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi túsirilip qaldırılǵan seske sıpatlama beriń. *Juwaptı san formasında beriń.*

Náreste dúnyaǵa kelgennen key...n ata-anası quwanısıp toy baslap, aǵayın-tuwǵanlardı toyǵa shaqıradı.

1) juwan; 2) jińishke; 3) ashıq; 4) qısıq; 5) erinlik; 6) eziwlik

**JUWAP:** ________________________

**3. (Seslik qubılıslar Q (A1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi keyinli tásirge ushırap turǵan sózlerdi anıqlap jazıń. *Juwaptı 2 sóz benen beriń.*

Bul qawız tósegi boladı. Kópshigi qus párinen yaki paxtadan islenedi.

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

**4. (Punktuaciya Q (J1) – 6 ball)** Berilgen gápte qaysı irkilis belgileri izbe-iz qoyılıwı kerekligin anıqlań. *Ketekshelerge anıqlaǵan irkilis belgilerińizdi qoyıń.*

Barlıq shikarǵa shıǵatuǵın saray ámeldarları tazı úyretiwshi qarshıǵa qálpeleri sadaqshılar barlıǵı tayar ekenligin shikar wáziri aytıp keldi

**JUWAP:**

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | |

**5. (Morfologiyalıq stilistika Q (A1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi belgilep kórsetilgen tirkewishlerdi qaysı seplik penen almastırıp qollanıwǵa boladı. *Juwaptı eki sóz benen beriń.*

Házirgi waqıtta paxtadan da islenedi, taǵı da kókiregin, qolların oraw1) ***ushın*** qol jórgek, ayaǵın oraw ushın ayaq jórgek boladı. Besiktiń ***2) ústine*** jabatuǵın tawardı japınshıq dep ataydı.

**JUWAP:**

| 1 | | 2 | |
|---|---|---|---|

**6. (Leksikalıq stilistika Q (J1) – 6 ball)** Berilgen mısallardı tiyisli birlikler menen sáykeslendiriń. *Juwapqa tiyisli háriplerdi jazıń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Baǵ – baq | A) omoforma |
| 2 | Tur – tur | B) omograf |
| 3 | Jaza aladı – jazaladı | C) omofon |
| 4 | Qoyma – qoyma | |
| 5 | Birge – birge | |
| 6 | Basım – basım | |

**JUWAP:**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

**7. (Fonetikalıq tallaw B (A1) – 4 ball)** Berilgen gápte neshe qamaw buwın qatnasqan? *Durıs juwaptı san menen beriń.*

Bul hárbir shańaraqta dúnyaǵa kelgen nárestege quwanıp beriletuǵın toy.

**JUWAP:** ________________________

**8. (Leksikalıq tallaw Q (A1) – 6 ball)** Súwretlew quralların – teńewge mısal bola alatuǵın juwaplardı anıqlań. *Durıs juwaptı san menen beriń.*




**JUWAP:** ________________________________

**9. (Morfemalıq tallaw Q (J1) – 6 ball)** Berilgen juwaplardaǵı astı sızılǵan sózlerdiń qaysı sóz shaqabına tiyisliligin óz ara sáykeslendiriń. Durıs juwaptı sanlar menen beriń.

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Solay etip, men on jasımda... bir xojayınım bar edi, **onı** Manzar xojayın der edi. | a) atlıq<br>b) kelbetlik |
| 2 | Ol at miniw ilimin **jaqsı** biler edi hám Rayhan atlı bir xızmetker bar edi. | c) sanlıq |
| 3 | Atam meni sol **ekewine** tapsırdı, sebebi olarǵa maǵan atta júriw, nayza urıw, ... ilimin úyretkeyseń dedi. | d) almasıq<br>e) feyil |
| 4 | Onnan keyin Manzar xojayın hám Rayhan xızmetker meni atamnıń aldına alıp barıp **bılay** dedi: | f) ráwish |

| | | |
|---|---|---|
| 5 | «Ey ámir, eger ruqsat berseńiz erte tańda shólistanda perzentińiz **ámirzada** oynasa, | |
| 6 | siz onıń barlıq **úyrengen** islerin kórseńiz». | |
| 7 | Ámir: «Júdá **jaqsı bolar** edi!» — dedi. | |
| 8 | Men ekinshi kún **bar** bilgen ilimim hám ónerimdi atama kórsetip berdim | |

**JUWAP:**

| a | b | c | d | e | f |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

**10. (Sintaksislik tallaw Q (A1) – 6 ball)** San menen (1, 2, 3, 4) berilgen gápler qospa gáptiń qaysı túrine kiretuǵınlıǵın anıqlań. *Durıs juwaptı sanlar menen beriń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Men ekinshi kún bar bilgen ilimim hám ónerimdi atama kórsetip berdim, atam hájib hám jumısshıǵa jaqsı atlardan inam etti. | a) dizbekli qospa gáp<br>b) baǵınıńqılı qospa gáp<br>c) dánekersiz qospa gáp |
| 2 | «Bul úyretken ónerlerińizdi zarúr waqıtta perzentim ushın basqalar da isley alar, biraq onıń ózi isley alatuǵın, onıń ushın basqalar isley almaytuǵın óner qalıptı» | |
| 3 | Tawdıń aylanǵan jerinde iyrim bar edi hám ol qáwiplirek orın edi. | |
| 4 | Men atamnıń basına da usınday jumıs túskenin bilmes edim, sonıń ushın maǵan júziw ónerin úyretken eken». | |

**JUWAP:**

| a | b | c |
|---|---|---|
| | | |

Besik toy – bul hárbir shańaraqta dúnyaǵa kelgen nárestege quwanıp beriletuǵın toy. Náreste dúnyaǵa kelgennen keyin ata-anası quwanısıp toy baslap, aǵayın-tuwǵanlardı toyǵa shaqıradı. Usı toyǵa kelinniń tórkin tárepinen er bala dayısına tartadı, dep bóbektiń jorǵası retinde besik alıp keledi. Besikti burınları sol awıldıń sheber ustalarına soqtırıp, sawdalaspay, sanaspay, ustanıń aytqan bahasına alınatuǵın bolǵan. Usı dástúr elege shekem dawam etip kiyatır. Besiktiń túbegi gúlalshılar tárepinen dúzetilgen tas túbek, súmegi aǵashtan soǵılǵan boladı, qawızın tawardıń ishine kóbinese tarınıń qawıǵı salıp tigiledi yamasa qustıń párinen bolmasa shigitlengen qol paxtadan islense de boladı. Bul qawız tósegi boladı. Kópshigi qus párinen yaki paxtadan islenedi. Taqımlıq – balanıń taqımınıń astına qoyatuǵın kishkene tósek bolıp, bul da tarınıń qawıǵınan soǵıladı. Házirgi waqıtta paxtadan da islenedi, taǵı da kókiregin, qolların oraw ushın qol jórgek, ayaǵın oraw ushın ayaq jórgek boladı. Bul jórgekler paxtadan islengen tawardan bolıwı tiyis. Balanı besikke bólew ushın besiktiń oń tárepinde besiktiń ayılları taǵıwlı boladı – yaǵniy bul qol bawları dep ataladı. Besiktiń ústine jabatuǵın tawardı japınshıq dep ataydı. Usınıń barlıǵın jámlestirip, aǵayın-tuwǵanlardı jıynap, besik toyǵa barıladı.

Besik toyda quda-qudaǵaylardı kútip alıp, hál-jaǵday sorasıp, dásturqan dógeregine mirat etilip, may sókler ortaǵa tartıladı. Ishinde yoshlıraq qız-kelinshekler qosıqlar, ushırma sózler aytıp, at ólse de qáde ólmeydi, arıq qoydan tóslik al degendey, endi alıp kelgen jorǵamızdıń jorǵasın kórsek, jorǵamızdıń payǵazısın alsaq, balamızdı besikke salsaq, oń bolsının aytsaq dep otırmız, dep dawam etiledi.

*A.Allaniyazov, M.Aytımbetova*

**11. (Tekstti túsiniw B (J1) – 4 ball)** Tekst boyınsha berilgen sózlerdiń qaysıları besiktiń bir bólegi ekenligin anıqlań. *Juwaptı sanlar formasında beriń.*

1) tusaw; 2) jorǵa; 3) túbek; 4) gúlal; 5) súmek; 6) qawıq; 7) qawız; 8) tóslik.

**JUWAP:**

| | | |
|---|---|---|
| | | |

**12. (Tekstti túsiniw Q (A1) – 6 ball)** Berilgen abzactı tekst boyınsha salıstırıń. Gáptegi qaysı sóz maǵlıwmatlıq jaqtan nadurıs qollanılǵanlıǵın anıqlań. *Juwaptı bir sóz formasında jazıń.*

Xalıq tilinde besikti ádebiylestirip jorǵa dep ataǵan. Dayı tárep ákelgen besigi ushın qáde alǵan. Besikke gúlaldan islengen súmek jaylastırıladı. Tarıdan islengen qawızı tóseledi. Barlıǵınıń ústinen qol hám ayaq jórgekleri jayıp alınadı, soń bala jatqarıladı.

**JUWAP:** ________________________

**13. (Tekstti túsiniw P (J1) – 8 ball)** Tekst boyınsha berilgen maǵlıwmatlardıń qaysıları durıs maǵlıwmat esaplanadı? *Juwaptı sanlar formasında beriń.*

1) Perzenttiń áke tárepinen tuwısqanları bala ushın arnawlı besik soqtıradı yaki satıp aladı. 2) Eger besikti sawdalasıp, bahasın túsirip alsa, bul háreket balanıń ósip-óniwi, keleshegine keri tásir tiygizedi degen ırım bar. 3) Besikte balanı bólew ushın qollanılatuǵın qawız hám taqımlıq ishine birdey nárse salınadı. 4) Besiktiń ayılları besiktegi balanıń qollarınıń háreketlenip ketiwiniń aldın aladı.

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

## II BASQÍSH (keńeytilgen juwaplı)

**14. (Tekstli talqı P (A3) – 13 ball)** Berilgen qatarlardı oqıń hám tapsırmalarǵa juwap jazıń.

Mákan basqan Aral-qumnıń qasında,
Búgin tamshı suwǵa zar bul **qarekeń** (J.I.).

1) Úzindidegi qara menen berilgen sóz qaysı súwretlew quralı?
2) Bul sóz arqalı ne ańlatılǵan?
3) Bul súwretlew quralınıń belgilerin jazıń.

**JUWAP:**

1)________________________________________________________________________
__________________________________________________________________________
__________________________________________________________________________

2)________________________________________________________________________
__________________________________________________________________________
__________________________________________________________________________
__________________________________________________________________________
__________________________________________________________________________
__________________________________________________________________________

3)

**15. (Oqıp túsiniw P (A3) – 13 ball)** Berilgen tekstti oqıń. Sorawlarǵa juwap jazıń.

AQShtıń El universiteti alımları kitap oqıw hám insan ómiri dawamıylıǵınıń baylanısı haqqında izertlew alıp bardı. 12 jıl dawam etken usı ilimiy tekseriw jumısında úsh mıń altı júzge jaqın kekse adamlar qatnastı. Olar arasında kitapqumarlar, sonday-aq, kitaptı tek ǵana úy jıynastırǵanda ǵana qolǵa alatuǵın adamlar da bar edi.

Kitap oqıw menen úzliksiz shuǵıllanatuǵınlar basqalarǵa salıstırǵanda eki jıl kóbirek ómir súrer eken. Háptesine 3,5 saatın hám onnan da kóp waqtın oqıwǵa sarplaytuǵın kekselerde ólim qáwpi jaqın 12 jılda basqa qartayǵan adamlarǵa salıstırǵanda 20 payızǵa kem boladı.

Qızıq tárepi sonda, "kitap terapiyası" dáramatı, kásip-óneri, shańaraq jaǵdayı, rasası hám jınısına qaramastan hámmege birdey paydalı.

1) El universiteti alımlarınıń izertlew jumısı ne ushın uzaq dawam etken?
2) Kitapqumar dep qanday adamlardı ataymız?
3) "Kitap terapiyası" sóziniń mánisin túsindirip beriń.

**JUWAP:**

1)

2)

3)

## I VARIANT

## I BASQÍSH (qısqa juwaplı)

**16. (Xalıq awızeki dóretpeleri B (A1) – 8 ball)** Qaysı dástannan alınǵan úzindi ekenligin anıqlań.

Kóz jiberip qaradı,
Qulaq salıp tıńladı,
Ya qashqan joq,
Ya quwǵan joq.
Quwıp jetip shanıshqan joq,
Kórinip jatqan dushpan joq,
Bir maydan turdı erbeyip.
Bilmeydi joldıń alısın,
Keldi quldıń namısı.

1) "Alpamıs"; 2) "Qırq qız"; 3) "Edige"; 4) "Qoblan"; 5) "Bozuǵlan". *Durıs juwaptı san menen beriń.*

**JUWAP:** ____________________________

**17. (Klassikalıq ádebiyat Q (J1) – 9 ball)** Berilgen úzindini oqıń. Bul ádebiyattaǵı qaysı janr esaplanadı? a) qosıq; b) tolǵaw; c) terme; d) aytıs. *Durıs juwaptı hárip penen beriń.*

Jaz bolsa tamam tabın shabadı shóp,
Suw iship suwsınına qara nan jep,
Hár eldiń onday ashı bolmay ma eken?
Ash qazaq biziń elde onnan da kóp. **JUWAP:** ____________________________

**18. (Qaraqalpaq ádebiyatı Q (A1) – 9 ball)**. Berilgen qatarlar qaysı shıǵarmadan alınǵan? Bul berilgen qatarlardı aytqan qaharman unamlı hám unamsızlıǵına qaray xarakteristika beriń. *Juwaptı hárip hám sanlar menen beriń.*

1) "Ájiniyaz" librettosı;
2) "Tumaris" poeması;
3) "Qırq qız" draması;
4) "Alpamıs" draması;
5) "Búlbúl uyası" poeması.

a) unamlı qaharman; b) unamsız qaharman.

Awramazda táńirim maǵan
Qúdiretli shahlıq berdi,
Kóp ellerdi asawsıǵan
Qılısh penen alıp berdi.

**JUWAP:**

| Shıǵarmanıń tártip nomeri | xarakteristikası |
|---|---|
| | |

**19. (Jáhán ádebiyatı Q (A1) – 9 ball).** Migel de Servantestiń "Lamanshlı Don Kixot" romanındaǵı Idalgonıń sayaxatqa jol alıwına onıń qaysı nársege qunt qoyıwı sebep boldı? *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

**JUWAP:** ______________________________

**20. (Klassikalıq talqı Q (A1) – 9 ball).** Berilgen qatardaǵı ajıratıp kórsetilgen sózler qaysı súwretlew quralı esaplanadı? *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

**Márt** penen **námártti** ayırar sawash,
Sawash maydanında kerek qarındash. **JUWAP:** ______________________

Birinshi klasta eń boyı kishkene Baxtıyardı hámme qızıq kóredi. Ózi de dım súykimli. Muǵallim de onı taxtaǵa shıǵarsa, eń ápiwayı, eń qolay sorawlar beredi, qısındırmawǵa háreket etedi. Búgin de matematika sabaǵında sonday qızıq boldı. Baxtıyardı taxtaǵa shaqırǵan muǵallim ádettegishe ańsat soraw berdi:

– Baxtıyar, mısalı seniń tórt kúshigiń bar edi, men saǵan jáne eki kúshik berdim, neshew boladı?

Baxtıyar kirpiklerin qıpılıqlatıp az ǵana oylanıp turdı da:

– Jeti kúshik, – dep juwap berdi.

Muǵallim dáslep ashıwlanbadı. Barmaqların búgip túsindire basladı. Jáne jeti kúshik degen juwap aldı. Úsh ret qaytalaǵan soń muǵallimniń ashıwı keleyin dedi:

– Ne jetew?! Jeti kúshik degen ne? Sonı da bilmeyseń be?

Tómen qarap turǵan Baxtıyar basın kóterip muǵallimge qaradı:

– Keshirersiz, muǵallim, úyde jáne bir kúshigim bar ediǵo, onı qalay qospay ketemen.

***T.Qabulov***

**21. (Shıǵarma talqısı B (J1) – 8 ball)** Berilgen shıǵarma janrlıq jaqtan prozanıń qaysı túrine tiyisli ekenligin anıqlań. *Juwap bir sóz benen jazıń.*

**JUWAP:** ______________________

**22. (Obrazlarǵa sıpatlama Q (J1) – 9 ball)** Baxtıyarda qanday pazıyletti sezdińiz.

a) maqtanshaqlıq; b) qızǵanshaqlıq; c) uyalshaqlıq; d) miyrimlilik; e) umıtshaqlıq; g) múlayimlilik. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

**23. (Tekst xronologiyası Q (J1) – 9 ball)** Berilgen pikirlerdi shıǵarma waqıyası boyınsha izbe-izlikke qoyıń.

1) Baxtıyar esap-sanaqta qátelesti.
2) Baxtıyar úyindegi kúshigin esletti.
3) Muǵallimniń Baxtıyarǵa súyispenshiligi arttı.
4) Taxtada muǵallim soraw berdi.

**JUWAP:** ______________________

**24. (Mağlıwmatlar talqısı P (J1) – 14 ball)** Tekst boyınsha berilgen juwaplardıń durıs hám nadurıslıǵın anıqlań. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

a) Muǵallim Baxtıyardıń bilmeytuǵın sorawın qasaqana berdi.
b) Baxtıyar eregisip qáte juwaptı qaytalap otırdı.
c) Baxtıyardı mektepte miynetsúygishligi ushın hámme unatadı.
d) Matematikanıń qızıqlı ótiwiniń baslı sebebi – Baxtıyardıń bergen juwabı.
e) Jetinshi kúshikti Baxtıyar óz qıyalınan qosıp qoydı.
f) Muǵallim biletura Baxtıyarǵa ańsat soraw berdi.

**JUWAP:**

| Durıs | Nadurıs |
|---|---|
| | |

## II BASQÍSH (keńeytilgen juwaplı)

**25. (Shıǵarmanı talqılaw (keńeytilgen juwaplı) P (A3) – 16 ball)**
Erix Mariya Remarktıń «Batıs frontta ózgeris joq» shıǵarması boyınsha pikirleń.




**JUWAP:**

## II VARIANT

## I BASQÍSH (qısqa juwaplı)

**1. (Imla B (J1) – 4 ball)** Gáptegi san menen berilgen sózlerden imlalıq jaqtan NADURÍS jazılǵan sózlerdi anıqlań. *Juwaptı belgilengen sanları arqalı beriń*.

1) badıya; 2) baǵıshlaw; 3) bahadır; 4) baxtıyar; 5) bardámlı; 6) baryer; 7) basıńqı; 8) baspa sóz; 9) batıńqı; 10) baysheshek.

**JUWAP:** ___________________________

**2. (Fonetika Q (J1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi túsirilip qaldırılǵan seske sıpatlama beriń. *Juwaptı san formasında beriń.*

Kókpar (ılaq oyını) – tek biziń xalqımız arasında emes, ...zbek, qazaq hám basqa da túrkiy tilles xanalaslar arasında da keń tarqalǵan at sportı bolıp tabıladı.

1) juwan; 2) jińishke; 3) ashıq; 4) qısıq; 5) erinlik; 6) eziwlik

**JUWAP:** ________________________

**3. (Seslik qubılıslar Q (A1) – 6 ball)** Berilgen gápte qaysı seslik qubılıslar bar? a) proteza; b) eliziya; c) metateza; d) epenteza; f) epiteza; g) proteza. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

Kókpar (ılaq oyını) – tek biziń xalqımız arasında emes, ózbek, qazaq hám basqa da túrkiy tilles xanalaslar arasında da keń tarqalǵan at sportı bolıp tabıladı.

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

**4. (Punktuaciya Q (J1) – 6 ball)** Berilgen gápte qaysı irkilis belgileri izbe-iz qoyılıwı kerekligin anıqlań. *Keteksheler ge anıqlaǵan irkilis belgilerińizdi qoyıń.*

Ullı babamız Muhammed ál-Xorezmiy bir kitabında mınaday dep jazadı Bilip qoyıń dáryanıń kózine jas kelse onıń basına uwayım qayǵı túskeni boladı

**JUWAP:**

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | |

**5. (Morfologiyalıq stilistika Q (A1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi tirkewishti mazmunlıq jaqtan qaysı túpkilikli tirkewish hám seplik penen almastırıp qollanıwǵa boladı? *Juwaptı eki sóz benen beriń.*

Jip is penen ótkeriledi.

**JUWAP:**

| Tirkewish sóz | Seplik |
|---|---|
| | |

**6. (Leksikalıq stilistika Q (J1) – 6 ball)** Berilgen mısallardı tiyisli birlikler menen sáykeslendiriń. *Juwapqa tiyisli háriplerdi jazıń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Baǵ – baq | A) omoforma<br>B) omograf<br>C) omofon |
| 2 | Tur – tur | |
| 3 | Jaza aladı – jazaladı | |
| 4 | Alma – alma | |
| 5 | Birge – birge | |
| 6 | Ura – ura | |

**JUWAP:**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

**7. (Fonetikalıq tallaw B (A1) – 4 ball)** Berilgen gápte neshe tuyıq buwın qatnasqan? *Durıs juwaptı san menen beriń.*

Ólmey bermeydi. Al geybir shabandoz ılaqtı oń taqımǵa bassa, birewleri shep taqımǵa alǵandı táwir kóredi.

**JUWAP:** ______________________

**8. (Leksikalıq tallaw Q (A1) – 6 ball)** Súwretlew quralların – metaforaǵa mısal bola alatuǵın juwaplardı anıqlań. *Durıs juwaptı san menen beriń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1) Búrkit kibi búristi. | 6) Ómir mashinası zırlaydı. | 7) Aynaday taza. |
| 2) Dúnyanıń órisi qayda? | 5) Et etke. | 8) Ájiniyazdı oqıdım. |
| 3) Sahra búlbúli keldi. | 4) Awıl baǵındı. | 9) Ernazar - arıslan. |

**JUWAP:**

______________________________

**9. (Morfemalıq tallaw Q (J1) – 6 ball)** Berilgen juwaplardaǵı astı sızılǵan sózlerdiń qaysı kómekshi sóz túrine kiretuǵınlıǵın durıs sáykeslendiriń. Durıs juwaptı sanlar menen beriń.

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Olardıń úyleri bir sharbaqtıń **ishinde** jaylasqan, atızları bir bolıp, sol atızǵa birigip biyday egip, zúráátti bólisip aladı eken. | a) tirkewish<br>b) dáneker<br>c) janapay |
| 2 | Úylenbegen jigit túni **menen** uyqısı kelmey túrli oylarǵa berilipti | |
| 3 | Aǵam ekewimizdiń atızımız birge egiledi, **al** zúráát bólek | |
| 4 | Bul ádalattan emes **ǵoy.** | |
| 5 | Ol **da** "Nege bizler zúráátti teńdey bólemiz? | |
| 6 | Inisiniń qoymaxanasına aparıp tógipti **de** kewli tınshıp, uyqılaptı. | |
| 7 | Olar bir-biri menen dúgisip qalaman **degenshe**, dawam ete beripti. | |
| 8 | Olardıń dáni azaymaptı **da**, kóbeymepti **de**. | |

**JUWAP:**

| a | b | c |
|---|---|---|
| | | |

**10. (Sintaksislik tallaw Q (A1) – 6 ball)** San menen (1, 2, 3, 4, 5, 6, 7) berilgen gáplerdi tiyisli formaları menen durıs sáykeslendiriń. *Durıs juwaptı sanlar menen beriń.*

| | | |
|---|---|---|
| **1** | –Janıńa sawap is etip atır ekenseń, qızım– dedi ketiwge qolaylasıp atırǵan bir ulama kisi,– házir seniń qasıńa adam ertemen, biytaptıń ótinishin bárjay etedi (P.X). | A) A: «T», –a.<br>B) «T»,–a.<br>C) A: «T».<br>D) «T», –a; –«T».<br>E) Ózlestirilgen gáp |
| **2** | Akademik M.Nurmuxammedov bılay dep jazadı: «Berdaq dóretiwshiliginiń áhmiyetli bólegin onıń tariyxıy-sociallıq temalarda jazǵan poemaları quraydı». | |
| **3** | Aysultan: – Bıyılǵı jılı ózime bekitilgen 15 sawın sıyırdıń hárbirinen 3500 litrden sút sawıp tapsıraman, – dedi (gazetadan). | |
| **4** | Rustıń ullı jazıwshısı Aleksey Maksimovich Gorkiy: « Til – ádebiyattıń birinshi elementi» – dep sıpatlaydı. | |
| **5** | Jánibek xan ózinen basqa da ozıq oylı jigit tabıw kerek ekenligin ayttı. | |
| **6** | – Aǵa qashan salmaǵa suw ashasań, – dep Seyit Orazbaydan soradı. | |
| **7** | Bir awıldan sóylesip otırǵanday aqsaqaldıń tabılmaǵanı qızıq boldı-aw! – dep gúńk etti (K.M.). | |

**JUWAP:**

| A | B | C | D | E |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

Kókpar (ılaq oyını) – tek biziń xalqımız arasında emes, ózbek, qazaq hám basqa da túrkiy tilles xanalaslar arasında da keń tarqalǵan at sportı bolıp tabıladı. Tiykarında bul oyın turmıslıq zárúrlikler nátiyjesinde júzege kelgen. Erte zamanlarda sharwalardıń dúzde júrgen mallarına, qoy-janlıqlarına jırtqısh qasqırlar shawıp kún bermegen. Olarǵa qarsı shabandozlar atqa minip qarsı shıǵıp, hálden tayǵansha at penen quwıp, shoqpar menen urıp, ólimshi qılǵan, óltirgen. Ráwiyatlarda aytılıwınsha, bir saparı usınday jol menen awlaǵan qasqırdı bir topar shabandoz jigitler bir-biri menen at ústinde tartısıp oynap, sonnan kókpar oyını payda bolǵan degen gápler de bar. Sońınan qasqırdıń ornına eshki, ılaq yaki ógizdiń ishek qarnın alıp taslap, tulıptı kókparǵa paydalanıp, ol shabandozdıń aldına taslanatuǵın bolǵan.

“Ílaq oyını”nda “búriw” degen atama da bar. ”Búriw”de ılaqtıń qarını, bóteke hám bawırı alıp taslanadı. Jilikti buwınnan kesedi. Eki jambas penen eki qol qaladı. Ishine arqan saladı. Tórt jip ótkeredi. Ol qarınǵa, teriniń arasındaǵı dóńgelek arqanǵa baylanadı. Jip is penen ótkeriledi. Moyın hám bir omırtqa qaldırılıp soǵan baylanadı. “Búr”(búrip qoyadı)ótken ásirdiń otızınshı jılları payda bolıp, ótken ásirdiń alpısınshı jıllarına kelip “Teke”, “Ílaq” payda bolǵan.

Shabandozdıń salmaǵı meyli awır bolsın, meyli jeńil bolsın, hárbiriniń palwanlar sıyaqlı ózine tán ámeli, tásili, óz usılı bolǵan. Geybir shabandozlar pishimi iri bolmasa da, qos qollap ılaqqa asılǵan waqtında onnan jazdırıp alıw múmkin emes. Ólmey bermeydi. Al geybir shabandoz ılaqtı oń taqımǵa bassa, birewleri shep taqımǵa alǵandı táwir kóredi. (Biraq shabandozlardıń kópshiligi oń taqımǵa aladı). Ílaqqa asılǵanda da bekkem asılıw kerek. Sebebi ılaq qolǵa uslanıp, taqımdı qolǵa taslaydı. Sóytip ústine ayaqtı qoysa, “Taralǵı”nı kespeseń ılaqtı ala almaysań. Sonlıqtan da taqımı qattı shabandozlar teginlikte taqımındaǵını aldırmaydı. Taralǵı, bul záńgini erge tutastırıp turatuǵın jip bolıp, qazaqlar onı “Úzengi”dep ataydı.

***B.Seytaev***

**11. (Tekstti túsiniw B (J1) – 4 ball)** Tekst boyınsha berilgen maǵlıwmatlardıń qaysıları nadurıs maǵlıwmat esaplanadı? *Juwaptı sanlar formasında beriń.*

1) Kókpar oyını túrkiy xalıqlardıń kópshiliginde bolǵan. 2) Anıq faktlerge qaraǵanda, Kókpar oyınınıń kelip shıǵıwına qasqırlar shabılıwı sebep bolǵan. 3) Kókpardıń baslı oyın elementi – tulıp. 4) Salmaǵı awır shabandozlardıń oyında kóbinese qolı kelgen.

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

**12. (Tekstti túsiniw Q (A1) – 6 ball)** Berilgen abzactı tekst boyınsha salıstırıń. Gáptegi qaysı sóz maǵlıwmatlıq jaqtan nadurıs qollanılǵanlıǵın anıqlań. *Juwaptı bir sóz formasında jazıń.*

"Búriw"de ılaqtıń tek sırtqı tárepi qaldırılıp, ishi alınadı. Jilikti buwınnan kesedi. Eki jambas penen eki qol qaladı. Ishine arqan saladı. Tórt jerinen jip penen is ótkerilip, búrilip tigiledi. Bası hám bir omırtqa qaldırılıp soǵan baylanadı.

**JUWAP:** ___________________________

**13. (Tekstti túsiniw P (J1) – 8 ball)** Berilgen sózlerdiń tekstten sinonimlerin tabıń. *Hárbir ketekshege tek 1 sózden jazıń.*

**JUWAP:**

| 1) tásil | 2) taralǵı | 3) ápsana | 4) at sportı |
|---|---|---|---|
| | | | |

## II BASQÍSH (keńeytilgen juwaplı)

**14. (Tekstli talqı P (A3) – 13 ball)** Berilgen qatarlardı oqıń hám tapsırmalarǵa juwap jazıń.
1) Úzindidegi qara menen berilgen sóz qaysı súwretlew quralı?
2) Bul sóz arqalı ne ańlatılǵan?
3) Bul súwretlew quralınıń belgilerin jazıń.

**Awıl-aymaq, qansha qalalar,**
Baǵınǵandı bári barabar (J.I.).

**JUWAP:**

1)______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

2)______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

3)______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

**15. (Oqıp túsiniw P (A3) – 13 ball)** Berilgen tekstti oqıń. Sorawlarǵa juwap jazıń.

Jetiskenlik insannıń táǵdiri menen belgilenbeydi, ol anıq principler hám maqsetke talpınıw faktorlarına baylanıslı. Jasıńızdıń neshede ekenliginiń de áhmiyeti joq, házirgi materiallıq jaǵdayıńızdıń qanday ekenligi de hesh nárseni sheshpeydi. Eń baslısı, sizden talap etetuǵın nárse, sergeklik, talapshańlıq hám isenim.

Bilesiz, eń bálent shıńǵa da "nol"den baslap shıǵıladı. Adamlarǵa jetiskenliklerge birden eriskendey bolıp sezilgen menen, olardıń artında úlken miynet jatır. Dastin Hoffman házillesip: "Men bunday "tosınnan" belgili bolıwıma on jıllıq miynetim sińgen" degen edi.

"Makdonalds"tıń tiykarın salıwshılarınıń biri Rey Krok óz ómirbayanında "men shını menen bir kúni azanda bay bolıp oyandım, biraq otız jıllıq múddet júdá uzın tún" – dep jazadı.

1) Insan ómirinde materiallıq baylıq áhmiyetli me ya ruwxıy baylıq pa?
2) Jetiskenlikke erisiw ushın qansha múddet jeterli dep oylaysız?
3) "Tosınnan belgili bolıw", "uzın tún" sıyaqlı dizbekli sózler ne ushın tırnaqshaǵa alınǵan?

**JUWAP:**

1)

2)

3)

## I BASQÍSH (qısqa juwaplı)

**16. (Xalıq awızeki dóretpeleri B (A1) – 8 ball)** Qaysı dástannan alınǵan úzindi ekenligin anıqlań.

Zalımǵa bas iymespen,
Bolǵansha pidá súyegim,
Surtayshaday qalmaqtan,
Qaytpas meniń júregim,
Óytkeni meniń doslarım,
Keynimde bir tiregim,

1) “Alpamıs”; 2) “Qırq qız”; 3) “Edige”; 4) “Qoblan”; 5) “Bozuǵlan”. *Durıs juwaptı san menen beriń.*

**JUWAP:** ____________________________

**17. (Klassikalıq ádebiyat Q (J1) – 9 ball)** Berilgen úzindini oqıń. Bul ádebiyattaǵı qaysı mazmundaǵı shıǵarma esaplanadı? a) peyzajlıq; b) didaktikalıq; c) ashıqlıq; d) tariyxıy. *Durıs juwaptı hárip penen beriń.*

Rásuwlillah buraq munub,
Qabı káwseyn barǵan ekán.
Xuda birlán raz aytıshıb,
Haq diydarın kórgán ekán.

**JUWAP:** ___________________________________

**18. (Qaraqalpaq ádebiyatı Q (A1) – 9 ball)**. Bul shıǵarma hayal-qızlardıń bas erkinligine arnalǵan, erkinlikke umtılǵan qızdıń ómir jolı beriledi. Bul avtordıń eń dáslepki shıǵarması esaplanadı. Bul maǵlıwmat qaysı shıǵarma haqqında? Bul shıǵarmanıń janrlıq ózgesheligin talqılań. Juwaptı san hám háriplerde beriń.

1) “Baǵdagúl” shıǵarması;
2) “Tilek jolında” shıǵarması;
3) “Alpamıs” shıǵarması;
4) “Qırq qız” shıǵarması;
5) “Aysha” shıǵarması.

a) komediya; b) tragediya.

**JUWAP:**

| Shıǵarmanıń tártip nomeri | janrı |
|---|---|
| | |

**19. (Jáhán ádebiyatı Q (A1) – 9 ball).** “Shınjırlanıp bánt etilgen Prometey” shıǵarmasında Prometey adamlardı jaqsı kórgeni ushın kimniń qáhárine ushıraydı? *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

**JUWAP:** ___________________________________

**20. (Klassikalıq talqı Q (A1) – 9 ball).** Berilgen qatardaǵı ajıratıp kórsetilgen sózler qaysı súwretlew quralı esaplanadı? *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

Shiyrinnen sheker sózleri,
*Aydan arıw júzleri.*

**JUWAP:** ___________________________________

Bul “shaytan arbanıń” biziń elge kelip, turmısımızǵa enip atırǵan dáwiri. 10-klasta oqıyman. “Shaytan arba” aydap baratırǵanın kórsem, sol adamnıń qarası úzilgenshe awzım ashılıp, izinen telmirip qarap qalaman. Úyge keliwden ákeme:

– Qáne, aǵa, maǵan shaytan arba alıp bereseń be? Ya..? – dep doh urıp sóyleymen.
Aǵam bul sózden keyin betime tiklenip qarap turadı da:

– Aldı menen oqıwıńdı pitker, onda da ayrıqsha bahaǵa pitkerseń ǵana alıp beremen, – dep antımdı aladı.

Sóytip, ákem úydiń janındaǵı bir qıytaqqa biyday ekti, meni janına shaqırıp:

– Usı biyday ósip rawajlanıp, piskennen keyin onı qalaǵa satıp, ne ótken pulına saǵan "shaytan arba" alıp beremen, – dedi.

Bir kúni biydayımnıń basları sarǵayıp, pisiwge meyilleskenine "endi tez kúnde "shaytan arba"ǵa minetuǵın boldım" degen isenim menen úyge kiyatırsam, biziń klasta oqıytuǵın baslıqtıń balası "shaytan arba"sınıń aldına klasımızdıń bir qızın mingizip zırlap kiyatır... Sálemnen keyin ol:

– Háy, Jabbar jora, biydayıń qashan pisedi? Biydayıńa buyrıq ber, tezirek pissin, jarısayıq, kimniń "shaytan arba"sı zor eken, – dep qoydı.

...Men úndemedim, biraq, júdá arlandım... Úyge keliwim menen anama jarıldım... Anam:

Qulınım-aw, qáyteyin, ana tuwshanı satıp-aq alıp berer edim. Ol esigimizdegi bir mal ǵoy... Onnan da ayrılıp qalsaq... – dep úhlep qoydı...

Ákem:

– Balam, asıqpa! Az kún qaldı ǵoy. Tez kúnde biydayǵa oraq salamız, – dedi.

Sol kúni túni menen uyqılamadım... Basıma hár qıylı oylar keledi... Ol baslıqtıń balası, men qarapayım diyqannıń balasıman. Eginge qalay "tez pis!" dep buyrıq bere alaman. Ol buyrıqqa pise me? Túsiniksiz. Tek árman... sheshimi joq sawal!

... Anam menen ákem túnde gúbirlesip kóp sóylesti. Túni menen oylanıp jatıp, azanǵa jaqın uyqılap ketippen.

– Ájaǵa, shay isheseń be? Apam menen aǵam eshkini qalaǵa alıp ketti. Onı satıp, saǵan "shaytan arba" ákelip beredi, – dedi úkem.

Jaslıq-dá, bir jaǵınan quwandım, bir jaǵınan qattı qıynaldım. Ol eshki tuwayın dep júr edi. Ol tuwsa, anamnıń shayına sút bolatuǵın edi...

... "Shaytan arba" alıp kelindi. Biraq ol quwanıshlı bolmadı... Bul arba menen birge "Búgin urıs baslandı" degen suwıq xabar da keldi...

"Shaytan arba"nıń mayların da artıp úlgermedim... Shań tiymesin dep, aq tawarǵa orap, tóbege asıp qoydım da:

– Apa, men kelgenshe heshkim aydamasın, – dep anama qatań tapsırdım.

Meniń bul ótinishime anam birden kózine jas aldı da, "yaqshı balam" dep meni qushaqlap, súyip:

– Aman kelgeyseń, qulınım, – dep xoshlastı...

Urıs maydanı... Suw ornına qan aqqan ayqas... Birden ayaǵımnıń astınan bomba jarıldı... Tús kórgendeymen. "Shaytan arba"mdı birew aydap baratır.

– Apa...a..! Meniń arbam ǵoy. Basqaǵa berme dep edim ǵoy?! Nege berdiń?! – dep baqıraman.

Medbrat jigit meni qushaqlap tınıshlandırıp atır... Gospitalda ekenmen, – dep, Jabbar oń ayaǵın shalbarınıń balaǵın túrip jiberip kórsetti de, sózin tawıstı... Aǵash ayaq eken...

"Shaytan arba" aydaw ele árma-a-an... – dep, qaptalındaǵı kópshikke basın qoydı Jabbar...

***G.Esemuratova***

**21. (Shıǵarma talqısı B (J1) – 8 ball)** Berilgen shıǵarma kórkem metod jaǵınan qaysı túrge kiredi? a) romantizm; b) realizm. *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

**JUWAP:** ________________________

**22. (Obrazlarǵa sıpatlama Q (J1) – 9 ball)** Berilgen úzindi arqalı usı qaharmanda qanday unamsız illet bar ekenligin jazıń. a) maqtanshaqlıq; b) qızǵanshaqlıq; c) uyalshaqlıq; d) menmenlik; e) umıtshaqlıq; g) múlayımlılıq. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

– Háy, Jabbar jora, biydayıń qashan pisedi? Biydayıń buyrıq ber, tezirek pissin, jarısayıq, kimniń "shaytan arba"sı zor eken, – dep qoydı.

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

**23. (Tekst xronologiyası Q (J1) – 9 ball)** Berilgen pikirlerdi shıǵarma waqıyası boyınsha izbe-izlikke qoyıń.

1) Tús kórgendey bolıp urıs ta ótip ketti.
2) Ákesi eshkini bazarda satadı.
3) Ákesi biyday egedi.
4) Urıs baslanǵanı haqqında xabar keledi.

**JUWAP:** ________________________

**24. (Maǵlıwmatlar talqısı P (J1) – 14 ball)** Tekst boyınsha berilgen juwaplardıń durıs hám nadurıslıǵın anıqlań. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

a) Shıǵarmada 10-klass oqıwshısı urıs maydanına atlanadı.
b) Áke balasına shaytan arba áperiw ushın tınımsız jumıs isledi.
d) Baslıqtıń balası Jabbar menen házilleskendi jaqsı kóretuǵın edi.
e) Jabbar hesh óziniń shaytan arba alıwı haqqında aytpas edi.
f) Jabbar biydaydı satıp shaytan arba ápergende ushıp-ushıp quwandı.
g) Jabbar shaytan arbanı ómirlikke ayday almaytuǵınına kózi jetti.

**JUWAP:**

| Durıs | Nadurıs |
|---|---|
| | |

## II BASQÍSH (keńeytilgen juwaplı)

**25. (Shıǵarmanı talqılaw (keńeytilgen juwaplı) P (A3) – 16 ball)**
A.S.Pushkinniń "Baxshasaray fontanı" shıǵarması boyınsha pikirleń.




**JUWAP:**

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

## III VARIANT

## I BASQÍSH (qısqa juwaplı)

**1. (Imla B (J1) – 4 ball)** Gáptegi san menen berilgen sózlerden imlalıq jaqtan NADURÍS jazılǵan sózlerdi anıqlań. *Juwaptı belgilengen sanları arqalı beriń.*

1) dasturqan; 2) dabdebeli; 3) dámegóy; 4) dastan; 5) dekaraciya; 6) dengene; 7) dieta; 8) dispanser; 9) donor; 10) dúwshaker.

**JUWAP:** ________________________

**2. (Fonetika Q (J1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi túsirilip qaldırılǵan seske sıpatlama beriń. *Juwaptı san formasında beriń.*

Kúshli xarakter ushın áhmiyetli n...rse maqsettiń anıqlıǵı.

1) juwan; 2) jińishke; 3) ashıq; 4) qısıq; 5) erinlik; 6) eziwlik

**JUWAP:** ________________________

**3. (Seslik qubılıslar Q (A1) – 6 ball)** Berilgen gápte qaysı seslik qubılıslar bar? a) proteza; b) eliziya; c) metateza; d) epenteza; f) epiteza; g) proteza. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

Nerv sistemasınıń funkcionallıq-ruwxıy qásiyetlerinen hám ómir tájiriybemnen kelip shıqqan halda, tómendegi jaǵdaylardı túsindim.

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

**4. (Punktuaciya Q (J1) – 6 ball)** Berilgen gápte qaysı irkilis belgileri izbe-iz qoyılıwı kerekligin anıqlań. *Ketekshelerge anıqlaǵan irkilis belgilerińizdi qoyıń.*

Haw, Jiyenbay Qanday sulıwlanıp ózgergenseń boyıń da biyik

**JUWAP:**

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | |

**5. (Morfologiyalıq stilistika Q (A1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi janapaydıń ornına sinonim janapay qoyıń hám ekinshi gápte qaysı almasıq túri túsirilgenligin anıqlań. *Juwaptı eki sóz benen beriń.*

Sana tek insanlarǵa tán bolıp, haqıyqatlıqtıń (barlıqtıń) adam miyinde arnawlı sáwleleniwi esaplanadı

**JUWAP:**

| Sinonim janapay | Almasıq túri |
|---|---|
| | |

**6. (Leksikalıq stilistika Q (J1) – 6 ball)** Berilgen mısallardı tiyisli birlikler menen sáykeslendiriń. *Juwapqa tiyisli háriplerdi jazıń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Salma – salma | A) sinonim |
| 2 | Alǵıs – ǵarǵıs | B) omonim |
| 3 | Qonaq – miyman | C) antonim |
| 4 | Pútin – sherek | |
| 5 | Jaz – jaz | |
| 6 | Alıs – uzaq | |

**JUWAP:**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

**7. (Fonetikalıq tallaw B (A1) – 4 ball)** Berilgen gápte neshe qamaw buwın qatnasqan? *Durıs juwaptı san menen beriń.*

Kúshli xarakter ushın áhmiyetli nárse maqsettiń anıqlıǵı.

**JUWAP:** ______________________

**8. (Leksikalıq tallaw Q (A1) – 6 ball)** Súwretlew quralların – metonimiyaǵa mısal bola alatuǵın juwaplardı anıqlań. *Durıs juwaptı san menen beriń.*

1) I.Yusupovta toqtatıń.
2) Dúnyanıń órisi qayda?
3) Sahra búlbúli keldi.
4) Awıl baǵındı.
5) Et etke.
6) Ómir mashinası zırlaydı.
7) Aynaday taza.
8) Ájiniyazdı oqıdım.
9) Ernazar - arıslan.

**JUWAP:**

______________________________

**9. (Morfemalıq tallaw Q (J1) – 6 ball) (Morfologiya Q – 8 ball)** Berilgen gáplerde almasıqtıń qaysı túri qollanılǵanlıǵın durıs sáykeslendiriń. *Durıs juwaptı sanlar menen beriń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | – Háy qoy, kel, mına jılandı quwıp salayıq. | a) betlik almasıǵı |
| 2 | Jılan hámmemiz ushın qáwipli | b) siltew almasıǵı |
| 3 | – Biz qolımızdan kelgenin qıldıq. | c) jámlew almasıǵı |
| 4 | Tıshqan endi ózi ógizdiń aldına bardı. | d) özlik almasıǵı |
| 5 | – Mashqalanıń maǵan baylanısı joq. | |
| 6 | “Mashqala meniki” dep bas qatırıp júrgen tıshqan elege shekem tiri... | |
| 7 | Kúnlerdiń birinde jılan sol jerde júrgen úy iyesiniń hayalın shaǵıp aldı. | |
| 8 | Bárshe jaqınlar kelip atır. | |

**JUWAP:**

| a | b | c | d |
|---|---|---|---|
| | | | |

**10. (Sintaksislik tallaw Q (A1) – 6 ball)** San menen (1, 2, 3, 4) berilgen gápler gáp aǵzalarınıń tolıq qatnasıw hám qatnaspawına qaray gáptiń qaysı túrine kiretuǵınlıǵın anıqlań.
*Durıs juwaptı sanlar menen beriń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | – Háy qoy, kel, mına jılandı quwıp salayıq. | a) tolıq gáp<br>b) tolıq emes gáp |
| 2 | – Háy ógiz, usı mashqalanı birge shesheyik. | |
| 3 | Xojeyin hayalın emlewxanaǵa alıp ketti. | |
| 4 | Endi bir qalıs sadaqa qılayın | |

**JUWAP:**

| a | b |
|---|---|
| | |

Miyde seziwden túsinik, al onnan oylaw kelip shıǵadı. Nátiyjede bizdi qorshaǵan dúnya tuwralı túsinik payda boladı. Negizinde ańlaw, túsiniw baxıttıń gilti esaplanadı. Túsinik ekinshi adamǵa tiykarınan sóz arqalı jetkerip beriledi. Sonlıqtan da barlıq sózler túsiniklerdiń jıyındısı esaplanadı. Sóz pikirlew quralı, oylaw bolmasa sóz, til bolıwı múmkin emes. Óz pikirimizdi hám is-háreketimizdi ańlawımız, yaǵnıy aqılıy hám fizikalıq iskerligimizden xabardarlıǵımız sana esaplanadı. Sana tek insanlarǵa tán bolıp, haqıyqatlıqtıń (barlıqtıń) adam miyinde arnawlı sáwleleniwi esaplanadı, ol sóz járdeminde matimatikalıq belgiler hám kórkem óner dóretpeleri arqalı basqa adamlarǵa uzatıladı, hátteki, mádeniy estelikler járdeminde áwladtan-áwladqa ótedi.

Minez ayırmashılıqları haqqında sóz etetuǵın bolsaq, ol tek nerv sistemasınıń tipine emes, al tiykarınan turmıs sharayatlarına, miynettiń ózine tán ayırmashılıqlarına, adamnıń tárbiyasına baylanıslı boladı. Adamnıń tutqan baǵdarı: talapları, motivleri menen qızıǵıwları, ideyaları minezdiń mazmunın payda etedi. Adam xarakteriniń ózine tánligin payda etetuǵın taǵı bir tárepi intellektual (aqıl) ayırmashılıqları esaplanadı. Kúshli xarakter ushın áhmiyetli nárse maqsettiń anıqlıǵı. Maqsetti túsinbey turıp, adam óz aldına belgili bir jumıs islewdi qoyıwı múmkin emes. Baqlaw, sharayatqa, jaǵdayǵa qarap is kóre biliwshilik, aldın ala boljap bile alıw, minezde turaqlılıq, batırlıq, sabır, parasat sıyaqlı belgilerdiń payda bolıwına járdem etedi. Bekkem xarakterdegi adamlar kóbinese aqıl tárepinen de jetik boladı.

Nerv sistemasınıń funkcionallıq qásiyetlerinen hám ómir tájiriybemnen kelip shıqqan halda, tómendegi jaǵdaylardı túsinip jetip, kúndelikli turmısta ámel etip jasaw sapalı hám mazmunlı ómir keshiriw ushın úlken áhmiyetke iye dep esaplayman.

- Adam ómirden túńilip jasamawı kerek;
- Psixologiyalıq hám fizikalıq jaqtan shınıǵıwı kerek;
- Hárqanday kesellikten awlaq bolıwı kerek.

***B.Nuraliev***

**11. (Tekstti túsiniw B (J1) – 4 ball)** Berilgen sózlerdiń qaysıları adamdaǵı minezdiń qáliplesiwinde kerekli emes? a) nerv sisteması; b) sharayatı; d) túsinigi; e) sanası; f) tárbiyası; g) qızıǵıwshılıǵı. *Durıs juwaptı háripler arqalı beriń.*

**JUWAP:** ________________________

**12. (Tekstti túsiniw Q (A1) – 6 ball)** Berilgen abzactı tekst boyınsha salıstırıń. Gáptegi qaysı sóz maǵlıwmatlıq jaqtan nadurıs qollanılǵanlıǵın anıqlań. *Juwaptı bir sóz formasında jazıń.*

Sóz ózinde adamnıń ne túsingenligin sáwlelendiredi. Barlıq sózler túsiniklerdiń jıyındısı esaplanadı. Oylaw hám pikirlewdiń deregi – sóz. Barlıq háreketlerimizdiń xabarı oylawdı qáliplestiredi.

**JUWAP:** ________________________

**13. (Tekstti túsiniw P (J1) – 8 ball)** Tekst boyınsha berilgen maǵlıwmatlardıń qaysıları nadurıs maǵlıwmat esaplanadı? *Juwaptı sanlar formasında beriń.*

1) Adamda túsinikten burın seziw payda boladı. 2) Oylaw arqalı adam túsinigi jetkerilip beriledi. 3) Sana barlıq janlı jaratılıslarda bolıp, jasaw tárizimizdi belgilep beredi. 4) Ne islep atırǵanımızdı bilip otırıwımız sanalılıǵımızdıń belgisi.

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

## II BASQÍSH (keńeytilgen juwaplı)

**14. (Tekstli talqı P (A3) – 13 ball)** Berilgen qatarlardı oqıń hám tapsırmalarǵa juwap jazıń.

1) Úzindidegi qara menen berilgen sóz qaysı súwretlew quralı?
2) Bul sózler arqalı ne ańlatılǵan?
3) Bul súwretlew quralınıń belgilerin jazıń.

**Liram – bedew.** Ol qara ter!
**Men – adasqan ańshıman.**
Bir kún sheriń ada eter:
**Tasqa túsken tamshıman** (J.I.).

**JUWAP:**

1)____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

2)____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

3)____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

**15. (Oqıp túsiniw P (A3) – 13 ball)** Berilgen tekstti oqıń. Sorawlarǵa juwap jazıń.

Insannıń kózqarasları átirapındaǵı waqıyalarǵa baylanıslı ózgerip tura ma? Biz hár kúni telekórsetiwlerden qaysı kórsetiwdi yamasa kinonı kórgimiz keledi? Bul sorawlarǵa juwaplardıń kópshiligi, álbette, seriallardı ayrıqsha kórsetetuǵını anıq. Sebebi, waqıt ótpey atırsa, "Házir saǵan serial qoyıp beremen" degendi, bir-biri menen ushırasıp qalsa: "Keshegi serialdıń izi ne boldı? Keshe kóre almay qaldım. Tákirarlap bermey me eken?" degen gáplerdi tez-tez esitetuǵın bolıp qaldıq.

Seriallar kúndelikli turmısımızdıń ajıralmas bólegine aylanıp, evropa, túrk, hind, koreys kinoları turmısımızǵa áste-aqırın sińip baratırǵanlıǵın biykarlay almaymız.

1) Insannıń oy-órisiniń keńeyiwinde kinonıń áhmiyeti qanday?
2) Qanday kino yamasa seriallardı kórgen maqul?
3) Sanı sheksiz seriallardaǵı waqıyalardıń insanǵa, biziń jaslarımızǵa, tálim-tárbiyamızǵa paydası bar ma?

**JUWAP:**

1)

2)

3)

## III VARIANT

## I BASQÍSH (qısqa juwaplı)

**16. (Xalıq awızeki dóretpeleri B (A1) – 8 ball)** Qaysı dástannan alınǵan úzindi ekenligin anıqlań.

Jáne qaytıp ótkende,
Jábirayılmeken dep edim,
Úydi sabap baqırdı,
«Xabarlasqanday kim bar?» dep,
Jabıqtı túrip qaradı,
Isratımnıń awızı,
Ashıldımeken dep edim,
Kózim tústi bir zatqa,
Otlı gúrsi lalazar,
Jandımeken dep edim

1) “Alpamıs”; 2) “Qırq qız”; 3) “Edige”; 4) “Qoblan”; 5) “Bozuǵlan”. *Durıs juwaptı san menen beriń.*

**JUWAP:** ________________________

**17. (Klassikalıq ádebiyat Q (J1) – 9 ball)** Berilgen maǵlıwmat qaysı klassik shayırımız haqqında berilgen? a) Kúnxoja; b) Ájiniyaz; c) Berdaq; d) Ótesh; e) Omar; g) Sarıbay; f) Ayapbergen. *Durıs juwaptı hárip penen beriń.*

Shayır miynetkesh xalıq tárepinde turıp, olardıń jırın jırlap, muńın muńlawshı boldı, sebebi shayırdıń ómiri de qıyın turmısta ótedi. Sonlıqtan da «Bolǵan emes» qosıǵında shayır óz ómiriniń ayanıshlı awhalın kúshli metaforalıq obrazlar menen súwretlep beredi. Qosıqta shayır tek ózi tuwralı ǵana emes, ulıwma jarlı miynetkesh xalqı tuwralı aytadı. Shayır qosıqta metaforalıq súwretlewler arqalı eziwshiler ústem bolǵan zamanda óziniń azat, baxıtlı turmısta erkin jasay almaǵanlıǵın, óz talantın erkin rawajlandıra almay, «tastay túnekte jabıqqanlıǵın» aytadı.

**JUWAP:** ______________________________

**18. (Qaraqalpaq ádebiyatı Q (A1) – 9 ball)**. Shıǵarmada Gúlzar obrazı usınday turmıs qıyınshılıqlarında shıńlanıp pisken, pák húجdanlı, perzentlik parızǵa, doslıqqa, muhabbatqa sadıq, mehriban, adamgershilikli adam sıpatında jasalınǵan. Ol ata-anasınan ayırılıp, jetim qalıp, balalar úyinde tárbiyalanǵan, úlkeyip, kamalatqa kelip, ómirden óz ornın tawıp ketse de, Gúlzar Qaraqalpaqova degen at penen balalar úyine tapsırıp ketken qaraqalpaq jigitin hesh yadınan shıǵarmaydı, oǵan bárhama minnetdar bolıp júredi. Onı tawıp alıp, raxmet aytqısı keledi. Bul qaysı shıǵarma haqqında? Shıǵarmada sóz etilgen dáwirdi talqılań. *Durıs juwaptı san hám háripler menen beriń.*

1) “Qaraqalpaq qızı” romanı;
2) “Uyqısız túnler” povesti;
3) “Suwıq tamshı” povesti;
4) “Awır sınaqlar” povesti;
5) “Tanıslar” romanı.

a) urıs dáwiri; b) repressiya dáwiri; c) kollektivlestiriw dáwiri.

**JUWAP:**

| Shıǵarmanıń tártip nomeri | dáwiri |
| --- | --- |
| | |

**19. (Jáhán ádebiyatı Q (A1) – 9 ball).** "Jabayı jorǵa" shıǵarmasında qaysı qaharman jabayı mustangtı qolǵa kirgiziwge barınsha háreket etedi? *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

**JUWAP:** ________________________________

**20. (Klassikalıq talqı Q (A1) – 9 ball).** Berilgen qatardaǵı súwretlew quralın anıqlań. *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

Sákkizni alar, toqqıznı alar,
Hújim etse, hókkizni alar. **JUWAP:** ________________________________

Haqıyqatın aytıwımız kerek, qálemlerimiz de ózlerimizge uqsap, jaqsını jazıw dese jorǵalap shıǵa keledi. Al jurnalist uqsap basımızǵa arasında sın pikir keleǵoysa, qurǵır qálem bir jazǵanın eki jazıp, keynine qaraǵıshlap, sızǵısı kele beretuǵının, shúdigarda baratırǵanday halqılap zorǵa qozǵalatuǵının ózimizden basqa heshkimnen kóre almaymız…

Esheyinde qılmaytuǵın ádetimdi islep, búgin qálemime oylastım.

– Qudayǵa shúkir, zor jańalanıwlar bolıp, xalıq ushın kóp nárseler islenip atır, – dedi ol qádimgi sıpayılıǵın buzǵısı kelmey.

– Qudayǵa shúkir, – dedim men de, jańalıqlardıń úlken-kishisiniń bári jurnalistlerdiń qálemine ilinbey qalıp atırǵan joq. Lekin…

– Sonda ne deyjaqsań? – dedi qálemimniń óńi birden aǵarıp. – Sezip turma-a-n. Tap búgin meni qıynama.

– Yaqshı, biraq aytıp qoyayın, «eshektiń júgi jeńil bolsa, jataǵan keledi». Burın edi, sıńǵa talap joq, ekewimiz de jaman atlı bola bermeyik, dep saǵan kúsh sala bermeytuǵınım, endi olay emes, keshe Azatbek Nazarbekov degen ministrdiń: «Húrmetli jurnalistler, blogerler! Tarawdıń qáte-kemshiliklerin dúzep alıwǵa sizlerdiń járdemińiz kerek. Bir wálayatqa barıp jumısları menen tanısaman desem, qashshan qayaqtandur xabar tawıp qaǵazların taqlastırıp tuwrılap qoyadı. Men bir adamman. Bereket tabıń, sizler orınlarda ózlerińiz kórip, gúwası bolıp júrgen mashqalalardı járiyalap turıń. Bizler qáte-kemshiliklerimizdi dúzetip bara bereyik» degen mazmundaǵı pikirleri internette járiyalanıptı.

– Qoyaǵoysh! Qálemime Tashkenttegi Azatbek Nazarbekovtı aytıp mısal keltirgenim jaqpadı.

– «Qaraqalpaqstan jasları» gazetası da: – gazetamızdı mazmunı jaǵınan túp-tiykarınan jańalaymız, oqıwshılarımızdı tartatuǵın qızıqlı maqalalar járiyalap, gazeta oqıwǵa májbúr qılamız, – demekte. Sebebi, «gazetańız qızıq bolmay qaldı» dep jazılıw azayıp baratır. Ayırımlardıń kewline qaraymız dep gazeta jabılıp qalatuǵın awhalǵa kiyatır. Jumıssız qalatuǵın túrimiz bar. Kelesi jılı gazetamızdıń shólkemlestirilgenine 90 jıl toladı. Eger gazeta jumısın toqtatsa, házir usı redakciyada islep atırǵan bizler kelesi áwladlar aldında ayıpker bolamız» dep internette talqılawlar bolıptı.

– Way-oy, gápti bunsha shubaltpasań. Bunday urra-urralar burınları da tájiriybede bar. Dáslep law-law etip baslanıp, sońınan negedur «jónge» túsip ketedi.

– Onda bárha kúyip-pisip ayta beretuǵın máselelerińdi kótersek. Maǵan salsań, jámiyette «xojam kórsin»ge islenetuǵın barlıq máseleler tuwralı jazayıq.

– Mısalı?

– Mısalı, úyme-úy kirip mashqalaların úyrenip atırmız dep waz oqıy beretuǵınlardı úyde otırıp kóshege kelgenin bir kórmedim deyseń ǵoy. Solardıń ótirigin shıǵarayıq.

– Haw, kelip atır ǵoy. Mákankomdaǵılar aralaydı. Deputatlar, sektor basshıların kórmegenimiz benen, olardıń xalıq arasında ótkergen sorawnamaların hámshira biysharalar ıssını ıssı, suwıqtı suwıq demey toltırdı. Ózleriniń jumıslarınan beter talap kúshli bolǵanına qarap, júdá áhmiyetli adamlardıń jumısları pitkenin kórip otırdıq. «Bizlerge tapsırıp edi» dep, ekonomika bóliminenbiz degenler mashqalamızdı sheshpegen menen kewillerimizdi alıp jazıp alıp ketti…

– Sen de aynımalı ekenseń-aw. Qáne deputatlar, qáne sektor aǵzaları dep kelgenlerdi sorawǵa tutatuǵın ediń ǵoy. Endi óziń bárin jayǵastırıp atırsań. «Saǵan aytıp otırǵan meniń esim joq» degendey, qálemim betime tigilip qaldı.

***P.Xojamuratova***

**21. (Shıǵarma talqısı B (J1) – 8 ball)** Berilgen shıǵarma kórkem janrlıq jaǵınan qaysı túrge kiredi? a) fantastikalıq gúrriń; b) publicistika; c) ápsana; d) ańız; e) ertek. *Juwap bir sóz benen jazıń.*

**JUWAP:** ____________________

**22. (Obrazlarǵa sıpatlama Q (J1) – 9 ball)** Berilgen úzindini oqıń. Usı qaharmannıń bul gápti aytıwına qaysı qásiyeti sebep boldı? a) maqtanshaqlıǵı; b) qızǵanshaqlıǵı; c) eki júzliligi; d) menmenligi; e) ótirikshiligi; g) nemquraydılıǵı; *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

– Haw, kelip atır ǵoy. Mákankomdaǵılar aralaydı. Deputatlar, sektor basshıların kórmegenimiz benen, olardıń xalıq arasında ótkergen sorawnamaların hámshira biysharalar ıssını ıssı, suwıqtı suwıq demey toltırdı. Ózleriniń jumıslarınan beter talap kúshli bolǵanına qarap, júdá áhmiyetli adamlardıń jumısları pitkenin kórip otırdıq. «Bizlerge tapsırıp edi» dep, ekonomika bóliminenbiz degenler mashqalamızdı sheshpegen menen kewillerimizdi alıp jazıp alıp ketti…

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

**23. (Tekst xronologiyası Q (J1) – 9 ball)** Berilgen pikirlerdi shıǵarma waqıyası boyınsha izbe-izlikke qoyıń.

1) Avtor turmısımızdaǵı jańa ózgerislerdi jazǵısı keldi.
2) Májbúriy miynet haqqında túsindirdi.
3) Avtor sın pikirdi jazıwdan seskeniwin ayttı.
4) Gazetalardıń házirgi krizislik jaǵdayı aytıldı.

**JUWAP:** ____________________

**24. (Maǵlıwmatlar talqısı P (J1) – 14 ball)** Tekst boyınsha berilgen juwaplardıń durıs hám nadurıslıǵın anıqlań. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

a) Shıǵarmada qálem jurnalisttiń ishindegi gápi wazıypasın atqarǵan.
b) Jurnalist hárqanday maǵlıwmattı qorqpastan bere aladı.
d) Qálem jurnalistti sın pikirlerin qaǵazǵa túsiriwge iytermeleydi.
e) Teksttegi maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, gazetalardıń házirgi awhalı jaqsı emes.
f) Avtor internet materialları tiykarında maqala tayarlawdı qáledi.
g) Avtor menen qálemniń oy-pikiri bir jerden shıqtı.

**JUWAP:**

| Durıs | Nadurıs |
|---|---|
| | |

## II BASQÍSH (keńeytilgen juwaplı)

**25. (Shıǵarmanı talqılaw (keńeytilgen juwaplı) P (A3) – 16 ball)**
Sh.Rustavelidiń «Jolbarıs terisin jamılǵan palwan» shıǵarması boyınsha pikirleń.




**JUWAP:**

## IV VARIANT

## I BASQÍSH (qısqa juwaplı)

**1. (Imla B (J1) – 4 ball)** Gáptegi san menen berilgen sózlerden imlalıq jaqtan NADURÍS jazılǵan sózlerdi anıqlań. *Juwaptı belgilengen sanları arqalı beriń.*

1) ebindey; 2) egoist; 3) ekshenbi; 4) eleberin; 5) enapattay; 6) enteriliw; 7) epigramma; 8) erbenlew; 9) erksiz; 10) esenkirew.

**JUWAP:** ________________________

**2. (Fonetika Q (J1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi túsirilip qaldırılǵan seske sıpatlama beriń. *Juwaptı san formasında beriń.*

Házirgi waqıtta joqarı ...qıw orınları rawajlanıwınıń jańa basqıshına kóterilmekte.

1) juwan; 2) jińishke; 3) ashıq; 4) qısıq; 5) erinlik; 6) eziwlik

**JUWAP:** ________________________

**3. (Seslik qubılıslar Q (A1) – 6 ball)** Berilgen gápte qaysı seslik qubılıslar bar? a) proteza; b) eliziya; c) metateza; d) epenteza; f) epiteza; g) proteza. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

1970-jılı AQShtıń Kaliforniya shtatında eń dáslepki megauniversitet birneshe ret joqarı oqıw orınlarınıń birigiwi nátiyjesinde ashılǵan.

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

**4. (Punktuaciya Q (J1) – 6 ball)** Berilgen gápte qaysı irkilis belgileri izbe-iz qoyılıwı kerekligin anıqlań. *Ketekshelerge anıqlaǵan irkilis belgilerińizdi qoyıń.*

Qan tókpey jeńis joq eger Qudaybergen hákim Shomanaydı satpaqshı bolsa er júrekli qaraqalpaqlar shıǵıńlar búgin maydanǵa

**JUWAP:**

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | |

**5. (Morfologiyalıq stilistika Q (A1) – 6 ball)** Teksttegi (...........) qawıs ornına mazmunına bola qaysı sepliklerdi birdey qoyıwǵa bolatuǵınlıǵın jazıń. *Durıs juwaptı 2 sóz benen jazıń.*

| | | |
|---|---|---|
| Juwmaǵında, shege áhmiyetli wazıypanı atqarıp júrgenligi(............) túsinip, ornında qalıwǵa qarar etipti. | A | tabıs, barıs |
| | B | orın, shıǵıs |
| | C | tabıs, shıǵıs |
| | D | iyelik, tabıs |

**JUWAP:**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | | 2 | |

**6. (Leksikalıq stilistika Q (J1) – 6 ball)** Berilgen mısallardı tiyisli birlikler menen sáykeslendiriń. *Juwapqa tiyisli háriplerdi jazıń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Abaylaw – qásterlew | A) sinonim |
| 2 | Alǵıs – ǵarǵıs | B) omonim |
| 3 | Birge – birge | C) antonim |
| 4 | Pútin – sherek | |
| 5 | Jaz – jaz | |
| 6 | Alıs – uzaq | |

**JUWAP:**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

**7. (Fonetikalıq tallaw B (A1) – 4 ball)** Berilgen gápte neshe bir dawıslıdan ibarat ashıq buwın qatnasqan? *Durıs juwaptı san menen beriń.*

Oqıw procesiniń iykemliligi, studentlerdiń bilimin bahalawdıń obyektivligi kórsetiledi.

**JUWAP:** ____________________________

**8. (Leksikalıq tallaw Q (A1) – 6 ball)** Súwretlew quralların – sinekdoxaǵa mısal bola alatuǵın juwaplardı anıqlań. *Durıs juwaptı san menen beriń.*

1) I.Yusupovta toqtatıń.
2) Tırnaqqa zar.
3) Sahra búlbúli keldi.
4) Awıl baǵındı.
5) Et etke.
6) Ómir mashinası zırlaydı.
7) Qara kózler bayqar.
8) Ájiniyazdı oqıdım.
9) Ernazar - arıslan.

**JUWAP:** ______________________________

**9. (Morfemalıq tallaw Q (J1) – 6 ball)** Berilgen gáplerde ráwishtiń qaysı túri qollanılǵanlıǵın  durıs sáykeslendiriń. *Durıs juwaptı sanlar menen beriń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Ol ornınan qoparılıp, kemeni tárk etiwge qarar etipti. | a) waqıt ráwishi<br>b) orın ráwishi<br>c) sın ráwishi<br>d) muǵdar-dáreje ráwishi |
| 2 | Keyin kemeniń úlken bólekleri másláhátlesip, eń dáslepki shikayat etken shegege xat jollaptı. | |
| 3 | Onıń halatınan basqa shegeler de ábden tásirlenipti. | |
| 4 | Shege ornında qalıwǵa qarar etipti. | |
| 5 | Kóp ótpey, barlıq shegeler "zeriktik, ishimiz pisti" dew ge túsipti. | |
| 6 | Deneńizge qarap heshqashan wazıypańızdı kishi dep oylamań | |

**JUWAP:**

| a | b | c | d |
|---|---|---|---|
| | | | |

**10. (Sintaksislik tallaw Q (A1) – 6 ball)** San menen (1, 2, 3, 4) berilgen sózler qaysı aǵza xızmetinde kelgenligin anıqlań. *Durıs juwaptı sanlar menen beriń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Teńizde júzip baratırǵan kemedegi kishkene shegelerdiń biri **1) ózin kereksiz hám áhmiyetsiz dep oylap** qıynala baslaptı. | a) bayanlawısh<br>b) anıqlawısh<br>c) pısıqlawısh |
| 2 | **2) Bunıń aqıbetin ańlay alǵan** qabırǵalar: "– Iltimas, bunday islemeń. Deneńizge qarap heshqashan wazıypańızdı kishi dep oylamań"depti. | |
| 3 | Keyin kemeniń úlken bólekleri másláhátlesip**, 3) eń dáslepki shikayat etken** shegege xat jollaptı. | |
| 4 | Ornında qalıwǵa **4) qarar etipti.** | |

**JUWAP:**

| a | b | c |
|---|---|---|
| | | |

Házirgi waqıtta joqarı oqıw orınları rawajlanıwınıń jańa basqıshına kóterilmekte. Bilim alıp atırǵan studentleriniń sanı 100.000nan kóp bolǵan joqarı oqıw orınları "Megauniversitetler" dep ataladı. 1970-jılı AQShtıń Kaliforniya shtatında eń dáslepki megauniversitet birneshe joqarı oqıw orınlarınıń birigiwi nátiyjesinde ashılǵan. "Megauniversitet" terminin birinshi ret Kaliforniya universitetiniń prezidenti Berlli Keer qollanǵan. Házirgi waqıtta dúnya júzinde bunday megauniversitetlerdiń sanı – on segiz. Megauniversitetlerdiń tiykarǵı jetiskenligi sıpatında informaciyalıq kommunikaciyalıq texnologiyalar tiykarında aralıqtan bilim beriwi, oqıtıwdıń texnologiyalastırılıwı, járiyalılıq, qálegen jastaǵı qálewshilerge bilim alıw múmkinshiliginiń jaratılǵanlıǵı, bilim beriw sanasınıń joqarılıǵı, oqıw processiniń iykemliligi, studentlerdiń bilimin bahalawdıń obyektivligi kórsetiledi.

Studentleriniń sanı boyınsha dúnya júzinde birinshi orında turatuǵın megauniversitet – Qıtay mámleketindegi Shanxay teleuniversiteti (CTVU) esaplanadı. Bul universitette házirgi waqıtta 1.840.000 nan aslam studentler bilim alıp atır. Ekinshi orında Índiya mámleketiniń Deli qalasındaǵı Indra Gandi atındaǵı milliy universiteti turadı. Bul universitette oqıytuǵın studentlerdiń sanı 1.300.000 nan aslam.

Usınday megauniversitetlerdiń jáne biri, Turkiyadaǵı Anadolı universiteti esaplanadı. Bul mámleketlik universitet. 1958-jılı Turkiyanıń "Eski sháhár" qalasında "Ekonomika hám kommerciyalıq bilimler Akademiyası" bolıp ashılǵan. 1982-jılı "Eski sháhár"degi "Ekonomika hám kommerciyalıq bilimler Akademiyası", "Arxitektura hám qurılıs" institutı, Pedagogikalıq institut hám Medicinalıq institutlardı bir oqıw orayına birlestiriw nátiyjesinde Anadolı universiteti shólkemlestirilgen. Bul universitet házirgi waqıtta studentleriniń sanı boyınsha dúnya júzinde tórtinshi orında, Turkiyada birinshi orında turadı.

**11. (Tekstti túsiniw B (J1) – 4 ball)** Berilgen talaplardıń qaysı biri megauniversitetler ushın tiyisli emes? a) bahalawdıń anıqlıǵı; b) dástúriy tálimniń ústinligi; d) sırlı-anıqsızlıq; e) texno-tálim; f) oqıw qolaylılıǵı; g) jas sheklenbewi. *Durıs juwaptı háripler arqalı beriń.*

**JUWAP:** ____________________________

**12. (Tekstti túsiniw Q (A1) – 6 ball)** Berilgen abzactı tekst boyınsha salıstırıń. Gáptegi qaysı sóz maǵlıwmatlıq jaqtan nadurıs qollanılǵanlıǵın anıqlań. *Juwaptı bir sóz formasında jazıń.*

Házirgi waqıtta joqarı oqıw orınları rawajlanıwınıń jańa basqıshına kóterilmekte. Megauniversitetlerde 100.000nan kóp student oqıwı kerek. Megauniversitetlerdi jaratıw baslaması Qıtayda payda bolǵan. Berlli Keer termindi birinshi ret qollanǵan. Házirgi waqıtta 18 megauniversitet bar.

**JUWAP:** __________________________

**13. (Tekstti túsiniw P (J1) – 8 ball)** Tekst boyınsha berilgen maǵlıwmatlardıń qaysıları durıs maǵlıwmat esaplanadı? *Juwaptı sanlar formasında beriń.*

1) Shanxay teleuniversitetiniń iyelegen aymaǵı eń úlken aymaq esaplanadı. 2) Shanxay teleuniversitetinde 2 millionǵa shamalas student tálim aladı. 3) Índiya mámleketindegi eń úlken megauniversitet belgili tulǵa atına qoyıǵan. 4) Anadolı universiteti Turkiyadaǵı tórtinshi orında turwıshı universitet.

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

## II BASQÍSH (keńeytilgen juwaplı)

**14. (Tekstli talqı P (A3) – 13 ball)** Qatarlardı oqıń hám tapsırmalarǵa juwap jazıń.

1) Úzindidegi qara menen berilgen sóz qaysı súwretlew quralı?
2) Bul sóz arqalı ne ańlatılǵan?
3) Bul súwretlew quralınıń belgilerin jazıń.

Kóp ótpey teris áywandaǵı tósek jıyılıp, ornına **dasturqan** jayıldı (K.K.).

**JUWAP:**

1)______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

2)______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

3)______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

**15. (Oqıp túsiniw P (A3) – 13 ball)** Berilgen tekstti oqıń. Sorawlarǵa juwap jazıń.

"Ǵalabalıq mádeniyat"tıń ózin alsaq, ol rańbáreńligi, ańsat ózlestiriliwi menen ele dúnyaqarası tolıq qáliplespegen jaslardı qızıqtıradı. Túrli ideya hám simvollar, zamanagóy modalar, buzǵınshı audio-video ónimler jaslardan tereń pikir júritiwdi talap qılmaydı, hár túrli ómir táshwishlerinen, turmıs mashqalalarınan "azat" etedi, olardı oqıwǵa, bilim alıwǵa emes, al oynap-kúlip, "jasap qalıw"ǵa shaqıradı. Bir sóz benen aytqanda, jaslar sanasında hám kewlinde mayda "idealshalar"dı, mayda ózin kórsetiwge urınıwshı "zaman qaharmanları"n payda etedi.

1) Ǵalabalıq mádeniyattıń milliy mádeniyattan ózgeshelikleri qanday?
2) Ǵalabalıq mádeniyat hám onıń tarqatıwshılarınıń maqseti qanday?
3) Ǵalabalıq mádeniyattı tolıq ózlestirip almaw ushın ne islew kerek?

**JUWAP:**

1)______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

2)

3)

## IV VARIANT

### I BASQÍSH (qısqa juwaplı)

**16. (Xalıq awızeki dóretpeleri B (A1) – 8 ball)** Qaysı dástannan alınǵan úzindi ekenligin anıqlań.

Aytqan sózi bul, – deydi:
– Kóp jılqınıń ishinde,
Kerbiye degen biye bar,
Sol biyeniń izinde,
Ózi qırıqpa, torı tay,
Sol taylardı soraydı,
Enshige, aǵa, beresań,
Beremen deseń ustatıp,
Mında alıp keleseń,
Áger onı qılmasań,
Kelinge juwap bereseń,

1) "Alpamıs"; 2) "Qırq qız"; 3) "Edige"; 4) "Qoblan"; 5) "Bozuǵlan". *Durıs juwaptı san menen beriń.*

**JUWAP:** ______________________

**17. (Klassikalıq ádebiyat Q (J1) – 9 ball)** Tómendegi maǵlıwmat qaysı klassik shayırımız haqqında berilgen? a) Kúnxoja; b) Ájiniyaz; c) Berdaq; d) Ótesh; e) Omar; g) Sarıbay; f) Ayapbergen. *Durıs juwaptı hárip penen beriń.*

Onıń talantlılıǵı, shayırlıǵı kem-kemnen awıl adamları arqalı da tarala baslaydı. Xiywa medireselerinde oqıwǵa tilek bildirgen shayır eń aqırında sol waqıttaǵı ashamaylılardıń belgili ulamalar menen qazılarınan bolǵan Toǵuz qazı menen Molla Qorazlardan járdem soraydı. Usınday kórsetilgen járdemler menen ol Xiywanıń Sherǵazı medresesine oqıwǵa kiredi. Sońınan Qutlımurat inaq medresesinde tálim aladı.

**JUWAP:** ____________________________

**18. (Qaraqalpaq ádebiyatı Q (A1) – 9 ball)**. — Tashkentke xat jazǵan ekenseń, balam. Xabar kelipti. — Men ne másele ekenligin bilmey ań-tań bolıp qaldım. Xatta hámmesi bolıp úsh-tórt awız ǵana sóz jazılǵan edi. «Siz izlegen Ekinshi jáhan urısınıń mayıbı Kárim Yunusov Tashkent qalasında isleydi. Podpolkovnik Makarov» dep jazılǵan edi xatta. Men dım quwanıp kettim.
Bul qaysı shıǵarmadan alınǵan úzindi? Bul shıǵarmanıń bas qaharmanına sıpatlama beriń.

1) "Ákeniń húrmeti" shıǵarması;
2) "Isenim" romanı;
3) "Suwıq tamshı" povesti;
4) "Awır táǵdirdi jeńiwshiler" povesti;
5) "Shaqasında emes tamırında" povesti.

a) toqıma obraz; b) tariyxıy shaxs.

**JUWAP:**

| Shıǵarmanıń tártip nomeri | qaharmanı |
|---|---|
| | |

**19. (Jáhán ádebiyatı Q (A1) – 9 ball).** "Aq keme" shıǵarmasında bas qaharman bala qaysı haywanǵa aylanıp qalıwdı qáler edi? *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

**JUWAP:** ______________________________

**20. (Klassikalıq talqı Q (A1) – 9 ball).** Berilgen qatarda qaysı súwretlew quralı qollanılǵan? *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

Saǵıyranıń qanları
Suw ornına tógildi **JUWAP:** ______________________________

Muǵallim taza temanı ótip boldı.

– Qáne, balalar, endi keshegi ótilgen tema boyınsha bilimlerińizdi sınap kóremiz, – dedi muǵallim. – Kim aytadı?

Bes-altı oqıwshı teńine qol kóterdi.

– Sizler hár saparı shıǵıp atırsız, qáne, úndemey otırǵan balalardan sorap kóreyik. Kim aytadı taǵı?

Usı waqıtları qasında otırǵan Polat Batırdı túrtip jiberdi. Batır albıraǵanınan ushıp turdı.

– Ya? – dedi ol muǵallimge uyqılap qalǵanın bildirmew ushın kózlerin qattıraq ashıp.

Muǵallim onıń qol kótermesten birden ushıp turǵanına hayran qaldı.

– Qáne, taxtaǵa shıq.

Batır taxtaǵa shıqtı da, muǵallimniń sawalın kútip tura berdi.

– Ayta ber, – dedi muǵallim, ol úndemey tura bergennen keyin.

– Neni?

Balalar duw kúlip jiberdi.

Muǵallim hayran bolıp, qolındaǵı jurnaldı japtı.

– Neni aytatuǵınıńdı bilmeyseń be?

– Yaq.

– Onda nege "kim aytadı?" degende ushıp turdıń?

– Bilmey qaldım, muǵallim. Túni menen tisim awırıp, uyqılay almay shıǵıp edim. Sonnan keyin Polatqa "muǵallim meniń atımdı aytıp shaqırsa túrtip jiber" dep edim. Sol túrtkennen keyin...

Balalar taǵı kúlisti.

– Há, túsinikli boldı, – dedi muǵallim.

***M.Nızanov***

**21. (Shıǵarma talqısı B (J1) – 8 ball)** Berilgen shıǵarma kórkem janrlıq jaǵınan qaysı túrge kiredi? a) fantastikalıq gúrriń; b) publicistikalıq gúrriń; c) tariyxıy gúrriń; d) satiralıq gúrriń; e) filosofiyalıq gúrriń. *Juwap bir hárip penen jazıń.*

**JUWAP:** ________________________

**22. (Obrazlarǵa sıpatlama Q (J1) – 9 ball)** Berilgen úzindini oqıń. Usı qaharmannıń bul gápti aytıwına qaysı qásiyeti sebep boldı? a) juwapkershiliksizligi; b) qızǵanshaqlıǵı; c) maqtanshaqlıǵı; d) menmenligi; e) itibarsızlıǵı; g) ótirikshiligi. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

– Bilmey qaldım, muǵallim. Túni menen tisim awırıp, uyqılay almay shıǵıp edim. Sonnan keyin Polatqa "muǵallim meniń atımdı aytıp shaqırsa túrtip jiber" dep edim. Sol túrtkennen keyin...

**JUWAP:**

| | | |
|---|---|---|
| | | |

**23. (Tekst xronologiyası Q (J1) – 9 ball)** Berilgen pikirlerdi shıǵarma waqıyası boyınsha izbe-izlikke qoyıń.

1) Polat juwaptan qashıp báne oylap taptı.
2) Oqıwshılar taxtaǵa shıǵıwdı qáledi.
3) Polat uyqısırap ornınan turdı.
4) Balalardıń barlıǵı kúlip jiberdi.

**JUWAP:** ________________________

**24. (Maǵlıwmatlar talqısı P (J1) – 14 ball)** Tekst boyınsha berilgen juwaplardıń durıs, nadurıs hám berilmegenligin anıqlań. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

a) Shıǵarmada muǵallim jarıs formasında sabaq ótpekshi boladı.
b) Klasta bilgish oqıwshılar kópshilikti qurar edi.
d) Polat tiykarǵı waqıyanıń baslanıwına sebepshi bolǵan qaharman.
c) Batır taxtaǵa temanı sóylep beriw ushın shıǵadı.
e) Muǵallimniń gápi balalardıń kúlkisine sebep boldı.
f) Batır menen muǵallimniń túsinisiwi bir-birine durıs kelmedi.

**JUWAP:**

| Durıs (D) | Nadurıs (N) | Berilmegen (B) |
|---|---|---|
| | | |

## II BASQÍSH (keńeytilgen juwaplı)

**25. (Shıǵarmanı talqılaw (keńeytilgen juwaplı) P (A3) – 16 ball)**

Sh.Aytmatovtıń «Jámiyla» shıǵarması boyınsha pikirleń.




**JUWAP:**

## V VARIANT

## I BASQÍSH (qısqa juwaplı)

**1. (Imla B (J1) – 4 ball)** Gáptegi san menen berilgen sózlerden imlalıq jaqtan NADURÍS jazılǵan sózlerdi anıqlań. *Juwaptı belgilengen sanları arqalı beriń.*

1) gawhar; 2) gazzap; 3) geolog; 4) gijiniw; 5) giripdar; 6) gozzal; 7) gúlal; 8) gúláńgir; 9) gúllan; 10) gúńgirt.

**JUWAP:** ________________________

**2. (Fonetika Q (J1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi túsirilip qaldırılǵan seske sıpatlama beriń. *Juwaptı san formasında beriń.*

Vim Finlyandiyada bolıp ótken marafonda muzlı suwda 1 saat 52 min...t turıwǵa erisken.

1) juwan; 2) jińishke; 3) ashıq; 4) qısıq; 5) erinlik; 6) eziwlik

**JUWAP:** ________________________

**3. (Seslik qubılıslar Q (A1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi keyinli tásirge ushırap turǵan sózlerdi anıqlap jazıń. *Juwaptı 2 sóz benen beriń.*

Shotlandiyalıq oylap tabıwshı Robert Anderson qayta zaryadlanbaytuǵın batareyalar menen isleytuǵın arbalardı jaratqan.

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

**4. (Punktuaciya Q (J1) – 6 ball)** Berilgen gápte qaysı irkilis belgileri izbe-iz qoyılıwı kerekligin anıqlań. *Ketekshelerge anıqlaǵan irkilis belgilerińizdi qoyıń.*

Hayalınıń aytqanların tıńlap otırǵan Boranlı Edige Urıstan qaytqannan beri usı boranlı razyezdinde jumıs islep oǵan usınday laqap bergen edi gúrektey ap-awır qolların dizeleriniń ústine qoyıp tunjırap qaldı

**JUWAP:**

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | |

**5. (Morfologiyalıq stilistika Q (A1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi belgilep kórsetilgen tirkewishli sózlerdi qaysı seplik penen almastırıp qollanıwǵa boladı. *Juwaptı eki sóz benen beriń.*

"Muz adamı" ***1) atı menen*** tanılǵan nemis sportshısı Vim Xoff hádden tıs suwıq hawa temperaturasına shıday alǵan. Onıń pikirinshe, bul ondaǵı ózine tán dem alıw texnikasına baylanıslı. Vim Finlyandiyada bolıp ótken marafonda muzlı suwda 1 saat ***2) 52 minutqa shekem*** turıwǵa erisken.

**JUWAP:**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | | 2 | |

**6. (Leksikalıq stilistika Q (J1) – 6 ball)** Berilgen mısallardı tiyisli birlikler menen sáykeslendiriń. *Juwapqa tiyisli háriplerdi jazıń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Keń – tar | A) leksikalıq antonim |
| 2 | Biymáni – mánili | B) grammatikalıq antonim |
| 3 | Aqılsız – aqıllı | C) kontekstlik antonim |
| 4 | Saqıy – sıqmar | |
| 5 | Báhár – záhár | |
| 6 | Alıw – beriw | |

**JUWAP:**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

**7. (Fonetikalıq tallaw B (A1) – 4 ball)** Berilgen gápte neshe ashıq buwın qatnasqan? *Durıs juwaptı san menen beriń.*

Ol bul procesti kúnine 8 ret qaytalawdı usınıs etedi.

**JUWAP:** ________________________

**8. (Leksikalıq tallaw Q (A1) – 6 ball)** Súwretlew quralların – perifrazaǵa mısal bola alatuǵın juwaplardı anıqlań. *Durıs juwaptı san menen beriń.*




**JUWAP:** ________________________________

**9. (Morfemalıq tallaw Q (J1) – 6 ball)** Berilgen juwaplardağı astı sızılgan sózlerdiń qaysı sóz shaqabı xızmetinde qollanılganlıgın durıs sáykeslendiriń. Durıs juwaptı sanlar menen beriń.

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Oğırı bay adam óliminiń jaqınlaganın sezgen waqtında jalgız **balasın** qasına shaqırtıptı. | a) anıq atlıq<br>b) qıyalıy atlıq<br>c) betlik almasıq<br>d) siltew almasıgı |
| 2 | “Balam meni mazarğa **shulıgım** menen kómińler!” | |
| 3 | Ákesi **onıń** qolına jáne bir xat berip, “Men ólgennen keyin birinshi qıynalgan waqtıńda xattı ash!”depti. | |
| 4 | Kúnler ótip, **júrimi** tawsılgan ákesi jan tapsırıptı. | |
| 5 | **Onı** kómerden aldın balası awıl aqsaqalları menen mollaga ákesiniń wásiyatın sózbe-sóz aytıptı. | |
| 6 | Biraq, olardıń barlıgı “Yaq, **din**imizde onday nárse bolmaydı!” dep, balanıń aytqanın tıńlamaydı. | |
| 7 | Bala ne islerin bilmey, qıynalıp otırganda, esine ákesiniń “birinshi qıynalgan waqtıńda ashıp oqı”dep bergen **sol** xatı túsedi. | |

**JUWAP:**

| a | b | c | d |
|---|---|---|---|
| | | | |

**10. (Sintaksislik tallaw Q (A1) – 6 ball)** San menen (1, 2, 3, 4) berilgen sóz dizbekleri bagınıńqılı baylanıstıń qaysı túri menen baylanısqanlıgın anıqlań. *Durıs juwaptı sanlar menen beriń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Bay adam | a) basqarıw<br>b) jupkerlesiw<br>c) úylesiw |
| 2 | Kózi menen baqlaw | |
| 3 | Onıń qolı | |
| 4 | Xattı oqı | |

**JUWAP:**

| a | b | c |
|---|---|---|
| | | |

Ájayıp jaratılıs hám qábiletler menen tanısamız.

“Muz adamı” atı menen tanılǵan nemis sportshısı Vim Xoff hádden tıs suwıq hawa temperaturasına shıday alǵan. Onıń pikirinshe, bul ondaǵı ózine tán dem alıw texnikasına baylanıslı. Vim Finlyandiyada bolıp ótken marafonda muzlı suwda 1 saat 52 minut turıwǵa erisken.

Amerikalıq Uilyam Sidis 9 jasqa shıǵaman degenshe 8 til, inglis, rus, francuz, alman, latın, grek, ivrit jáne bir ózi oylap tapqan tillerdi jetik bilgen. Ol ertjetkende 40 tildi puqta ózlestirgen.

Adam kóbi menen dıqqattı 20 minut bir nársege qarata aladı. Bunı anıqlaǵan pedagok Framchesko Chirillo “Pomidor” metotın islep shıqtı. Bul metot boyınsha 25 minut miyge jumıs isletip, 5 minut oǵan dem beriw kerek. Ol bul procesti kúnine 8 ret qaytalawdı usınıs etedi.

Shotlandiyalıq oylap tabıwshı Robert Anderson qayta zaryadlanbaytuǵın batareyalar menen isleytuǵın arbalardı jaratqan bolsa, Franciyalıq Camille Jenatzy mashinalardıń elektr arqalı júriw tezligin 100 km/saatqa jetkerip, elektromobildi jaratadı.

Oskar Rigli erte mektepke barǵan ápiwayı bala. Ol barlıq teńlesleri sıyaqlı oynawdı jaqsı kóredi, biraq olardan ózgesheligi – Oskar tanımalı professor-oqıtıwshılar hám alımlar menen teńdey baylanısqa kirise aladı. Oskar 2 jasqa shıqqanında-aq, dúnyadaǵı eń aqıllı bala atına miyasar boldı.

**11. (Tekstti túsiniw B (J1) – 4 ball)** Tekst boyınsha berilgen qábiletlerdiń qaysıları tekstte aytılmaǵanlıǵın anıqlań. *Juwaptı sanlar formasında beriń.*

1) kóp til biliw; 2) oylap tabıw; 3) juwırıw; 4) aqıl menen háreketleniw; 5) baqlaw; 6) tájiriybe ótkeriw; 7) sesti ajıratıw; 8) terlemew.

**JUWAP:**

| | | |
|---|---|---|
| | | |

**12. (Tekstti túsiniw Q (A1) – 6 ball)** Berilgen abzactı tekst boyınsha salıstırıń. Gáptegi qaysı sóz maǵlıwmatlıq jaqtan nadurıs qollanılǵanlıǵın anıqlań. *Juwaptı bir sóz formasında jazıń.*

Amerikalıq Uilyam Sidis 9 jasqa shıǵaman degenshe 8 til, inglis, rus, francuz, alman, latın, grek, ivrit jáne sanskrit tillerin jetik bilgen. Ol ertjetkende 40 tildi puqta ózlestirgen.

**JUWAP:** ________________________

**13. (Tekstti túsiniw P (J1) – 8 ball)** Tekst boyınsha berilgen maǵlıwmatlardıń qaysıları durıs maǵlıwmat esaplanadı? *Juwaptı sanlar formasında beriń.*

1) Vim Finlyandiyadaǵı marafonda birinshi ret óz qábiletin kórsetedi. 2) Sidis hátteki jańa til de oylap tabadı. 3) “Pomidor” metodı arqalı 5 minut dem alıw kerek. 4) Robert dúnyadaǵı eń aqıllı bala bolıp tanıladı.

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

## II BASQÍSH (keńeytilgen juwaplı)

**14. (Tekstli talqı P (A3) – 13 ball)** Berilgen úzindini oqıń.

Ne joq deyseń eske alıwǵa ılayıq,
Meyli, endi ótken gápti qoyayıq,
Bazar qatnasıǵı degen tóbeden,
Keleshekke názer salıp qoyayıq.

*(I.Yusupov)*

1) Bul tekst qaysı stildegi tekst esaplanadı?
2) Bul stil haqqında maǵlıwmat beriń.
3) Bul stildiń basqa stillerden ózgesheliklerin jazıń.

**JUWAP:**

1)____________________________________________________________

2)____________________________________________________________

3)____________________________________________________________

**15. (Oqıp túsiniw P (A3) – 13 ball)** Berilgen tekstti oqıń. Sorawlarǵa juwap jazıń.

Kino 1895-jılı 28-dekabrde Parijde (aǵalı-inili Lyumyerler) jaratılǵan. Onıń jaratılıwı insaniyat mádeniy tariyxındaǵı úlken burılıstı jasap berdi. Kino – ádebiyat, teatr, súwretlew óneri, muzıkanıń estetikalıq birlesiwi nátiyjesinde payda bolǵan.

Kinonıń keleshek áwlad tárbiyası hám ruwxıy dúnyasınıń qáliplesiwinde ornı óz aldına. Kino ónериniń rawajlanıwında amerikalı kinorejissyor D.Griffitnittiń xızmetleri girewli. Birinshi bolıp ol úlken planda, parallel montaj, keńeytilgen panorama sıyaqlı súwretli qurallardı qollanǵan. Sonday-aq, S.Eyzenshteyn, Ch.Chaplin. E.Shtrogeym, K.Drever, K.Vidor, R.Kler sıyaqlılar da jáhán kinosınıń rawajına múnásip úles qosqan.

XX ásirdiń birinshi yarımında kino óneriniń janrlıq sistemasınan kóbirek komediya hám tragediya xarakterindegi filmler orın aldı. Keyinirek túrli mazmundaǵı filmler alıw jolǵa qoyılǵan. Bul taraw hám janrlıq, hám stillik jaqtan bayıdı.

1) Kinonıń mádeniy áhmiyeti qanday?
2) Kinonıń ádebiyat, teatr hám muzıka menen qanday baylanıslılıǵı bar?
3) Kinonı ne maqsette kóriw kerek dep oylaysız? Máselen?

**JUWAP:**

1)______________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________

2)______________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________

3)______________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________
________________________________________________________________________________

## V VARIANT

### I BASQÍSH (qısqa juwaplı)

**16. (Xalıq awızeki dóretpeleri B (A1) – 8 ball)** Qaysı dástannan alınǵan úzindi?

Erligin bala bildirdi,
Qarındasın qushaqlap,
Ala tayǵa mindirdi,
Qayǵıǵa ishi toladı,
Basına kúnler tuwadı,
Qıya maydan dalada,
Ala taydı quwadı.
Salqın menen jol júrdi,
Qıyınǵa ózin kóndirdi,
Segbir etip shóllerdi,
Qırıq kún tamam jol júrdi

1) "Alpamıs"; 2) "Qırq qız"; 3) "Edige"; 4) "Qoblan"; 5) "Bozuǵlan". *Durıs juwaptı san menen beriń.*

**JUWAP:** ________________________

**17. (Klassikalıq ádebiyat Q (J1) – 9 ball)** Berilgen maǵlıwmat qaysı shayırımız haqqında? a) Kúnxoja; b) Ájiniyaz; c) Berdaq; d) Ótesh; e) Omar; g) Sarıbay; f) Ayapbergen. *Durıs juwaptı hárip penen beriń.*

Onıń qaysı dáwirde jazılǵan qosıqların alıp qarasaq ta, yumor-satiralıq hám táriyiplew usılınan sheber paydalanǵanlıǵın kóremiz. «Tárip» qosıǵı shayırdıń dáslepki jılları jazǵan qosıqlarınan esaplanadı. Shayır bul qosıqta óz xalqınıń ájayıp hám tákirarlanbas kelbetin, adamlarınıń jaqsı hám úlgili qásiyetlerin barınsha sheber asha alǵan.

**JUWAP:** ________________________________

**18. (Qaraqalpaq ádebiyatı Q (A1) – 9 ball)**. Shayır I. Yusupov shıǵarmanıń bul sıpatları haqqında «...oqıwshıǵa óz sırın búkpey ayta alatuǵın lirik qaharmanı bar. Bul shıǵarmanı oqıǵanımda, Sh. Aytmatov dóretken «Jamila» povestin Luy Arogonnıń «Bul muhabbat poeması» dep maqtaǵanı esime tústi» dep jazadı. Haqıyqatında da, bizdi shıǵarmadaǵı lirik qaharmannıń sezimleri, muhabbatı, turmıs tuwralı jaqsı tolǵanısları qızıqtıradı.

Bul pikir qaysı shıǵarma haqqında? Shıǵarmanı janrı boyınsha talqılań.

1) "Qaraqalpaq qızı" shıǵarması;
2) "Isenim" shıǵarmas;
3) "Qızım saǵan aytaman, kelinim sen tıńla" shıǵarması;
4) "Hayallar" shıǵarması;
5) "Shaqasında emes tamırında" shıǵarması.

a) gúrriń; b) poema; c) povest; d) roman; e) ocherk.

**JUWAP:**

| Shıǵarmanıń tártip nomeri | janrı |
|---|---|
| | |

**19. (Jáhán ádebiyatı Q (A1) – 9 ball).** "Batıs frontta ózgeris joq" shıǵarmasında qaharman jaslardıń urısqa ketiwine kimniń shaqırıq sózleri sebep boladı? *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

**JUWAP:** ________________________________

**20. (Klassikalıq talqı Q (A1) – 9 ball).** Berilgen qatardaǵı ajıratıp kórsetilgen sózler qaysı súwretlew quralı esaplanadı? *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

Qarasa ózine tanıs, biytanıs baslıqlar **"Pobeda"ları** ótip baratır, ótip baratır

**JUWAP:** ________________________________

Gúzdiń ayazlı kúnleriniń baslanıp kiyatırǵan gezleri edi. Jol shetine úyip qoyıp qawın satıp otırǵan orta jaslardaǵı hayaldıń aldına bir jeńil mashina taqańqırap kelip toqtadı.

– Qawın qanshadan? – dedi ruldegi jigit aynanı ashıp.
– Kilosı eki mıń, – dedi hayal otırǵan ornında.
– Sál qımbatlaw eken ya?...
– Maǵan kelip turǵanı sol. Jigit bunnan keyin gáp qospadı.
– Yaqshı, maǵan eki qawın ólsheń! – dedi kisesinen pul qarastırıp.

Hayal erinsheklik penen ornınan turıp, eki qawındı tárezige tarttı.
– Mashinaǵa salıp jiberiń, jeńge!

Jigit bul gápti qanshelli kishipeyillik penen aytpasın, onıń otırǵan ornınan qıymıldamawı hayalǵa batayın dedi.

Ol eki qawındı eki qoltıǵına qıstı da, bir qolınıń ushı menen esikti zorǵa ashtı. Qawınlardı orınlıqtıń tómenine qoydı. Soń "jarıldı".

– Jap-jas jigitseń, bunshelli ne kókirek! Sesheń mashında tuwǵanday...

Hayal jigit usınǵan pulǵa qol sozıp atırıp, birden tula bedeni qaltırap til qata almay qaldı. Jigittiń eki ayaǵı juwan sannan joq edi.

***M.Nızanov***

**21. (Shıǵarma talqısı B (J1) – 8 ball)** Shıǵarmadaǵı waqıyanıń baslanıwına ne zat sebep boladı? *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

**JUWAP:** ________________________

**22. (Obrazlarǵa sıpatlama Q (J1) – 9 ball)** Jigitte qanday qásiyetlerdi sezdińiz.

a) kishipeyillik; b) qızǵanshaqlıq; c) uyalshaqlıq; d) miyrimlilik; e) umıtshaqlıq; g) múlayimlilik. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

**23. (Tekst xronologiyası Q (J1) – 9 ball)** Berilgen pikirlerdi shıǵarma waqıyası boyınsha izbe-izlikke qoyıń.

1) Hayal haqıyqattı bilip qısınıp qaladı.
2) Eki qaharman qawındı sawdalasadı.
3) Hayal jigitti menmenlikte ayıplaydı.
4) Hayal qawın satar edi.

**JUWAP:** ________________________

**24. (Maǵlıwmatlar talqısı P (J1) – 14 ball)** Tekst boyınsha berilgen juwaplardıń durıs hám nadurıslıǵın anıqlań. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

a) Hayal kúndelikli jumısınan narazı edi.
b) Jigit mashinadan túsip keledi.
c) Jigit qawındı bir degennen kóterip aladı.
d) Hayal jigitke doq uradı.
e) Jigit eki qawın satıp aladı.
f) Hayal qawındı mashinaǵa salıp beredi.

**JUWAP:**

| Durıs | Nadurıs |
|---|---|
| | |

## II BASQÍSH (keńeytilgen juwaplı)

**25. (Shıǵarmanı talqılaw (keńeytilgen juwaplı) P (A3) – 16 ball)**
Migel de Servantestiń «Lamanshlı don Kixot» shıǵarması boyınsha pikirleń.




**JUWAP:**

## VI VARIANT

## I BASQÍSH (qısqa juwaplı)

**1. (Imla B (J1) – 4 ball)** Gáptegi san menen berilgen sózlerden imlalıq jaqtan NADURÍS jazılǵan sózlerdi anıqlań. *Juwaptı belgilengen sanları arqalı beriń*.

1) ıǵbal; 2) ıqtiyar; 3) ılayıq; 4) ınǵaylasıw; 5) ıraykesh; 6) ırjiyiw; 7) ıshqıbaz; 8) ilaxıy; 9) ilham; 10) imkaniyat.

**JUWAP:** ________________________

**2. (Fonetika Q (J1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi túsirilip qaldırılǵan seske sıpatlama beriń. *Juwaptı san formasında beriń.*

Qazılma qaldıqları, t...ykarınan, por dáwirinen belgili.

1) juwan; 2) jińishke; 3) ashıq; 4) qısıq; 5) erinlik; 6) eziwlik

**JUWAP:** ________________________

**3. (Seslik qubılıslar Q (A1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi keyinli yamasa ilgerili tásir nátiyjesinde ózgeriske ushırap aytılatuǵın sózlerdi anıqlap jazıń. *Juwaptı 2 sóz benen beriń.*

Gúbelekler erjetken dáwirinde birneshe kún, hátte birneshe saattan (azıqlanbaytuǵın túrleri) birneshe ayǵa shekem (erjetken dáwirinde qıslaytuǵın gúbelekler) jasaydı.

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

**4. (Punktuaciya Q (J1) – 6 ball)** Berilgen gápte qaysı irkilis belgileri izbe-iz qoyılıwı kerekligin anıqlań. *Ketekshelerge anıqlaǵan irkilis belgilerińizdi qoyıń.*

Ay menen Venerada (Sholpan) suwdıń joq ekenligi ilimge belgili bolsa da, sırttan qaraǵanda shólistanday bolıp kóringeni menen, biraq Ikstiń ishki – tómengi qatlamında suwdıń bar bolıwı edi

**JUWAP:**

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | |

**5. (Morfologiyalıq stilistika Q (A1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi belgilep kórsetilgen feyil hám atawısh tirkewishlerdi qaysı túpkilikli tirkewish penen almastırıp qollanıwǵa boladı. *Juwaptı eki sóz benen beriń.*

1) Azamattıń boyı úkesinikinen qaraǵanda anaǵurlım uzın. 2) Qorasında burınnan saqlap kiyatırǵan 100ge jaqın qoyı bar edi.

**JUWAP:**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | | 2 | |

**6. (Leksikalıq stilistika Q (J1) – 6 ball)** Berilgen mısallardı tiyisli birlikler menen sáykeslendiriń. *Juwapqa tiyisli háriplerdi jazıń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Dana – aqmaq | A) leksikalıq antonim |
| 2 | Biymáni – mánili | B) grammatikalıq antonim |
| 3 | Biyik – pás | C) kontekstlik antonim |
| 4 | Saqıy – sıqmar | |
| 5 | Báhár – záhár | |
| 6 | Alıw – beriw | |

**JUWAP:**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

**7. (Fonetikalıq tallaw B (A1) – 4 ball)** Berilgen gápte neshe tuyıq buwın qatnasqan? *Durıs juwaptı san menen beriń.*

Máyekleriniń forması hár túrlı bolıp, sistematikalıq áhmiyetke iye.

**JUWAP:** ___________________________

**8. (Leksikalıq tallaw Q (A1) – 6 ball)** Súwretlew quralların – perifrazaǵa mısal bola alatuǵın juwaplardı anıqlań. *Durıs juwaptı san menen beriń.*

1) Qara altınǵa bay.

2) Tırnaqqa zar.

3) Sahra búlbúli keldi.

4) Awıl baǵındı.

5) Dala maliykasın ekti.

6) Ómirdiń shańı bastı.

7) Qara kózler bayqar.

8) Ájiniyazdı oqıdım.

9) Bas nızamımız qabıllandı.

**JUWAP:** ______________________________

**9. (Morfemalıq tallaw Q (J1) – 6 ball)** Berilgen juwaplardaǵı astı sızılǵan sózlerdiń qaysı qospa sóz túrine kiretuǵınlıǵın durıs sáykeslendiriń. Durıs juwaptı sanlar menen beriń.

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Men birewge mıń tilla bermekshimen, qanday **másláhát beresiz?** | a) qospa atlıq<br>b) qospa feyil<br>c) qospa ráwish<br>d) qospa sanlıq |
| 2 | **Úshten birin** bersem ne? | |
| 3 | Siz ózińizdiń kewlińizdiń tarlıǵı menen mıń tilladan ózińizdi **biynesip ettińiz.** | |
| 4 | Seniń ornıńa sol pulǵa zárúr bolǵan bir insanǵa bergenimde qanshelli **jaqsılıq etken** bolar edim | |
| 5 | **Qayır-saqawatqa** arzımaytuǵın nákas adam ekenseń. | |
| 6 | Bir kúni ol óziniń **bas wázirin** shaqırıp alıp: | |
| 7 | **Bir kúni** ol óziniń bas wázirin shaqırıp alıp: | |

**JUWAP:**

| a | b | c | d |
|---|---|---|---|
| | | | |

**10. (Sintaksislik tallaw Q (A1) – 6 ball)** San menen (1, 2, 3, 4) berilgen gápler qospa gáptiń qaysı túrine kiretuǵınlıǵın anıqlań. *Durıs juwaptı sanlar menen beriń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Ata-babalarımız qanday erlikler islegen bolsa, bizde sonday batırlıq kórsetiwimiz kerek. | a) dizbekli qospa gáp<br><br>b) baǵınıńqılı qospa gáp<br><br>c) dánekersiz qospa gáp |
| 2 | Shembi kúni úyimizge qonaqlar kelgen, lekin biz bul waqıtta jumısta edik. | |
| 3 | Usta gerbishlerdi tegis órip tur, basshılar bolsa bunı óz kózleri menen kórip tur. | |
| 4 | Qaqaman qıstıń ayazı az bolsa, japalaqlap qar jawdı. | |

**JUWAP:**

| a | b | c |
|---|---|---|
| | | |

**Gúbelekler, qabırshaqqanatlılar** (Lepidoptera) — tolıq metamorfoz benen rawajlanatuǵın shıbın-shirkeylerdiń toparı. Mezozoydıń baslarında kelip shıqqan; tiykarǵı shańaraqları paleogenniń baslarında qáliplesken. Qazılma qaldıqları, tiykarınan, por dáwirinen belgili.

Kópshilik gúbeleklerdiń awız músheleri arnawlı sorıwshı hartumnan ibarat bolıp, basınıń astıńgı tárepinde spiral formasında oralıp turadı. Perdege uqsaǵan qanatları reńli qabırshaqlar menen oralǵan. Qanatlarınıń reńi: ásirese, olardıń túrli reńde tawlanıwı reńsiz qabırshaqlardıń jaqtılıq nurın hár túrlı múyesh astında sińiriwi menen, qara, sarı hám basqa reńli daqlar bolsa pigment penen baylanıslı. Murtınıń forması hám uzınlıǵı hár túrlı. Jazılǵan qanatları 3,2 mm den (kishkene kúyeler) 300 mm ge shekem (tunlamlar). Máyekleriniń forması hár túrlı bolıp, sistematikalıq áhmiyetke iye. Qurtlarında 3 jup tós ayaqları menen birge 5 jup jalǵan qarın ayaqları da boladı. Quwırshaqları jabıq (kóbinese, nawqan ishinde), tómen wákillerinde ashıq (erkin) boladı.

Gúbelekler, ádette, tómen gúbelekler (teń qanatlılar) hám joqarı gúbelekler (hár túrlı qanatlılar) bolıp eki kishi toparǵa bólinedi. Ayırım jaǵdaylarda awız músheleri kemiriwshi tipte bolǵan tisli kúyeler óz aldına kishi toparǵa ajıratıladı. Gúbelekler toparınıń sisteması anıq islep shıǵılmaǵan, 100 den baslap 200 ge shekemgi shańaraqqa ajıratıladı.

Gúbeleklerdiń 140 mıńǵa jaqın túri anıqlanǵan. Gúbelekler faunası, ásirese, tropik regionda hár túrli. Ózbekstanda 1500 ge jaqın túri anıqlanǵan. Tunlam gúbelekleri, adımlawshılar, japıraq orawshılar shańaraqları, qızılreń gúbelekler, kúyeler úlken shańaraqları, ásirese, túrlerge bay.

Erjetken gúbelekler gúl nektarı yamasa ósimliklerdiń (geyde haywanlardıń) shiresi menen azıqlanadı. Kópshilik gúbelekler imagosınıń awız músheleri redukciyaǵa dus kelgen, azıqlanbaydı (afagiya). Tisli tunlamlar gúl shańı menen azıqlanadı. Gúbelekler erjetken dáwirinde birneshe kún, hátte birneshe saattan (azıqlanbaytuǵın túrleri) birneshe ayǵa shekem (erjetken dáwirinde qıslaytuǵın gúbelekler) jasaydı.

**11. (Tekstti túsiniw B (J1) – 4 ball)** Tekst boyınsha berilgen sózlerdiń qaysıları gúbelektiń bir túri ekenligin anıqlań. *Juwaptı sanlar formasında beriń.*

1) tunlam; 2) fauna; 3) imago; 4) kúye; 5) afagiya; 6) adımlawshılar; 7) nektar; 8) pigment.

**JUWAP:**

| | | |
|---|---|---|

**12. (Tekstti túsiniw Q (A1) – 6 ball)** Berilgen abzactı tekst boyınsha salıstırıń. Gáptegi qaysı sóz maǵlıwmatlıq jaqtan nadurıs qollanılǵanlıǵın anıqlań. *Juwaptı bir sóz formasında jazıń.*

Kópshilik gúbeleklerdiń awız músheleri arnawlı kemiriwshi hartumnan ibarat bolıp, basınıń astıńgı tárepinde spiral formasında oralıp turadı.

**JUWAP:** ________________________

**13. (Tekstti túsiniw P (J1) – 8 ball)** Tekst boyınsha berilgen maǵlıwmatlardıń qaysıları durıs maǵlıwmat esaplanadı? *Juwaptı sanlar formasında beriń.*

1) Gúbeleklerdiń qanatınıń shıraylı reńde bolıwı reńsiz qabırshaqlar menen baylanıslı. 2) Gúbeleklerdiń murtlarınıń forması hám uzınlıǵı ádette birdey boladı. 3) Gúbeleklerdiń shańaraqları tuwılıw dáwirinen bar bolıp, olardı úyreniw paleozoy dáwirinen baslanǵan. 4) Gúbelek qurtlarında 6 dana tós ayaqları menen birge 10 dana jalǵan qarın ayaqları da boladı.

**JUWAP:**

| | |
|---|---|

## II BASQÍSH (keńeytilgen juwaplı)

**14. (Tekstli talqı P (A3) – 13 ball)** Berilgen qatarlardı oqıń hám tapsırmalarǵa juwap jazıń.

Tán jurtında ǵamlı kewil músápir,
Júrek dártli, janım kóp tartqan jábir,
Súyener **márt** izlep bolarman sebil,
Ígbalıma márdi-maydan tabılmas *Maqtımqulı*

1) Úzindidegi qara menen berilgen sóz qaysı súwretlew quralı?
2) Bul sóz arqalı ne ańlatılǵan?
3) Bul súwretlew quralınıń belgilerin jazıń.

**JUWAP:**

1)________________________________________

2)________________________________________

3)________________________________________

**15. (Oqıp túsiniw P (A3) – 13 ball)** Tekstti oqıń. Sorawlarǵa juwap jazıń.

Yod jetispewshiligi búgingi kúnde hárbir insannıń haqıyqıy mashqalası bolıp, ol kóbinese salamatlıqtıń hám turmıs sapasınıń jamanlasıwına alıp keledi.

Yod organizm ushın zárúrli element esaplanadı. Ol sheńber tárizli bez gormonı bolǵan tiroksin islep shıǵarıwda qatnasadı. Bul gormon metabolizm, immunitet, intellektual hám fizikalıq rawajlanıw, kóplegen ishki organlar hám júrek-qan tamır sistemasınıń jumısına tásir etedi. Tiroksin kletkalar ósiwi hám bóliniwinde de qatnasadı, psixologiyalıq hám seziw salamatlıǵı, nerv sistemasınıń jaǵdayı da oǵan baylanıslı.

Organizm óz-ózinen yod islep shıǵara almaydı, sol sebepli onıń dárejesi sırtqı faktorlar hám ómir dawamında toltırılıwı kerek. Aqılǵa kelgen birinshi nárse — bul yodlanǵan duz. Ol organizmdegi yod dárejesin toltırıw hám uslap turıwdıń eń jaqsı usılı. Duzdıń quramında yod bar bolǵan basqa ónimler menen birgelikte qollanılıwı jaqsı nátiyje beredi.

1) Tiroksin qanday xızmet atqaradı?
2) Ne ushın mámleketimizde as duzları yodlanǵan halda satıladı?
3) “Yod jetispewshiligi” sóziniń mánisin túsindirip beriń.

**JUWAP:**

1)______________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

2)______________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

3)______________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

## VI VARIANT

### I BASQÍSH (qısqa juwaplı)

**16. (Xalıq awızeki dóretpeleri B (A1) – 8 ball)** Qaysı dástannan alınǵan úzindi ekenligin anıqlań.

Qapa kewlin xoshladı,
Túye yańlı kók tastı,
Esik tórli aparıp,
Ílaqtırıp tasladı.
Óz-ózinen hayran boldı.
Tilegi qabıl boldı.
Tastıń ornına názer saldı:
Gúllengen baxıtlı oray,
Hayran boldı qaray-qaray.
Baqlap batır qarasa,
Batıl bolǵan bir mıń jıl,
Seksen qabat keń saray,
Kórip boldı kewli jay.

1) “Alpamıs”; 2) “Qırq qız”; 3) “Edige”; 4) “Qoblan”; 5) “Bozuǵlan”. *Durıs juwaptı san menen beriń.*

**JUWAP:** ______________________________

**17. (Klassikalıq ádebiyat Q (J1) – 9 ball)** Berilgen úzindini oqıń. Bul ádebiyattaǵı qaysı janr esaplanadı? a) qosıq; b) tolǵaw; c) poema; d) dástan. *Durıs juwaptı hárip penen beriń.*

Ánás, Málik ekki kishi,
Payǵambarnıń sahabası,
Ánás qazaqnıń babası,
Shundın alash bolgan ekán.

**JUWAP:** ____________________________________

**18. (Qaraqalpaq ádebiyatı Q (A1) – 9 ball).** Berilgen qatarlar qaysı shıǵarmadan alınǵan? Bul berilgen qatarlardı aytqan qaharman unamlı hám unamsızlıǵına qaray xarakteristika beriń. *Juwaptı hárip hám sanlar menen beriń.*

1) "Edige" dástanı;
2) "Sháryar" dástanı;
3) "Alpamıs" draması;
4) "Berdaq" poeması;
5) "Bahadır" dástanı.

a) unamlı qaharman; b) unamsız qaharman.

Jar basına úy tikpe,
Jar qulasa úy keter.
Ala bolsa aǵayin,
Qoradaǵı mal keter.

**JUWAP:**

| Shıǵarmanıń tártip nomeri | xarakteristikası |
|---|---|
| | |

**19. (Jáhán ádebiyatı Q (A1) – 9 ball).** Erix Mariya Remarktıń "Batıs frontta ózgeris joq" romanı neshe jastaǵı Paul Baymer tilinen bayan etiledi? *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

**JUWAP:** ______________________________

**20. (Klassikalıq talqı Q (A1) – 9 ball).** Berilgen qatardaǵı ajıratıp kórsetilgen sózler qaysı súwretlew quralı esaplanadı? *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

Sheńgelge qonǵan búrkittiń,
Shımshıq qurlıq sáni bolmas.
**Íshqısında qızıl gúldiń,**
Sayrasa dármanı bolmas.

**JUWAP:** ______________________________

Gózzal azanda erte turıp sırtqa shıqsa, hámme átirap qarǵa malınıp qalǵan eken. Quwanǵannan qolın shappatlap, baqırıp jiberdi. Qansha waqıttan beri kútse de, qar hesh jawmaǵan edi.

– Apa, qashan qar jawadı eken? – dep apasınan talay mártebe soraǵan edi.

– Qızım, qar ele sonday qalıń bolıp jawadı, az ǵana kún suwıńqırasın, – dedi apası.

Mine, sol asıǵa kútken kúni de keldi. Ol úyine qaray juwırdı. Óytkeni, aǵası qaladan shana ákelip bergen edi. Shana bolǵanda da qanday! Otıratuǵın aǵashları da túr-túr boyaw menen sulıw etip boyalǵan, arqasında súyenip otıratuǵın jeri de bar. Úkesi sonda túsinbey:

– Bul ne, kishkene mashın ba? – dep soraǵanda, Gózzal:

– Bul – shana, qar jawıp jer tayǵanaq bolǵanda seni mindirip aydayman, – dedi.

Gózzal úyge kirdi de, úkesi Zuxranı kiyindirip shanasın alıp dalaǵa ketti. Tep-tegis qardıń ústinde shanasın zıńǵıtıp olay-bulay ayday basladı. Qanday tamasha! Ekewiniń de quwanıshında shek joq. Aǵası dalaǵa shıqsa, ekewiniń de betleri almaday qızarıp, shananı tınbay aydap júr eken. Birese tóbege minip tómen qaray zımırasa, birese joldı boylap zıńǵıp júr. Kishkene Zuxra aǵasın kórip:

– Aǵa, dó-ó, dó ót, basıp ketpesin, biziń mashındı kórdiń be? – dep baqırar edi. Al Gózzal onnan qalmay:

– Aǵa, mına qara, qustay ushadı. Men Zuxranı alıp ushıp júrmen, – dep Gózzal shanasın appaq qardıń ústinde zımıratıp aydap ketti. Aǵası olardıń quwanıshın bóliskendey, mıyıq tartıp arqasınan qarap qaldı.

***M.Jumanazarova***

**21. (Shıǵarma talqısı B (J1) – 8 ball)** Zuxra menen úkesiniń quwanıshına sebep bolǵan zat ne edi? *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

**JUWAP:** ________________________

**22. (Obrazlarǵa sıpatlama Q (J1) – 9 ball)** Gózzalda qanday pazıyletti sezdińiz.

a) maqtanshaqlıq; b) qızǵanshaqlıq; c) uyalshaqlıq; d) kewilsheklik; e) miyrimlilik; g) menmenlik. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

**23. (Tekst xronologiyası Q (J1) – 9 ball)** Berilgen pikirlerdi shıǵarma waqıyası boyınsha izbe-izlikke qoyıń.

1) Ákesi ballarınıń oynawınan kewli toldı.
2) Úke ózi qızıqqan sorawların berdi.
3) Zuxra shana aydawǵa úkesi menen shıqtı.
4) Zuxra hám anası qar jawıwın kútti.

**JUWAP:** ________________________

**24. (Maǵlıwmatlar talqısı P (J1) – 14 ball)** Tekst boyınsha berilgen juwaplardıń durıs hám nadurıslıǵın anıqlań. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

a) Aǵası shana alıp kelgen kúni qar jawǵan edi.
b) Gózzal shananı kórip, ájapasınan: “Bul ne kishkene mashın ba?” – dep soraydı.
d) Aǵası dalaǵa shıqsa, ekewiniń de betleri almaday qızarıp, shananı tınbay aydap júrgenligin kóredi.
e) Gózzal aǵasınıń shana alıp kelip beriwin asıǵıp kútken edi.
f) Gózzal azanda erte turıp qardıń jawǵanlıǵın kórip qattı quwanadı.
g) Gózzalǵa apası qardıń ele qalıń bolıp jawatuǵınlıǵın aytıp úmit beretuǵın edi.

**JUWAP:**

| Durıs | Nadurıs |
|---|---|
| | |

## II BASQÍSH (keńeytilgen juwaplı)

**25. (Shıǵarmanı talqılaw (keńeytilgen juwaplı) P (A3) – 16 ball)**
Rasul Gamzatovtıń «Balalıqtaǵı umıtılmas waqıya» shıǵarması boyınsha pikirleń.




**JUWAP:**

## VII VARIANT

### I BASQÍSH (qısqa juwaplı)

**1. (Imla B (J1) – 4 ball)** Gáptegi san menen berilgen sózlerden imlalıq jaqtan NADURÍS jazılǵan sózlerdi anıqlań. *Juwaptı belgilengen sanları arqalı beriń.*

1) jalańbas; 2) jaltańlaw; 3) jániwar; 4) jangıriq; 5) jawırın; 6) jaymashıwaq; 7) jayparaqat; 8) jamáát; 9) járiyalaw; 10) jınayat.

**JUWAP:** ________________________

**2. (Fonetika Q (J1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi túsirilip qaldırılǵan seske sıpatlama beriń. *Juwaptı san formasında beriń.*

Azot sózi "ómir ushın jarams...z" degen mánini ańlatadı.

1) juwan; 2) jińishke; 3) ashıq; 4) qısıq; 5) erinlik; 6) eziwlik

**JUWAP:** ________________________

**3. (Seslik qubılıslar Q (A1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi metateza qubılısına ushırap aytılatuǵın sózdi anıqlap jazıń. *Juwaptı 1 sóz benen beriń.*

Ósimlikler topıraqtan azotlı birikpelerge bay azıqlıq elementlerdi aladı.

**JUWAP:**

| |
|---|
| |

**4. (Punktuaciya Q (J1) – 6 ball)** Berilgen gápte qaysı irkilis belgileri izbe-iz qoyılıwı kerekligin anıqlań. *Keteksheleerge anıqlaǵan irkilis belgilerińizdi qoyıń.*

Bunıń aqıbetin ańlay alǵan qabırǵalar Iltimas bunday islemeń Deneńizge qarap wazıypańızdı kishi dep oylamań depti

**JUWAP:**

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | |

**5. (Morfologiyalıq stilistika Q (A1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi belgilep kórsetilgen tirkewishlerdi qaysı túpkilikli tirkewish penen almastırıp qollanıwǵa boladı. *Juwaptı eki sóz benen beriń.*

1) Olar bazardan keliwi máttal jumıslarına jónedi. 2) Kitap qoymasında 50ge juwıq ádebiy shıǵarmalar bar edi.

**JUWAP:**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | | 2 | |

**6. (Leksikalıq stilistika Q (J1) – 6 ball)** Berilgen mısallardı tiyisli birlikler menen sáykeslendiriń. *Juwapqa tiyisli háriplerdi jazıń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Qańbaqtay – qarmaqtay | A) leksikalıq antonim |
| 2 | Biymáni – mánili | B) grammatikalıq antonim |
| 3 | Biyik – pás | C) kontekstlik antonim |
| 4 | Saqıy – sıqmar | |
| 5 | Báhár – záhár | |
| 6 | Alıw – beriw | |

**JUWAP:**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

**7. (Fonetikalıq tallaw B (A1) – 4 ball)** Berilgen gápte neshe bir sesten ibarat ashıq buwın qatnasqan? *Durıs juwaptı san menen beriń.*

Dvigatel hám shóp saqlaytuǵın qoralarda jandırılǵan azot topıraqqa qaytpay, tuwra atmosferaǵa shıǵıp ketedi.

**JUWAP:** ______________________

**8. (Leksikalıq tallaw Q (A1) – 6 ball)** Súwretlew qurallarınan – epitetke mısal bola alatuǵın juwaplardı anıqlań. *Durıs juwaptı san menen beriń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1) Jıllı sezimler edi. | 6) Ómirdiń shańı bastı. | 7) Altın qollar talmasın. |
| 2) Tırnaqqa zar. | 5) Dala maliykasın ekti. | 8) Ájiniyazdı oqıdım. |
| 3) Sahra búlbúli keldi. | 4) Asırandı baladay bozladı. | 9) Hinji tisli qızlar keldi. |

**JUWAP:** ______________________________

**9. (Morfemalıq tallaw Q (J1) – 6 ball)** Berilgen juwaplardaǵı astı sızılǵan sózlerdiń qaysı qospa sóz túrine kiretuǵınlıǵın durıs sáykeslendiriń. *Durıs juwaptı sanlar menen beriń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Sonıń ishinde, mine, **kino tarawın** alıp qarayıq. | a) qospa atlıq<br>b) qospa feyil<br>c) qospa sanlıq |
| 2 | Ǵárezsizlik bolmaǵanda **qaraqalpaq tilinde** kórkem film dóretiw haqqında qıyal etiwdiń ózi fantastikaday bir nárse edi. | |
| 3 | Hátteki, "Ózbekfilm"niń ózi shıǵaratuǵın kinosınıń atın qoyıwǵa da Moskvadan **ruqsat alıwı** kerek bolǵan. | |
| 4 | Jigirma jıl ishinde (1991-2011-jj) studiya **eki júzden aslam** hújjetli filmlerdi súwretke aldı. | |
| 5 | Bulardan basqa úsh multfilm jaratıldı, altı multfilm **dublyaj islendi.** | |
| 6 | Qaraqalpaq dástanları atlı etnografiyalıq filmi sıylı orınlardıń birin iyelewge **miyasar boldı.** | |
| 7 | 2011-jılı ótkerilgen tańlawda **"Qaraqalpaqfilm"** studiyası tárepinen súwretke alınǵan | |

**JUWAP:**

| a | b | c |
|---|---|---|
| | | |

**10. (Sintaksislik tallaw Q (A1) – 6 ball)** San menen (1, 2, 3, 4) berilgen gápler qospa gáptiń qaysı túrine kiretuǵınlıǵın anıqlań. *Durıs juwaptı sanlar menen beriń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Jıynaqta rayonda qaldı, sebebi oǵan armiyaǵa baratuǵınlardı stanciyaǵa arbalı aparıw tapsırılǵan edi. (*Sh. A.*) | a) dizbekli qospa gáp<br>b) baǵınıńqılı qospa gáp<br>c) dánekersiz qospa gáp |
| 2 | Attan túsip piyadalap júrgen eken, sonda da dawıl olardıń bet terisin sıpırıp alǵan. (*Sh. A.*) | |
| 3 | Dos sırtıńnan maqtaydı, dushpan kózińshe maqtaydı. (Naqıl) | |
| 4 | Bir kúni paxta gúlley baslaǵan waqıtta, Axun oydıń jiyegine bir mashina kelip toqtadı. (*Ó. X.*) | |

**JUWAP:**

| a | b | c |
|---|---|---|
| | | |

Bunnan eki júz jılday burın alımlar atmosferada janbaytuǵın, reńsiz, iyissiz, mazasız hám dem alıw ushın jaramsız gaz bar ekenligin anıqladı. Bul gaz “azot” dep ataladı. Azot sózi “ómir ushın jaramsız” degen mánini ańlatadı. Sebebi, azot atmosfera quramında bolıp, dem alıw ushın jaramsız hám janbaytuǵın gaz. Azot tabiyatta eki atomlı gaz túrinde tabılǵan ximiyalıq element bolıp, ol bir-birine baylanǵan eki azot atomınan ibarat ($N_2$). Onıń dáwirlik kestedegi belgisi “N” bolıp, ol Jer atmosferasınıń 78%in quraydı.

Tábiyatta azot gaz túrinde ushırasadı. Biraq adamlar onı temperetura hám basımnıń ózgeriwi arqalı suyıqlıq hám qattı elementlerge aylandıra aldı. Onıń eń kóp qollanılıwı suyıq túrde bolsa da, sonı aytıp ótip ótiw orınlı, suyıq azot tek anıq maqsetlerde hám abaylılıq penen isletiliwi kerek. Azot kóplegen ximiyalıq elementler, sonıń ishinde, awıl xojalıǵı ónimdarlıǵın arıttırıw ushın zárúr bolǵan tóginler islep shıǵarıwda tiykarǵı komponent esaplanadı.

Dáslep laboratoriya shárayatında azottıń basqa elementler menen birigiwdi “qálemewi” gúzetiledi. Keyinirek bolsa azottıń basqa elementler menen birikken halda ushırawı da anıqlandı; jasın birneshe minutta hawa tempereturasın júdá joqarılatıp jiberedi hám nátiyjede atmosferadaǵı azot kislorod, vodorot hám basqa elementler menen birige baslaydı. Jawın bolsa birikpelerdi eritip jerge alıp túsedi. Sol tárizde azot topıraqqa jıynaladı hám belok elementleri quramına kiredi. Belok bolsa barlıq tiri janzatlardıń negizi esaplanadı.

Ósimlikler topıraqtan azotlı birikpelerge bay azıqlıq elementlerdi aladı. Otxor haywanlar óziniń jasawı ushın zárúr bolǵan azottı ósimliklerden alsa, góshxor haywanlar olardıń olardıń góshin jep, ózine kerekli azotqa iye boladı. (4) Olar nabıt bolǵanında azot jáne topıraqqa qaytadı.
Dvigatel hám shóp saqlaytuǵın qoralarda jandırılǵan azot topıraqqa qaytpay, tuwra atmosferaǵa shıǵıp ketedi. Quramında azot bolǵan elementlerden insan jasalma talshıq, dári-dármaqlar, partlawshı elementler tayarlawda da qollanadı.

**11. (Tekstti túsiniw B (J1) – 4 ball)** Tekst boyınsha berilgen sózlerdiń qaysıları azotqa tiyisli táriyipler ekenligin anıqlań. *Juwaptı sanlar formasında beriń.*

1) iyissiz; 2) qáwipli; 3) janbaytuǵın; 4) mazasız; 5) metall; 6) amorf; 7) dem alıwǵa jaramsız; 8) xlor.

**JUWAP:**

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | |

**12. (Tekstti túsiniw Q (A1) – 6 ball)** Berilgen abzactı tekst boyınsha salıstırıń. Gáptegi qaysı sóz maǵlıwmatlıq jaqtan nadurıs qollanılǵanlıǵın anıqlań. *Juwaptı bir sóz formasında jazıń.*

Jawın bolsa birikpelerdi eritip jerge alıp túsedi. Sol tárizde azot topıraqqa jıynaladı hám belok elementleri quramına kiredi. Belok bolsa kópshilik tiri janzatlardıń negizi esaplanadı.

**JUWAP:** ___________________________

**13. (Tekstti túsiniw P (J1) – 8 ball)** Tekst boyınsha berilgen maǵlıwmatlardıń qaysıları durıs maǵlıwmat esaplanadı? *Juwaptı sanlar formasında beriń.*

1) Azot júdá joqarı tempereturadaǵı basqa elementler menen birikpe payda etiwi múmkin. 2) Shóp saqlaytuǵın qoralarda jandırılǵan janılǵıdan azot topıraqta toplanıp qaladı. 3) Atmosfera hawasınıń derlik besten tórt bólegi azottan ibarat. 4) Azot sap halda tek sanaat hám dári ónimleri quramında ǵana ushıraydı.

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

## II BASQÍSH (keńeytilgen juwaplı)

**14. (Tekstli talqı P (A3) – 13 ball)** Berilgen qatarlardı oqıń hám tapsırmalarǵa juwap jazıń.

Tolqın qashar sulıw ármanlar yańlı,
Qız entigip quwar bir tınım almay,
Bir ǵaybana dawıs hár demin ańlıp,
Qızdı aldastırar izinen qalmay. (I.Yusupov).

1) Úzindidegi astı sızılǵan qatarda qaysı súwretlew quralı qollanılǵan?
2) Bul trop arqalı ne ańlatılǵan?
3) Bul súwretlew quralınıń belgilerin jazıń.

**JUWAP:**

1)____________________________________________________________

2)____________________________________________________________

3)____________________________________________________________

**15. (Oqıp túsiniw P (A3) – 13 ball)** Berilgen tekstti oqıń. Sorawlarǵa juwap jazıń.

Kletkadaǵı organikalıq zatlar ishinde beloklar muǵdarı hám áhmiyeti jaǵınan birinshi orındı iyeleydi. Beloklar joqarı molekulalı kolloid birikpe bolıp, aminokislotalardan quralǵan. Olar gidrolizlense, aminokislotalarǵa tarqaladı.

Beloklardıń elementar quramı karbon, vodorod, kislorod, azot hám de kúkirtten ibarat. Olardıń quramında ayırım waqta fosfor da ushıraydı. Beloklar quramındaǵı azot muǵdarı turaqlı bolıp, ortasha 16% ti quraydı. Tiri organizmler quramında ushıraytuǵın beloklar júdá kóp hám hár qıylı bolıp, hárbir belok ózine tán aminokislotalar izbe-izliginen ibarat. Belok molekulaları jip tárizli yamasa domalaq formalarǵa iye boladı. Kletkada beloklar hár túrli wazıypalardı orınlaydı.

Bulardan eń áhmiyetlisi strukturalar (latınsha – “dúzilis”) payda etiw bolıp esaplanadı. Beloklar barlıq organoidlar hám kletka membranalarınıń dúzilisinde qatnasadı. Beloklardıń eń

áhmiyetli qásiyetleriniń biri katalizatorlıq wazıypasın orınlaydı. Barlıq biologiyalıq katalizatorlar yaǵnıy, fermentler belok tábiyatına iye. Olar anorganikalıq katalizatorlardan parıqlı ráwishte ximiyalıq reakciyalar tezligin on mıńlap hátte júz mıń mártebege asıradı. Tiri organizmlerdiń háreket etiw qásiyeti qısqarıwshı beloklar qatnasıwında payda boladı. Bul beloklar kletka hám organizmler menen baylanıslı barlıq háreket túrlerinde qatnasadı. Beloklardıń tasıw (transport) wazıypası olarǵa tán bolǵan jáne bir áhmiyetli qásiyetlerdiń biri. Máselen, gemoglobin belogi kislorodtı dene organları hám toqımalarına tarqatıw wazıypasın atqaradı.

1) Belok qanday xızmet atqaradı?
2) Beloklardıń elementar quramı nelerden ibarat?
3) "Katalizatorlıq wazıypası" sóziniń mánisin túsindirip beriń.

**JUWAP:**

1)______________________________________________________________________________
______________________________________________________________________________
______________________________________________________________________________
______________________________________________________________________________
______________________________________________________________________________
______________________________________________________________________________

2)______________________________________________________________________________
______________________________________________________________________________
______________________________________________________________________________
______________________________________________________________________________
______________________________________________________________________________
______________________________________________________________________________

3)______________________________________________________________________________
______________________________________________________________________________
______________________________________________________________________________
______________________________________________________________________________
______________________________________________________________________________
______________________________________________________________________________

## VII VARIANT

### I BASQÍSH (qısqa juwaplı)

**16. (Xalıq awızeki dóretpeleri B (A1) – 8 ball)** Qaysı dástannan alınǵan úzindi ekenligin anıqlań.

Qandarıń izde qaldı dep,
Tuw artına qarasa,
Jetkenin dáwdiń kóredi,
Ájeliniń jetkenin,
Sol jerlerde biledi.
Dáwler qoldı sermeydi,
Qolı quyrıqtı ilmeydi,
Miyneti kúyip kiyatır.

1) "Alpamıs"; 2) "Qırq qız"; 3) "Edige"; 4) "Qoblan"; 5) "Bozuǵlan". *Durıs juwaptı san menen beriń.*

**JUWAP:** ________________________

**17. (Klassikalıq ádebiyat Q (J1) – 9 ball)** Berilgen úzindini oqıń. Bul ádebiyattaǵı qaysı janr esaplanadı? a) qosıq; b) ǵázzel; c) poema; d) rubayı. *Durıs juwaptı hárip penen beriń.*

Saǵıyranıń qanları,
Suw ornına tógildi.
Ataǵa bala qaramay,
Balaǵa ata qaramay. **JUWAP:** ________________________________

**18. (Qaraqalpaq ádebiyatı Q (A1) – 9 ball).** Berilgen qatarlar qaysı shıǵarmadan alınǵan? Bul berilgen qatarlardı aytqan qaharman unamlı hám unamsızlıǵına qaray xarakteristika beriń. *Juwaptı hárip hám sanlar menen beriń.*

1) “Saqawat baǵı” draması;
2) “Qarız” gúrrińi;
3) “Juldızlı túnler” romanı;
4) “Túrkstan” romanı;
5) “Kóp edi ketken tırnalar” povesti.

a) unamlı qaharman; b) unamsız qaharman.

– Ata, adam balası dúnyaǵa kelgennen baslap bir kásipti iyelewi kerek eken. Batır bolıw kásip emes-ras. Bir mártebe ústine sawıt kiygen adam bárhama sawashtı kúseydi. Sawashtı kúsegen adam baxıtlı bola almaydı. Sonıń ushın da meniń batır bolǵım kelmeydi.

**JUWAP:**

| Shıǵarmanıń tártip nomeri | xarakteristikası |
|---|---|
| | |

**19. (Jáhán ádebiyatı Q (A1) – 9 ball).** Erix Mariya Remarktıń “Batıs frontta ózgeris joq” romanı kimniń tilinen bayan etiledi? *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

**JUWAP:** ________________________________

**20. (Klassikalıq talqı Q (A1) – 9 ball).** Berilgen qatardaǵı ajıratıp kórsetilgen sózler qaysı súwretlew quralı esaplanadı? *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

Kel-kel deydi májnuntal,
Qolın bılǵar úyrekler. **JUWAP:** ________________________________

... Qápelimde balanıń mánisi qashtı. Dál qay jeri awırıp turǵanın bilmeydi, ózin bir túrli awırıp turǵanday seze berdi. Awqat iship, televizor kórip te mánisi bolmadı. Kúndegidey jatar aldında qatarın oqqa toltırıp, mıltıǵın súmbelep qoyıwǵa da zawqı soqpadı. Mıltıq esikten kirgen jerde qalay súyep qoyılǵan bolsa, sol qálpinde qaldı. Tek shaydan bir-eki urtlaǵan boldı. Sóytti de uyqılap qalıw maqsetinde ornına kelip jattı. Onıń menen, qáne, kózi ilinse! Burınları qıyalına keltirmeytuǵın bir nárseler yadına túsip, kóz aldına ólim halatındaǵı qırǵawıl keldi de turdı. «Ǵı-ǵıq»laǵan ashshı dawıs, jan aybat penen aspanǵa atılıwı, qaytıp jerge jalp etip túsiwi, qanatınan aqqan qıp-qızıl qan, qanatın jayıp jiberip kózleri mólteńlep, es-tússiz jatıwı — bári kóz aldında kem-kem jańlana berdi. Aqırı dógerektiń bári — úy de, zatlar da, adamlar da qıp-qızıl qan bolıp ketti. Ol qannan basqa hesh zat kórmey qaldı. Qıp-qızıl qan kóz aldında sorǵalap tırs-tırs tamıp turdı...

«Biyshara qus óldi-aw» dedi állenemirde ózine kelip. Bunnan basqa oyına hesh zat kelmedi. Azdan soń «qıp-qızıl qan» taǵı «ekranǵa» shıqtı. Qarawǵa dińkesi bolmadı, miyi aylandı. Aqırı, sharshap hálsiregen halında uyqılap ketti. Biraq uyqılap ta jarımadı. Kózi iliniwden-aq bir nárselerdi

aytıp qattı baqırdı, gá shalqasınan, gá óńmeninen tusip awnaqshıy berdi. Állenemirde óz-ózinen shorshıp oyandı.

Apası menen ağası ele uyqılamay otır eken. Álleneden húreylengendey betlerine jaltaq-jaltaq qarap qoyadı.

— He sizler ekensizler ǵoy! — dedi állenemirde tilge kelip. Sóytti de kózin, qayta jumıp jatıp qaldı. Biraq qaytıp uyqısı kelmedi. Apası menen ağasınıń sóyleskenleri qulağınıń túbinde naqma-naq esitilip turdı.

— Sorlı bala sharshağan ǵoy, — dep gáp basladı anası onı «uyqılap qaldı ǵoy» dep oylap. Bir tınım joq, aqırı azannan keshke deyin geziw. Usı mıltıq emes bále boldı. Kúnde «bir nárse bolıp qalmaǵay-dá» dep jağańa qolıńdı aparıp otırğanıń. Ey, sadağası keteyin, ákelgen qırğawılınıń da!...

— Óziń bir obalıń joq adamsań-dá! Usı mıltıqtı «joq et, joq et!» — dep aytqanım qashshan sağan, jılamaqtan ishegi shıqsa da berme qolına. Usı mıltıq qay waq, bir waq bizdi biyábirey etedi.

— Qáydem bileyin, ań-qustıń góshi sağan shıpa bola qoya ma degenimiz edi ǵoy...

— Shukir, házir táwirmiz ǵoy. Quda qálese, aldımızdağı báhár salıǵa aralasaman ba dep te otırman. Sen basqanı qoy, usı mıltıqtı joq et, qaytıp uslatpa balağa. Qırğawıldıń góshin jemesek te qurǵulaq bolıp qalmaspız. Bul bala bizge abıray áperetuǵın túri joq. Keshegi kelgen jasıl qorıqshı jigit te «ákesiseń ǵoy, aytıń, túsindiriń» dep atır. Mına sovxozda balıq órshitip, toǵaylardı urı-bóriden, órtten qorıp júrgen de ózindey balalar qusaydı. Bul ońbağandı ańlıp, uslap almaqshı da bolǵan ba, qalay-qalay?!

— Áytewir de anaw kúni birewlerden qashıp kiyatırǵanday bolıp kelip edi-aw! Ol balalar da qızıq eken. Bunı uslağansha Shegir mergendi nege uslamaydı eken? Sol ǵoy duyım jurttıń ańın qırıp boldı. Obalın aytsań-á!

— Háy, sen basıń isken adam ekenseń! Obaldı biletuǵın bolǵanda áp-ánedey toǵaylardı qırıqpas edi. Mına otırǵan tamımızdıń ornına deyin jıs toǵay edi ǵoy...

Bala bul gáplerdiń bárin esitip jattı. Biraq onda negedur bul aytılǵanlardıń birparalarına sóz qosıw, juwap qaytarıw, yaki soraw qoyıwǵa degen qızıǵıwshılıq ta bolmadı. Tek únsiz jata berdi. Degen menen, oyshań edi. Onı bir nárse qattı tınıshsızlandırdı. Ol ele sol jaralı qırǵawıl menen hálek edi. Mına gáplerdi esitkenge me, onıń bul oyı ábden tereńlese berdi. «Biyshara qus óldi-aw, — dedi ol taǵı qaytalap. — Sonda men onı nege úyge ákele qoymadım?! Qanatın há jaqsılap tańǵanda ma edi. Jańa aǵam «toǵaydı qorıp júrgen de, balıq órshitip júrgen de ózindey balalar qusaydı» demedi me?»

«Haw, toqta! — dep oyların dawam etti ol állenemirden soń. Olar meni uslap almaqshı bolǵan dey me? Nege? Aǵama kelip ketken kim eken? «Aytıń, túsindiriń» — dep ol sonda neni aytpaqshı? Aǵama nege meniń mıltıq atqanım unamaydı? Toǵay, ań-qus joq bolıp baratır dey me? Demek, olar qurıp pitse, adam da joq boladı eken ǵoy...»

Onıń usınday oylardan tańǵa kirpigi ayqaspadı. Jaralı qus qayta-qayta yadına túse berdi...

***K.Allambergenov***

**21. (Shıǵarma talqısı B (J1) – 8 ball)** Berilgen shıǵarma janrlıq jaqtan prozanıń qaysı túrine tiyisli ekenligin anıqlań. *Juwap bir sóz benen jazıń.*

**JUWAP:** ________________________

**22. (Obrazlarǵa sıpatlama Q (J1) – 9 ball)** Baladaǵı sezimlerdi durıs anıqlań.

a) quwanısh; b) qızǵanısh; c) jerkenish; d) ókinish; e) maqtanısh; g) qorqınısh. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

**23. (Tekst xronologiyası Q (J1) – 9 ball)** Berilgen pikirlerdi shıǵarma waqıyası boyınsha izbe-izlikke qoyıń.

1) Sovxozdaǵı balıq órshitiw jumısları maqtaldı.
2) Bala uyqılay almay arman-berman awnadı.
3) Ata-ana balasınıń izlenip atırǵanlıǵın ayttı.
4) Bala qırǵawıldı atıp qoydı.

**JUWAP:** ________________________

**24. (Maǵlıwmatlar talqısı P (J1) – 14 ball)** Tekst boyınsha berilgen juwaplardıń durıs hám nadurıslıǵın anıqlań. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

a) Balanıń óz ishki sezimleri menen ayqasıwına qulaǵına esitilgen ata-anasınıń sáwbeti sebep boldı.
b) Balanıń qırǵawıldı awlawdan maqseti ákesine em boladı dep oylawı edi.
d) Shıǵarmada bala tárbiyası hám adamgershilik baslı máselelerden biri.
e) Ata-anasınıń dialogında ákesi birinshi bolıp gáp baslaydı.
f) Shıǵarmada shegir qassap haqqında sóz etiledi.
g) Ata-anası sáwbetinde balanıń táǵdiri haqqında sóz boladı.

**JUWAP:**

| Durıs | Nadurıs |
|---|---|
| | |

## II BASQÍSH (keńeytilgen juwaplı)

**25. (Shıǵarmanı talqılaw (keńeytilgen juwaplı) P (A3) – 16 ball)**
F.Shillerdiń «Qolǵap» shıǵarması boyınsha pikirleń.




**JUWAP:**

______________________________________________________________________________

______________________________________________________________________________

______________________________________________________________________________

______________________________________________________________________________

______________________________________________________________________________

______________________________________________________________________________

## VIII VARIANT

### I BASQÍSH (qısqa juwaplı)

**1. (Imla B (J1) – 4 ball)** Gáptegi san menen berilgen sózlerden imlalıq jaqtan NADURÍS jazılǵan sózlerdi anıqlań. *Juwaptı belgilengen sanları arqalı beriń.*

1) kabap; 2) kambaǵal; 3) kegeylishi; 4) kelsap; 5) kenkildew; 6) kesbas; 7) kino aktyor; 8) kitabıy; 9) konditer; 10) kólem.

**JUWAP:** ________________________

**2. (Fonetika Q (J1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi túsirilip qaldırılǵan seske sıpatlama beriń. *Juwaptı san formasında beriń.*

Bul puwlar bult formasında suw tamshıların ózine jáml...ydi.

1) juwan; 2) jińishke; 3) ashıq; 4) qısıq; 5) erinlik; 6) eziwlik

**JUWAP:** ________________________

**3. (Seslik qubılıslar Q (A1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi keyinli tásir nátiyjesinde túbiri ózgeriske ushırap turǵan sózlerdi anıqlap jazıń. *Juwaptı 2 sóz benen beriń.*

Bulttıń qalıńlıǵına qarap onıń jawıw muǵdarın shamalaw múmkin.

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

**4. (Punktuaciya Q (J1) – 6 ball)** Berilgen gápte qaysı irkilis belgileri izbe-iz qoyılıwı kerekligin anıqlań. *Ketekshelerge anıqlaǵan irkilis belgilerińizdi qoyıń.*

Ol tek bir is penen bánt sanlardı qosıp-alıw menen shıǵıllanadı Azannan keshke deyin aytatuǵını bir gáp Men saldamanlı adamman deydi

**JUWAP:**

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | |

**5. (Morfologiyalıq stilistika Q (A1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi belgilep kórsetilgen tirkewishlerdi qaysı atawısh hám feyil tirkewishler menen almastırıp qollanıwǵa boladı. *Juwaptı eki sóz benen beriń.*

Para qalasında jawın hár kúni bir waqıtta jawǵanı ushın adamlar saatın jawınǵa qarap tuwrılap alıwı múmkin.

**JUWAP:**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | | 2 | |

**6. (Leksikalıq stilistika Q (J1) – 6 ball)** Berilgen mısallardı tiyisli birlikler menen sáykeslendiriń. *Juwapqa tiyisli háriplerdi jazıń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Nadurıs – durıs | A) leksikalıq antonim |
| 2 | Quwıw – qashıw | B) grammatikalıq antonim |

| | | |
|---|---|---|
| 3 | Sabırlı – sabırsız | C) kontekstlik antonim |
| 4 | Báhár – záhár | |
| 5 | Qarmaqtay – qańbaqtay | |
| 6 | Biymálim – málim | |

**JUWAP:**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

**7. (Fonetikalıq tallaw B (A1) – 4 ball)** Berilgen gápte neshe ashıq buwın qatnasqan? *Durıs juwaptı san menen beriń.*

Bulttıń qalıńlığına qarap onıń jawıw muğdarın shamalaw múmkin.

**JUWAP:** ________________________

**8. (Leksikalıq tallaw Q (A1) – 6 ball)** Súwretlew quralların – metaforağa mısal bola alatuğın juwaplardı anıqlań. *Durıs juwaptı san menen beriń.*




**JUWAP:** ________________________________

**9. (Morfemalıq tallaw Q (J1) – 6 ball)** Berilgen gáplerdegi qara menen ajıratılğan sózler ráwishtiń qaysı túri ekenligin anıqlań. Durıs sáykeslendiriń. *Durıs juwaptı sanlar menen beriń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Bir awılda eki dos bolıp, **bir kúni** birge saparğa shığatuğın bolıptı. | a) waqıt ráwishi<br>b) orın ráwishi<br>c) sın ráwishi |
| 2 | Jol júrip bir **toğayğa** kelipti. | |
| 3 | Toğaylıqtan óte bergende, toğaydıń arasınan ayıw shığıp bularğa **birden** topılıptı. | |
| 4 | Birewi ayıwdı kórip **dárriw** ağashtıń basına órmelep ketipti. | |
| 5 | Qalğan adam ayıwdı **keshlew** kórip qalıptı | |
| 6 | Qashıwğa da imkaniyat joq, ne qıların bilmey **bir orında** turıp qalıptı | |
| 7 | **Sonda** birden qıyalına jası úlkenlerdiń Ayıw ólgen adamğa tiymeydi degeni esine túsipti. | |
| 8 | Ayıw mağan **bılay** aqıl úyretti | |

**JUWAP:**

| a | b | c |
|---|---|---|
| | | |

**10. (Sintaksislik tallaw Q (A1) – 6 ball)** San menen (1, 2, 3, 4) berilgen gápler qospa gáptiń qaysı túrine kiretuǵınlıǵın anıqlań. *Durıs juwaptı sanlar menen beriń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Ótebaydıń qáteligi mınada edi: onıń oyınsha suw bar jerdiń bárinde balıq bar. (*Ó. A.*) | a) dizbekli qospa gáp<br>b) baǵınıńqılı qospa gáp<br>c) dánekersiz qospa gáp |
| 2 | Qońıratlılar tariyxta qanshelli erte kóringeni sıyaqlı, Qońırat qalası da qaraqalpaq tariyxında erteden belgili (I.Y.). | |
| 3 | Aqsulıw da Turdıbektiń turpayı sózlerine ashıwlanıp qalǵan, solay da ol tuwısqan degen sózdi ayrıqsha bahalaydı. (*X. S.*) | |
| 4 | Shımshıqtıń párin burqıratıp jep bolıp shaqaǵa qonıp mızǵıǵanı sol, kózdi ashıp jumǵansha jılt etip saǵal payda boldı da qırǵıydı qaǵıp aldı (T.Q.). | |

**JUWAP:**

| a | b | c |
|---|---|---|
| | | |

Jawın tábiyattıń eń ájayıp hádiyseleriniń biri esaplanadı. Onıń kelip shıǵıwı haqqında ilimiy teoriyalar islengen. Hawanıń ıssı kúnlerinde jer júzinde suwlar puwlanadı hám hawaǵa kóteriledi. Bul puwlar bult formasında suw tamshıların ózine jámleydi. Bult quramında hawa temperaturası qanday halatta bolıwınan kelip shıǵıp, ol jawın, burshaq yaki qar jawdırıwı múmkin. Bir qaraǵanda bul júdá ápiwayı process sıpatında kóriniwi múmkin, biraq suw puwlanıwınan tartıp tap jawın bolıp jerge qaytqansha kóp hádiyseler júz beredi.

Jawın jawǵannan soń átiraptı ózgeshe iyis iyeleydi. Bul iyisti kóbshilik insanlar jawın iysi dep ataydı. Biraq jawın iyiske iye emes. Jawın-shashın waqtında keletuǵın iyis bolsa, topıraq qatlamınıń betinde ızǵar payda bolǵanda payda bolatuǵın iyis esaplanadı. Bulttıń qalıńlıǵına qarap onıń jawıw muǵdarın shamalaw múmkin. Ásirese, tolıq qarayǵan halatta turǵan bult kóbirek jawınǵa sebep bolsa, siyrek bultlardan derlik jawın jawmaydı.

Jawın haqqında kóp qaraslar bar. Bulardıń ishinde diniy túsiniklerge barıp taqalatuǵın jawın máresimleri qızıqlı esaplanadı. Jawın qubılısına qızıǵıw hám onı dáslep ápiwayı qaraslar menen izertlew tas dáwirinen baslanǵan.

Jawınnıń tábiyattaǵı estetikalıq zawıq beriwshi elementi, bul ayqulaq esaplanadı. Ayqulaq jawın jawıwı dawamında kózge taslanadı. Bunıń ushın aspannan túsip atırǵan tamshıǵa quyash nurı 42 $C^o$ múyesh astında túsiwi kerek boladı. Túrli mámleketlerde jawın túrlishe simbol sıpatında bahalanadı. Mısal ushın, Portugaliyada jawın jawsa, jergilikli xalıq jumısqa shıqpaw huqıqına iye. Para qalasında jawın hár kúni bir waqıtta jawǵanı ushın adamlar saatın jawınǵa qarap tuwrılap alıwı múmkin. Búgingi kúnde radio hawa rayı maǵlıwmatların úzliksiz berip barıwına da usı jawın sebep bolǵan, sebebi AQSh radiostansiya baslıǵı jawında qalıp ketiw nátiyjesinde óz qánigelerine jawın, ulıwma hawa rayı maǵlıwmatların kúnlik berip barıwdı talap etken.

**11. (Tekstti túsiniw B (J1) – 4 ball)** Tekst boyınsha berilgen sózlerdiń qaysılarınan jawın payda bolatuǵınlıǵın anıqlań. *Juwaptı sanlar formasında beriń.*

1) suw; 2) iyis; 3) nur; 4) puw; 5) ayqulaq; 6) bult; 7) salqın hawa.

**JUWAP:**

| | | |
|---|---|---|
| | | |

**12. (Tekstti túsiniw Q (A1) – 6 ball)** Berilgen abzactı tekst boyınsha salıstırıń. Gáptegi qaysı sóz maǵlıwmatlıq jaqtan nadurıs qollanılǵanlıǵın anıqlań. *Juwaptı bir sóz formasında jazıń.*

Búgingi kúnde radio hawa rayı maǵlıwmatların úzliksiz berip barıwına da usı jawın sebep bolǵan, sebebi AQSh radiostansiya xızmetkeri jawında qalıp ketiw nátiyjesinde óz qánigelerine jawın, ulıwma hawa rayı maǵlıwmatların kúnlik berip barıwdı talap etken.

**JUWAP:** ________________________

**13. (Tekstti túsiniw P (J1) – 8 ball)** Tekst boyınsha berilgen maǵlıwmatlardıń qaysıları durıs maǵlıwmat esaplanadı? *Juwaptı sanlar formasında beriń.*

1) Ayqulaq jawın jawıwınan burın yaki jawıp atırǵanda shıǵıwı múmkin. 2) Dúnyanıń heshqaysı orınında hár kúni bir waqıtta jawın jawmaydı. 3) Radioda hawa rayı maǵlıwmatların úzliksiz berip barıwǵa da jawın sebepshi bolǵan. 4) Jawınnıń tábiyattaǵı eń estetikalıq zawıq beriwshi elementi – bul ayqulaq esaplanadı.

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

## II BASQÍSH (keńeytilgen juwaplı)

**14. (Tekstli talqı P (A3) – 13 ball)** Úzindini oqıń hám tapsırmalarǵa juwap jazıń.

Way, esim qurısın, way qam gelle bolmay keteyin! Qarań-á, sonsha waqıttan berli siz benen gúrrińlesip otırıppan, qanshadan-qansha gúrrıń aytıp bersem de, sizge awılım haqqında **bir awız da** aytıp bermeppen ǵoy. Aqırı, kúnlerden bir kúni Mollahashımbaydı kórgińiz kelip qalsa yamasa xat arqalı kewlin soramaqshı bolsańız, adresimdi bilmeysizler ǵoy!

1) Úzindidegi qara menen berilgen sóz qaysı súwretlew quralı?
2) Bul sóz arqalı ne ańlatılǵan?
3) Bul súwretlew quralınıń belgilerin jazıń.

**JUWAP:**

1)________________________________________

________________________________________

________________________________________

2)________________________________________

________________________________________

________________________________________

________________________________________

________________________________________

________________________________________

________________________________________

________________________________________

3)________________________________________

________________________________________

________________________________________

________________________________________

________________________________________

________________________________________

**15. (Oqıp túsiniw P (A3) – 13 ball)** Berilgen tekstti oqıń. Sorawlarǵa juwap jazıń.

2002-jıldıń basında Mask búgingi kúnde Space Exploration Technologies yamasa SpaceX atı menen tanılǵan kompaniyaǵa tiykar saldı. Masktıń maqsetleri úlken bolǵan: kosmik párwazlardı on ese arzanlastırıw. SpaceXtiń eń dáslepki kosmik qurılmaları "Juldızlar sawashı"ndaǵı kosmik keme húrmetine "Mıń jıllıq suńqar" dep atalǵan. Álbette, gáp Falcon 1 hám 9 raketa haqqında.

Jáne bir qurılmaǵa "Puff the Magic Dragon" qosıǵınıń húrmetine at qoyılǵan. Kosmik kemeniń atı – Dragon – SpaceXtiń heshqashan raketaların kosmosqa ushıra almaytuǵınıń aytqan sınshılarǵa juwap sıyaqlı. SpaceXtiń uzaq múddetli maqseti – Marstı iyelew. SpaceXtiń transport hám jolawshı kemeleri Marsqa dawamlı reyslerin baslamaǵansha IPOǵa arza bermeydi, – degen Mask. Solay bolsa da, Masktıń Jerde de jumısları birtalay, ásirese, onıń basqa bir kompaniyası – Teslada…

Tesla kompaniyasına 2003-jıldıń iyulında Martin Eberxard tárepinen tiykar salınǵan. 2004-jılda bolsa Mask birinshi márte kárxanaǵa investiciya kirgizdi. Búgingi kúnde Tesladaǵı investiciyalardıń ulıwma kólemi shama menen 70 million dollardı quraydı. Mask Teslada aǵla dárejede qatnasa basladı, házir ol kompaniyanıń akcionerlerinen biri esaplanadı. Tesla onıń qatnasıwında óziniń birinshi avtomobili — Roadsterdi islep shıǵardı. 2006-jılda, elektron Roadster satıwǵa shıqqan waqıtta Mask Tesla direktorlar keńesiniń baslıǵı bolǵan. Házir ol – kompaniyanıń bas direktorı.

1) Ilon Mask qalayınsha "Tesla" kompaniyasınıń bas direktorına aylandı?
2) Masktıń "SpaceX" kompaniyasına tiykar salıwdaǵı baslı maqseti ne edi?
3) "Kosmik párwaz" degende neni túsinesiz?

**JUWAP:**

1)______________________________________

2)______________________________________

3)______________________________________

## VIII VARIANT

### I BASQÍSH (qısqa juwaplı)

**16. (Xalıq awızeki dóretpeleri B (A1) – 8 ball)** Qaysı dástannan alıngan úzindi ekenligin anıqlań.

Antın alıp bolǵan soń,
Uyısıp qalıp ayaǵı,
Júre almay atqanın,
Sol tóbeniń basınan,
Dumalatıp jiberdi,
Otız birdey balası,
Esin jıynap birim-birim,
Atası jatqan úyine,
Kelip kirgen qusaydı.

1) "Alpamıs"; 2) "Qırq qız"; 3) "Edige"; 4) "Qoblan"; 5) "Bozuǵlan". *Durıs juwaptı san menen beriń.*

**JUWAP:** ________________________

**17. (Klassikalıq ádebiyat Q (J1) – 9 ball)** Berilgen úzindini oqıń. Bul ádebiyattaǵı qaysı janr esaplanadı? a) qosıq; b) tolǵaw; c) terme; d) poema; e) ǵázzel. *Durıs juwaptı hárip penen beriń.*

Qaraqalpaq bermes qızın,
Hámmesi de meniń qozım,
Tiydirmespen tiride ózim,
– Dep Asan er Qoqan keldi. **JUWAP:** ____________________________

**18. (Qaraqalpaq ádebiyatı Q (A1) – 9 ball).** Berilgen qatarlar qaysı shıǵarmadan alınǵan? Bul berilgen qatarlardı aytqan qaharman unamlı hám unamsızlıǵına qaray xarakteristika beriń. *Juwaptı hárip hám sanlar menen beriń.*

1) "Internatta" gúrrińi;
2) "Túrkstan" romanı;
3) "Kóp edi ketken tırnalar" povesti.
4) "Qaraqalpaqnama" roman-essesi;
5) "Búlbúl uyası" poeması.

a) unamlı qaharman; b) unamsız qaharman.

...Qonaq bala qaptalımda kósilip jattı. Basqa ilaj da joq. Qarańǵıda ımlasıwǵa bolmaytuǵının ol mennen de jaqsı túsinedi. Álle nárse aytqısı kelgendey állebir kerekli nárseni sorayjaqtay bazda maǵan qaray burıladı. Ekewimiz teńdey jamılıp jatırǵan qara bóz kórpeden aǵara buldırap kórinip atırǵan júzi «aytajaǵıma ele túsinbediń be!» degendey, bir maydan maǵan qarap jatadı da taǵı aspanǵa tigiledi.

**JUWAP:**

| Shıǵarmanıń tártip nomeri | xarakteristikası |
|---|---|
| | |

**19. (Jáhán ádebiyatı Q (A1) – 9 ball).** Migel de Servantestiń "Lamanshlı Don Kixot" romanında kitapqa qunt qoyǵan kim edi?

*Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

**JUWAP:** ______________________________

**20. (Klassikalıq talqı Q (A1) – 9 ball).** Berilgen qatardaǵı ajıratıp kórsetilgen sózler qaysı súwretlew quralı esaplanadı? *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

**Qıldan názik belları,**
Nazlı qıymıl álları **JUWAP:** ______________________________

Burıngı zamanda ishten soqır bolıp tuwılǵan bala ata-anası menen jasaydı eken. Atası da, anası da adamlardı aldap, haqıların jep, alǵan zatın qaytıp bermeydi eken.

Ata-anası úyinde joq gezde de adamlar kelip, balaǵa baqırıp, ata-anasınan alalmaǵan ashıwın baladan alıp, náletlep ketedi eken.

Bala bir kúni qudayǵa nalıs etip: «Meni nege soqır etip jarattıń?» — depti.

— Sebebi seniń ákeń de, anań da ótirikshi edi, jalaxor edi, — depti quday. Bala bul juwapqa heshteńe dey almay táǵdirine kónip jasay beripti.

Bir kúnleri bala qattı bir nársege súrnigip jıǵıladı. Ol súrnikken zatın sıypalap qarasa, jartısı jerge kómilip atırǵan salmaqlı zat eken. Erinbey qazıp, onı qoparıp aladı.

— Mınaw ne? — deydi ótip baratırǵan birewge.

— Altın ǵoy! — deydi ol.

— Má, sen ala ǵoy – deydi bala.

— Haw, sen altınnıń ne ekenin túsinbeyseń be? — deydi jolawshı.

— Altın jóninde kóp esitkenmen, jaqsı túsinemen. Biraq bul altın meniki emes, — deydi bala. Jolawshı da kútá insaplı adam eken, «óz altınıń ózińdiki bolsın» — dep jónine ketedi.

Bala hayran bolıp «háy, altın joytqan bar ma?» — dep jar saladı. Heshkim shıqpaydı. Bala úyine barıwǵa ata-anasınıń ótiriginen qorqıp, tuwrı qazıǵa baradı hám altındı kámbaǵallarǵa beriwdi soraydı. Sol kúni keshte bala óziniń isinen razı bolıp, uyqıǵa ketipti, azanda oyansa, kózleri kóretuǵın bolǵan eken deydi.

***Xalıq awzınan***

**21. (Shıǵarma talqısı B (J1) – 8 ball)** Berilgen shıǵarma janrlıq jaqtan prozanıń qaysı túrine tiyisli ekenligin anıqlań. *Juwap bir sóz benen jazıń.*

**JUWAP:** ______________________

**22. (Obrazlarǵa sıpatlama Q (J1) – 9 ball)** Balada qanday pazıyletti sezdińiz?

a) menmenlik; b) adamgershilik; c) saqıylıq; d) nápsiqawlıw; e) uyalshaqlıq; g) tákabbırlıq. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

**23. (Tekst xronologiyası Q (J1) – 9 ball)** Berilgen pikirlerdi shıǵarma waqıyası boyınsha izbe-izlikke qoyıń.

1) Bala kóp muǵdarda altın tawıp aldı.
2) Adamlar balaǵa kelip doq urıp kete berdi.
3) Bala jarlılardı quwandıradı.
4) Balanıń ata-anası urlıq isley berdi.

**JUWAP:** ________________________

**24. (Maǵlıwmatlar talqısı P (J1) – 14 ball)** Tekst boyınsha berilgen juwaplardıń durıs hám nadurıslıǵın anıqlań. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

a) Bala ashkóz bolǵanlıqtan kózinen ayrıladı.
b) Ata-anasınıń insaplılıǵı ushın balanıń kózleri kóretuǵın boldı.
d) Balanıń insapsızlıǵı sebepli, ata-anası zıyan kóredi.
e) Bala birewdiń haqı jaman bolatuǵınlıǵın túsinedi.
f) Adamlar ata-anasınıń ayıbı sebepli balaǵa baqıradı.
g) Bala ata-anasına isenbegenlikten altınlardı jarlılarǵa tarqatıwdı qazıǵa tapsıradı.

**JUWAP:**

| Durıs | Nadurıs |
|---|---|
| | |

## II BASQÍSH (keńeytilgen juwaplı)

**25. (Shıǵarmanı talqılaw (keńeytilgen juwaplı) P (A3) – 16 ball)**
Esxildiń «Shınjırlanıp bánt etilgen Prometey» shıǵarması boyınsha pikirleń.




**JUWAP:**
________________________________________________________________________
________________________________________________________________________
________________________________________________________________________
________________________________________________________________________
________________________________________________________________________
________________________________________________________________________
________________________________________________________________________
________________________________________________________________________
________________________________________________________________________
________________________________________________________________________
________________________________________________________________________

## IX VARIANT

### I BASQÍSH (qısqa juwaplı)

**1. (Imla B (J1) – 4 ball)** Gáptegi san menen berilgen sózlerden imlalıq jaqtan NADURÍS jazılǵan sózlerdi anıqlań. *Juwaptı belgilengen sanları arqalı beriń.*

1) qaharman; 2) qájet; 3) qanaat; 4) xanjar; 5) qańbaq; 6) qumırısqa; 7) qastıyan; 8) qayır-saxawat; 9) qadem; 10) qándek.

**JUWAP:** ________________________

**2. (Fonetika Q (J1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi túsirilip qaldırılǵan seske sıpatlama beriń. *Juwaptı san formasında beriń.*

Opera XVII hám XVIII ásirler muzık... kórkem óneriniń kóplegen jónelislerine óz tásirin kórsetti.

1) juwan; 2) jińishke; 3) ashıq; 4) qısıq; 5) erinlik; 6) eziwlik

**JUWAP:** ________________________

**3. (Seslik qubılıslar Q (A1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi ses túsiwi hám arttırılıwı qubılısına mısal bola alatuǵın sózlerdi anıqlap jazıń. *Juwaptı 2 sóz benen beriń.*

Operanıń watanı Italiya bolıp, onıń dáslepki oshaǵı Florenciya esaplanadı.

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

**4. (Punktuaciya Q (J1) – 6 ball)** Berilgen gápte qaysı irkilis belgileri izbe-iz qoyılıwı kerekligin anıqlań. *Ketekshelerge anıqlaǵan irkilis belgilerińizdi qoyıń.*

Hayran qalarlıq nárse eken dedim men Kishkene shahzadaǵa bul jerde hámme nárse bar shember de shelek te bar arqan da bar

**JUWAP:**

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | |

**5. (Morfologiyalıq stilistika Q (A1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi belgilep kórsetilgen tirkewishli sózlerdi qaysı seplik penen almastırıp qollanıwǵa boladı. *Juwaptı eki sóz benen beriń.*

1929-jıl M.Qoriyoqubov 1) ***járdemi menen*** ózbek muzıkalı teatrı iske tústi. Rus kompozitorları menen birgelikte 2) ***balalar ushın*** bir neshe ózbek opera hám baletleri payda bola basladı.

**JUWAP:**

| 1 | | 2 | |
|---|---|---|---|

**6. (Leksikalıq stilistika Q (J1) – 6 ball)** Berilgen mısallardı tiyisli birlikler menen sáykeslendiriń. *Juwapqa tiyisli háriplerdi jazıń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Saqıy – sıqmar | A) leksikalıq antonim<br>B) grammatikalıq antonim<br>C) kontekstlik antonim |
| 2 | Quwıw – qashıw | |
| 3 | Sabırlı – sabırsız | |
| 4 | Báhár – záhár | |
| 5 | Qarmaqtay – qańbaqtay | |
| 6 | Biymálim – málim | |

**JUWAP:**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

**7. (Fonetikalıq tallaw B (A1) – 4 ball)** Berilgen gápte neshe tuyıq buwın qatnasqan? *Durıs juwaptı san menen beriń.*

Birinshi ózbek komediyalı operası – S.Yudakovtıń "Maysaranıń hiylesi" operası.

**JUWAP:** ________________________

**8. (Leksikalıq tallaw Q (A1) – 6 ball)** Súwretlew qurallarınan – metonimiyaǵa mısal bola alatuǵın juwaplardı anıqlań. *Durıs juwaptı san menen beriń.*

1) Tandır órtedim.

2) Júrek - insan dvigateli.

3) "Qırq qız"dı tańladım.

4) Asırandı baladay bozladı.

5) Dala maliykasın ekti.

6) Ómirdiń shańı bastı.

7) Altın qollar talmasın.

8) Tabaqlar tartıldı.

9) Hinji tisli qızlar keldi.

**JUWAP:** ________________________________

**9. (Morfemalıq tallaw Q (J1) – 6 ball)** Berilgen juwaplardaǵı astı sızılǵan sózlerdiń qaysı atlıq sóz túrine kiretuǵınlıǵın durıs sáykeslendiriń. *Durıs juwaptı sanlar menen beriń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Olardan ekewi **shuqır**ǵa túsip ketti. | a) túbir atlıq<br>b) dórendi atlıq<br>c) qospa atlıq |
| 2 | Shuqırdıń **tereńligi**n kórip, baslarıń shayqadı. | |
| 3 | Aqırı, bir **qurbaqa** joqarıǵa sekiriwdi toqtattı | |
| 4 | Aqırǵı **kúshin** jıynap bir sekirgeninde joqarıǵa shıǵıp aldı. | |
| 5 | Ol **joldaslarına** óziniń qulaǵı esitpeytuǵınlıǵın bildirdi | |
| 6 | Seniń bul **is** qolıńnan keledi, biykarǵa ólip ketpe, háreket et | |

| | | |
|---|---|---|
| 7 | Shawqımlasqanday bolıp sezilgenligin túsindirip, **minnetdarshılıq** bildirdi. | |
| 8 | **Aman-túwellikke** ne jetsin. | |

**JUWAP:**

| a | b | c |
|---|---|---|
| | | |

**10. (Sintaksislik tallaw Q (A1) – 6 ball)** San menen (1, 2, 3, 4) berilgen gápler qospa gáptiń qaysı túrine kiretuǵınlıǵın anıqlań. *Durıs juwaptı sanlar menen beriń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Opera janrı bay tariyxıy dáwirdi óz ishine aladı. | a) bir bas aǵzalı gáp<br>b) eki bas aǵzalı gáp |
| 2 | Yaǵnıy saz-ásbap muzıkası ushın jańa janrlar payda boldı. | |
| 3 | XIX ásir aqırlarında tez pát penen rawajlandı. | |
| 4 | Operanıń watanı – Italiya. | |

**JUWAP:**

| a | b |
|---|---|
| | |

Opera janrı bay tariyxıy dáwirdi óz ishine aladı. Bul janr payda bolıp rawajlanbasınan aldın, yaǵnıy XVII ásirge shekem dúnyalıq hám shirkew muzıkası rawajlanǵan. Opera XVII hám XVIII ásirler muzıka kórkem óneriniń kóplegen jónelislerine óz tásirin kórsetti. Yaǵnıy saz-ásbap muzıkası ushın jańa janrlar payda boldı: uvertyura, orkestr, balet syuitası hám basqalar. Operanıń watanı Italiya bolıp, onıń dáslepki oshaǵı Florenciya esaplanadı. Shayırlar, atqarıwshılar hám kórkem-óner qızıǵıwshıların birlestirgen dógerekte (dógerektiń atı "camerata") tiykarǵı qaǵıydalar payda bolǵan. Quramalı janrlardıń biri bolǵan opera janrı Ózbekstan Respublikasına da kirip kele basladı. XIX ásirdiń aqırı XX ásirdiń baslarında Tashkent qalasında bir neshe opera truppaları gastrol saparına kelip, 1918-jıl Tashkentte Rus opera tyatrı óz jumısın basladı. 1929-jıl M.Qoriyoqubov járdemi menen ózbek muzıkalı teatrı iske tústi. Rus kompozitorları menen birgelikte bir neshe ózbek opera hám baletleri payda bola basladı. 1939-jılı belgili kompozitor, dóretiwshi M.Ashrafiy hám S.Vasilenko menen birgelikte birinshi ózbek operası – (Buran) operasın jazdı. Bul operadan soń kompozitorlar tárepinen M.Ashrafiy "Ullı kanal", "Dilorom", A.Kozlovskiy "Uluǵbek", T.Sodikov "Gúlsara", "Shayır qálbi", S.Boboev "Xamza", M.Yusupov "Xorezm qosıǵı" h.t.b. operalar dóretilgen. Birinshi ózbek komediyalı operası S.Yudakovtıń "Maysaranıń hiylesi" operası bolsa, S. Boboevtiń "Jarıl tas" operası birinshi ózbek balalar operası esaplanadı.

**11. (Tekstti túsiniw B (J1) – 4 ball)** Tekst boyınsha berilgen sózlerdiń qaysıları opera janrına tiyisli elementler ekenligin anıqlań. *Juwaptı sanlar formasında beriń.*

1) kompozitor; 2) balet; 3) muzıka; 4) komediya; 5) uvertyura; 6) janr; 7) gastrol; 8) truppa.

**JUWAP:**

| | | |
|---|---|---|
| | | |

**12. (Tekstti túsiniw Q (A1) – 6 ball)** Berilgen abzactı tekst boyınsha salıstırıń. Gáptegi qaysı sóz maǵlıwmatlıq jaqtan nadurıs qollanılǵanlıǵın anıqlań. *Juwaptı bir sóz formasında jazıń.*

1918-jıl Tashkentte Rus opera tyatrı óz jumısın basladı. 1929-jıl M.Qoriyoqubov járdemi menen ózbek muzıkalı kinoteatrı iske tústi. Rus kompozitorları menen birgelikte bir neshe ózbek opera hám baletleri payda bola basladı.

**JUWAP:** ______________________

**13. (Tekstti túsiniw P (J1) – 8 ball)** Tekst boyınsha berilgen maǵlıwmatlardıń qaysıları durıs maǵlıwmat esaplanadı? *Juwaptı sanlar formasında beriń.*

1) Opera janrı shirkew muzıkasınan keyin payda bolǵan. 2) XIX ásirde saz-ásbap muzıkasına qaraǵanda operaǵa talap kúshli bolǵan. 3) XX ásir baslarında Rus operası Tashkentke kirip keldi. 4) M.Qoriyoqubov russ opera wákillerinen sabaqlar alǵan.

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

## II BASQÍSH (keńeytilgen juwaplı)

**14. (Tekstli talqı P (A3) – 13 ball)** Berilgen úzindini oqıń.

Salıstırıw mánisindegi qońsılas kelgen gáplerdiń konstrukciyalardıń sintaksislik jaqtan uqsas bolıwına parallelizm delinedi. Parallelizm kóbinese poetikalıq shıǵarmalarda jiyi ushırasadı.

1) Bul tekst qaysı stildegi tekst esaplanadı?
2) Bul stil haqqında maǵlıwmat beriń.
3) Bul stildiń basqa stillerden ózgesheliklerin jazıń.

**JUWAP:**

1)____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

2)____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

3)____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

**15. (Oqıp túsiniw P (A3) – 13 ball)** Berilgen tekstti oqıń. Sorawlarǵa juwap jazıń.

Bir adam Aristotelden bılay dep soraptı: – Ne ushın qızǵanshaq adam hámiyshe qapa bolıp júredi?

– Óytkeni ol óziniń áwmetsizliginen bir qıynalsa, basqalardıń jetiskenligin kóre almay jáne qıynaladı. Bul nárse onıń ish etin jep, jaǵdayın awırlastıradı. Awa. Qızǵanshaq adam eki ese kóbirek qıynaladı. Al keńpeyil insan bolsa, eki ese baxıtlı bolıp júredi. Sebebi ol óziniń de, basqanıń da baxtınan quwanıp biledi.

Aspazlar heshqashan ash qalmaydı. Hátteki, ol basqalarǵa awqat tayarlasa da, dámin biliwi ushın jep kóriwi kerek boladı. Bul nárse kópshilik jaǵdaylarǵa tiyisli. Máselen, sen basqalarǵa baxıt tileseń, baxıttıń ne ekenligin túsindirseń, óziń de sonshelli baxıtlı bola bereseń. Bul – baxıtlı bolıwdıń eń ullı sırı hám usı sırdan xabardar adamlar heshqashan waqtın bosqa jibermeydi, hámiyshe basqalarǵa baxıt úlesiwge háreket etedi.

1) Insan baxıttı seziniwi ushın ne islewi kerek eken?
2) Avtor baxıtlı insandı ne ushın aspaz benen qatar qoyıp súwretlegen?
3) Qızǵanshaqlıq, keńpeyillik – bulardıń qaysı biri insan psixologiyasında áhmiyetli orın iyeleydi?

**JUWAP:**

1)__________________________________________________________________

2)__________________________________________________________________

3)__________________________________________________________________

## IX VARIANT

## I BASQÍSH (qısqa juwaplı)

**16. (Xalıq awızeki dóretpeleri B (A1) – 8 ball)** Qaysı dástannan alınǵan úzindi?

Attıń basın burǵanda,
Bir ǵarrı shıǵıp sóyleydi:
Há, shıraǵım, shıraǵım,
Asıraǵan ádiwlep,
Atań jatır bul jerde,
Sonı kórseń bolmay ma?

Talasıp emshek emisken,
Altı aǵań jatır bul jerde,
Sonı kórseń bolmay ma? ...
Mınaw jatqan altı aǵańdı,
Óz qolıńnan kómip ket.

1) "Alpamıs"; 2) "Qırq qız"; 3) "Edige"; 4) "Qoblan"; 5) "Bozuǵlan". *Durıs juwaptı san menen beriń.*

**JUWAP:** ________________________

**17. (Klassikalıq ádebiyat Q (J1) – 9 ball)** Maǵlıwmat qaysı klassik shayırımız haqqında berilgen? a) Kúnxoja; b) Ájiniyaz; c) Berdaq; d) Ótesh; e) Omar; g) Sarıbay; f) Ayapbergen; h) Gúlmurat. *Durıs juwaptı hárip penen beriń.*

Shayırdıń tereń lirizm menen jazılǵan simvolikalıq qosıǵı tek ǵana shayır dóretiwshiliginde emes, qaraqalpaq ádebiyatı tariyxında da ayrıqsha orın iyeleydi. Jámi 24 qatardan ibarat bolǵan bul qosıqtıń ideya-tematikasında xalıqtıń azatlıqqa umtılıw tilegi ayrıqsha kúshli súwretlengen.

**JUWAP:** ______________________________

**18. (Qaraqalpaq ádebiyatı Q (A1) – 9 ball)**. Bul shıǵarmada 30-jılları jaladan qamalıp ketken Muratbektiń táǵdiri súwretlenedi. Waqıyalar Muratbektiń jesir qalǵan hayalı Ayjamaldıń tilinen bayanlanadı. Sol jaladan qamalıp ketken Muratbek aqlanıp, balası er jetip, qızı Gúlistandı uzatatuǵın kúni úyine aman-esen quwısadı.

Bul pikir qaysı shıǵarma haqqında? Shıǵarmanı janrı boyınsha talqılań. *Juwaptı hárip hám sanlar menen beriń.*

1) "Qaraqalpaq qızı" shıǵarması;
2) "Isenim" shıǵarması;
3) "Tiriliw" shıǵarması;
4) "Hayallar" shıǵarması;
5) "Shaqasında emes tamırında" shıǵarması.

a) gúrriń; b) poema; c) povest; d) roman; e) ocherk.

**JUWAP:**

| Shıǵarmanıń tártip nomeri | janrı |
|---|---|
| | |

**19. (Jáhán ádebiyatı Q (A1) – 9 ball).** "Aq keme" shıǵarmasında balanıń kamal tabıwı hám qatarınan kem bolmawı ushın háreket etetuǵın qaharmannıń ismin jazıń. *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

**JUWAP:** ______________________________

**20. (Klassikalıq talqı Q (A1) – 9 ball).** Berilgen qatardaǵı ajıratıp kórsetilgen sózler qaysı súwretlew quralı esaplanadı? *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

Tuńǵısh muhabbatım — jaralı erlik,
Kóz aldımnan óter kórinis berip.
Qıyalımdı serpip **qızıl «Jiguli»,**
Sol máhál toqtadı tusıma kelip. **JUWAP:** ______________________

Kúnlerden bir kúni jas shahzada anasınıń mudamı muńlı júretuǵınlıǵın sezip:

– Anajan, siz ne ushın basqalarǵa usamaysız. Nege bunshama muńlısız? Men usı waqıtqa shekem hesh siziń kúlgenińizdi kórmedim, – depti.

Sonda anası perzentiniń basınan sıypap:

– Áy balam, meniń júregimde watan saǵınıshı degen nárse bar. Mudamı qapalıǵımnıń sebebi sol, – depti.

– Onday bolsa, – depti shahzada, – maǵan sizdi sonshelli saǵındırǵan sol watanıńız haqqında aytıp beriń, – depti.

– Meniń tuwılǵan jerim – dúnyanıń eń gózzal jeri. Hátte jánnet te onıń menen gózzallıqta teńlese almaydı. Onıń kólleriniń ushı-qıyırı joq, suwları tawdan aqqan bulaq suwınday tınıq. Tawları aspan menen tutasqan. Terekleriniń tóbesi bultqa tiyip turadı, – depti anası.

Sol kúnnen baslap jas shahzada anasınıń sol jánnet teńlese almaytuǵın watanın kóriw ármanı menen jasaptı. Biraq ákesiniń qáhárinen qorqıp, bul haqqında oǵan tis jarıp ayta almay-aq qoyıptı.

Aradan jıllar ótip, jas shahzada kamalǵa kelip, al patsha qartayıp, taxtın balasına tapsırıptı. Endi anasınıń ármanın ámelge asıraman dep júrgeninde anası tosattan awırıp, tósek tartıp jatıp qalıptı. Jas patsha mámlekettegi barlıq ataqlı táwiplerdi aldırıp, anasın qaratıptı. Biraq táwipler hayaldıń ómiriniń sanawlı kúnleri qalǵanın aytıptı.

Ómir boyı watanın taǵı bir mártebe kóriwge zar bolǵan hayalǵa watanın qayta kóriw nesip bolmaptı.

Anasın jerlegennen keyin jas patsha kóp oylanıp otırmastan, ákesinen anasınıń watanınıń qay jerde ekenin sorap alıp, qasına saqshıların ertip jolǵa rawana bolıptı. Olar júdá úzaq jol júrip, aqırı mánzilge jetip kelipti. Jolda bir jolawshı olarǵa uzaqtan olar soraǵan awıldı siltepti.

Jas patsha awıldıń ortasına kelip, átirapqa názer salıp, anası táriyplegen gózzallıqtı izlepti. Qarasa, anası táriyplegen kóllerdiń ornında kishkene ǵana kól, tawlardıń ornında qatarlasqan biyiklikler, al tóbesi bultqa tiygen tereklerdiń ornında qara tallar shayqalıp turǵan qusaydı. Jas patsha dáslep hayran bolıptı. Keyin «Hárkimge óz watanı misli jánnetdur» degen sózdiń qanshelli haq ekenin túsinipti.

***Qaraqalpaq folklorınan***

**21. (Shıǵarma talqısı B (J1) – 8 ball)** Berilgen shıǵarma janrlıq jaqtan prozanıń qaysı túrine tiyisli ekenligin anıqlań. *Juwap bir sóz benen jazıń.*

**JUWAP:** ________________________

**22. (Obrazlarǵa sıpatlama Q (J1) – 9 ball)** Shaxzadanıń anasında qanday pazıyletti sezdińiz.

a) maqtanshaqlıq; b) aqıllılıq; c) uyalshaqlıq; d) miyrimlilik; e) umıtshaqlıq; g) patriotlıq. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

**JUWAP:**

| | |
|---|---|

**23. (Tekst xronologiyası Q (J1) – 9 ball)** Berilgen pikirlerdi shıǵarma waqıyası boyınsha izbe-izlikke qoyıń.

1) Shaxzada ákesinen qorqıp jasadı.
2) Ana tuwılǵan jeri haqqında sóylep berdi.
3) Shaxzada anasınıń tuwılǵan jeri haqqında haqıyqattı bildi.
4) Shaxzadanıń anası nawqaslanıp qaytıs boladı.

**JUWAP:** ________________________

**24. (Mağlıwmatlar talqısı P (J1) – 14 ball)** Tekst boyınsha berilgen juwaplardıń durıs hám nadurıslığın anıqlań. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

a) Ana menen bala kóp waqtın birge ótkerer edi.
b) Ana balasın kórgende bárha qapalığın aytar edi.
c) Ananıń tuwılğan jeri jánnet sıyaqlı gózzal edi.
d) Ana patshağa ğárezli bolğan soń eline kete almadı.
e) Shaxzada anasınıń ármanın orınlaydı.
f) Shaxzada astarlı mánidegi anasınıń gápin keyinirek túsinedi.

**JUWAP:**

| Durıs | Nadurıs |
|---|---|
| | |

## II BASQÍSH (keńeytilgen juwaplı)

**25. (Shığarmanı talqılaw (keńeytilgen juwaplı) P (A3) – 16 ball)**
A.Sh. Aytmatovtıń «Aq keme» shığarması boyınsha pikirleń.




**JUWAP:**

______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________

## X VARIANT

### I BASQÍSH (qısqa juwaplı)

**1. (Imla B (J1) – 4 ball)** Gáptegi san menen berilgen sózlerden imlalıq jaqtan NADURÍS jazılǵan sózlerdi anıqlań. *Juwaptı belgilengen sanları arqalı beriń.*

1) laqqı; 2) laureat; 3) leksiya; 4) lagoped; 5) maxset; 6) masqarapaz; 7) mádár; 8) makan; 9) málhám; 10) márdikar.

**JUWAP:** ________________________

**2. (Fonetika Q (J1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi túsirilip qaldırılǵan seske sıpatlama beriń. *Juwaptı san formasında beriń.*

"K...n qulan iyek boldı"– kúnniń jańa jiyekten kóterilgen waqtı.

1) juwan; 2) jińishke; 3) ashıq; 4) qısıq; 5) erinlik; 6) eziwlik

**JUWAP:** ________________________

**3. (Seslik qubılıslar Q (A1) – 6 ball)** Berilgen gáptegi aytılıwı menen jazılıwı teń kelmeytuǵın sózlerdi anıqlap jazıń. *Juwaptı 2 sóz benen beriń.*

"Kún arqan boyı kóterildi" – bul shama menen jaz aylarında saat azanǵı 7-8 bolǵan waqıt, qıs aylarında 9-10 bolǵan waqıt.

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

**4. (Punktuaciya Q (J1) – 6 ball)** Berilgen qatarlarda qaysı irkilis belgileri izbe-iz qoyılıwı kerekligin anıqlań. *Ketekshelerge anıqlaǵan irkilis belgilerińizdi qoyıń.*

Sayra, dostım, álhawada pır-pırlap,
Saz benen sáwbetsiz dáwran boldı ma?
Sen kókte, men jerde bunshelli shırlap,
Súymegende, onnan watan boldı ma?

**JUWAP:**

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | |

**5. (Morfologiyalıq stilistika Q (A1) – 6 ball)** Berilgen sózlerden seplenip atlıqtan ráwishke ótkenlerin jazıń.

Buxarada; úlkenligin; japıraǵınıń; sayasına; qulaǵında; sırtqa; shalǵamdı.

**JUWAP:**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | | 2 | |

**6. (Leksikalıq stilistika Q (J1) – 6 ball)** Berilgen mısallardı tiyisli birlikler menen sáykeslendiriń. *Juwapqa tiyisli háriplerdi jazıń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Qarmaqtay – qańbaqtay | A) leksikalıq antonim |
| 2 | Quwıw – qashıw | B) grammatikalıq antonim |
| 3 | Sabırlı – sabırsız | C) kontekstlik antonim |
| 4 | Báhár – záhár | |
| 5 | Aqıllı – aqılsız | |
| 6 | Biymálim – málim | |

**JUWAP:**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

**7. (Fonetikalıq tallaw B (A1) – 4 ball)** Berilgen gápte neshe ashıq buwın qatnasqan? *Durıs juwaptı san menen beriń.*

Waqıtqa baylanıslı ólshemler kórkem shıǵarmalarda kóplep ushırasadı.

**JUWAP:** ________________________

**8. (Leksikalıq tallaw Q (A1) – 6 ball)** Súwretlew quralların – sinekdoxaǵa mısal bola alatuǵın juwaplardı anıqlań. *Durıs juwaptı san menen beriń.*

1) Tandır órtedim.
2) Júrek - insan dvigateli.
3) "Qırq qız"dı tańladım.
4) Asırandı baladay bozladı.
5) Dala maliykasın ekti.
6) Bilekleriniz talmasın.
7) Qanǵa qan, janǵa jan.
8) Tabaqlar tartıldı.
9) Hár jerde qulaq tabıladı.

**JUWAP:** ________________________________

**9. (Morfemalıq tallaw Q (J1) – 6 ball)** Berilgen juwaplardaǵı astı sızılǵan sózlerdiń qaysı almasıq túrine kiretuǵınlıǵın durıs sáykeslendiriń. *Durıs juwaptı sanlar menen beriń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | – **Qáne** siziń elde qanday ájayıp, úlken nárse bar? | a) betlik almasıǵı |
| 2 | – Biziń elde **bir** káramat nárse bar | b) siltew almasıǵı |
| 3 | – **Biziń** elde shalǵam degen ósimlik bar | c) soraw almasıǵı |
| 4 | **Onıń** úlkenligin aytıp jetkere almaysań | d) belgisizlik almasıǵı |
| 5 | **Sol** kóleńkesi ádewir awısıp qaladı | |
| 6 | **Men** elden shıǵarda bir bay qazan soqtırıp atır edi. | |
| 7 | **Ol** qazannıń úlkenligin sonnan bil. | |

**JUWAP:**

| a | b | c | d |
|---|---|---|---|
| | | | |

**10. (Sintaksislik tallaw Q (A1) – 6 ball)** San menen (1, 2, 3, 4) berilgen sózler baǵınıńqılı baylanıstıń qaysı túri menen baylanısqanlıǵın anıqlań. *Durıs juwaptı sanlar menen beriń.*

| | | |
|---|---|---|
| 1 | sonı izlep barıptı | a) basqarıw<br>b) jupkerlesiw<br>c) úylesiw |
| 2 | biziń elde | |
| 3 | qırq qaraqalpaq | |
| 4 | úlken nárse | |

**JUWAP:**

| a | b | c |
|---|---|---|
| | | |

Kúnniń shıǵıwınan baslap batqanǵa shekemgi waqıt ta bir neshe bólekke bólingen. Azan, tús, tústen keyin, kesh dep tórt bólekke bólingeni menen, sol tórt bólekti bir neshe mayda bóleklerge bólip, onı da turmısta paydalanatuǵın zatların, waqıt ólshemin belgilewde paydalanǵan.

"Tań sári" – tań ata baslaǵan waqıt.

"Kún qulan iyek boldı"– kúnniń jańa jiyekten kóterilgen waqtı.

"Kún arqan boyı kóterildi" – bul shama menen jaz aylarında saat azańǵı 7-8 bolǵan waqıt, qıs aylarında 9-10 bolǵan waqıt.

"Kún tayaq tastam jerge keldi".

"Sáske" – bul saattıń 10-11 bolǵan waqtı.

"Tal tús", "Shańqay tús"– bul kúnniń qara úydiń tal tóbesine kelgen waqtın aytadı.

"Kún awdı"– adamnıń kóleńkesiniń sozıla baslaǵan waqtı.

"Ala gewgim"– kún batqan waqıt.

"Kún uyasına battı"– bul keshki waqıt.

Túndi tórtke bólip qaraǵan.

"Eldiń aldı jatqan waqıt" – bul eldiń aldı jańa jatqan waqıt.

"Qorazdıń birinshi shaqırımı" – bul túngi saat 2-3 lerdiń  waqtı.

"Qorazdıń ekinshi shaqırımı"– bul túngi 4-5 lerdiń waqtı.

"Tań sarǵayıp attı"– kúnniń bata baslaǵan waqtı.

"Tárezi juldızı tuwǵan waqıt" – bul tańnıń suwıy baslaǵan waqtı. Tárezi juldızı tuwǵanda tań suwıydı. Boyın suwıqqa bermew ushın mallar oyanıp; usı waqıtta qıymıldap qoyadı.

Waqıtqa baylanıslı ólshemler kórkem shıǵarmalarda kóplep ushırasadı. Mısalı, qaraqalpaq xalıq qosıǵı ”Qızminayim”  qosıǵında:

Tań sarǵayıp atar boldı,
Úrker juldız batar boldı,
Kelgen yarıń qaytar boldı,
Oyan endi Qızminayım -  degen waqıtqa baylanıslı ólshemlerdi kóriwimizge boladı.  Bunday mısallardı qaraqalpaq jazıwshı hám shayırlarınıń shıǵarmalarında kóplep tabıwǵa boladı.

***S.Bahadirova "Qaraqalpaq qanday xalıq"***

**11. (Tekstti túsiniw B (J1) – 4 ball)** Tekst boyınsha berilgen sózlerdiń qaysıları waqıt ólshemine tiyisli emes ekenligin anıqlań. *Juwaptı sanlar formasında beriń.*

1) tayaq tastam jer;  2) ala gewgim;  3) tań sári;  4) adam kóleńke;  5) tal tóbe; 6) shańqay tús; 7) pesin;  8) sáske.

**JUWAP:**

| | | |
|---|---|---|
| | | |

**12. (Tekstti túsiniw Q (A1) – 6 ball)** Berilgen abzactı tekst boyınsha salıstırıń.  Gáptegi qaysı sóz maǵlıwmatlıq jaqtan nadurıs qollanılǵanlıǵın anıqlań. *Juwaptı bir sóz formasında jazıń.*

"Tárezi juldızı tuwǵan waqıt" – bul tańnıń suwıy baslaǵan waqtı. Tárezi juldızı tuwǵanda kesh suwıydı. Boyın suwıqqa bermew ushın mallar oyanıp; usı waqıtta qıymıldap qoyadı.

**JUWAP:** ______________________

**13. (Tekstti túsiniw P (J1) – 8 ball)** Tekst boyınsha berilgen maǵlıwmatlardıń qaysıları durıs maǵlıwmat esaplanadı? *Juwaptı sanlar formasında beriń.*

1) Keshki waqıt kúnniń tayaq taslam jerge keliwi menen baylanıstırılıp aytılǵan. 2) Tal tús kúnniń eń joqarıǵa kóteriliwi menen aytılǵan. 3) Tań sarǵayıwı kúnniń ısıwın bildirgen. 4) Qoraz birinshi márte túnde shaqıradı.

**JUWAP:**

| | |
|---|---|
| | |

## II BASQÍSH (keńeytilgen juwaplı)

**14. (Tekstli talqı P (A3) – 13 ball)** Berilgen úzindini oqıń.

Kekselerdi húrmet etiw — xalqımızdıń qanına sińgen milliy qádiriyatlarımızdıń biri. Bul adamlar arasında miyrim-shápáátlik hám xalıqtıń dos-tatıw bolıp jasawına xızmet etip kiyatır. Ázeldenaq xalqımızda kekselerge húrmet kórsetilip kiyatır. Nuranıy atası hám anası bar shańaraqta bereket, abadanshılıq, tatıwlıq bolatuǵının bárshemiz bilemiz.

1) Bul tekst qaysı stildegi tekst esaplanadı?
2) Bul stil haqqında maǵlıwmat beriń.
3) Bul stildiń basqa stillerden ózgesheliklerin jazıń.

**JUWAP:**

1)______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

2)______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

3)______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

**15. (Oqıp túsiniw P (A3) – 13 ball)** Berilgen tekstti oqıń. Sorawlarǵa juwap jazıń.

Túrlerdiń qırılıwı áyyemgi dáwirlerden-aq baslanǵan hám ańshılar tárepinen mamontlar, qalıń júnli karkidonlar, gigant suwınlar, úńgir arıslanı hám ayıwları qırıp joq etilgen. Házirgi biz jasap turǵan dáwirde túrlerdiń joǵalıp ketiwi júdá tezlik penen dawam etpekte. 1600-jıldan 1875-jılǵa shekem sút emiziwshilerdiń 63 túri, quslardıń 74 túri joq bolıp ketken. Keyingi jıllarda hár jılı birden onǵa shekem haywan túrleri hám bir ósimlik túri joǵalıp barmaqta. Házirgi waqıtta omırtqalı haywanlardıń 600 ge jaqın túri, al ósimliklerdiń júdá kóp túri joǵalıp ketiw qáwpi astında turıptı.
1) Insannıń tábiyatqa qanday tásiri bar?
2) Túrlerdiń joǵalıwı qanday qáwip tuwdıradı?
3) Ekomádeniyat haqqında túsinik beriń.

**JUWAP:**
1)______________________________________________________________________

2)______________________________________________________________________

3)______________________________________________________________________

## X VARIANT

### I BASQÍSH (qısqa juwaplı)

**16. (Xalıq awızeki dóretpeleri B (A1) – 8 ball)** Qaysı dástannan alınǵan úzindi ekenligin anıqlań.

Maydanda qurdım saltanat,
Tapsırdı dostım amanat,
Olla urmayın sizlerdi,
Billá urmayın sizlerdi,
Lıq-lıq kózińnen árebi at!
Turha-turha, bedew at!

1) "Alpamıs"; 2) "Qırq qız"; 3) "Edige"; 4) "Qoblan"; 5) "Bozuǵlan". *Durıs juwaptı san menen beriń.*

**JUWAP:** __________________________

**17. (Klassikalıq ádebiyat Q (J1) – 9 ball)** Maǵlıwmat qaysı klassik shayırımızdıń dóretpesi haqqında berilgen? a) Kúnxoja; b) Ájiniyaz; c) Berdaq; d) Ótesh; e) Omar; g) Sarıbay; f) Ayapbergen; h) Gúlmurat. *Durıs juwaptı hárip penen beriń.*

Óz dáwirindegi baylardıń sútxor, ashkóz, iplas, miyrimsiz hám bulardan basqa da unamsız qılıqların kórsetiw jaǵınan «Shermende» satirası ayrıqsha orın tutadı. «Shermende» satirasınıń tili XIX ásir ushın tipik waqıyalardan bolıp, bul dáwirde hádden tıs ezilgen hám hárqanday huqıqlarınan ayrılǵan miynetkesh xalıq wákilleriniń kópshiligin diyqanlar menen kúnlikshiler tutqan.

**JUWAP:** ______________________________

**18. (Qaraqalpaq ádebiyatı Q (A1) – 9 ball)**. Jazıwshı Abat Farxadovichtiń obrazınıń tabıslı shıǵıwına úlken itibar qaratadı. Ol rayon basshısı bolıp saylanǵan kúnnen baslap-aq awıl xalqınıń turmısı menen qızıǵadı.
Bul pikir qaysı shıǵarma haqqında? Shıǵarmanı janrı boyınsha talqılań. *Durıs juwaptı san hám háripler menen beriń.*

1) "Qaraqalpaq qızı" shıǵarması;
2) "Isenim" shıǵarması;
3) "Tiriliw" shıǵarması;
4) "Hayallar" shıǵarması;
5) "Isenim" shıǵarması.

a) gúrriń; b) poema; c) povest; d) roman; e) ocherk.

**JUWAP:**

| Shıǵarmanıń tártip nomeri | janrı |
|---|---|
| | |

**19. (Jáhán ádebiyatı Q (A1) – 9 ball).** "Baxshasaray fontanı" shıǵarmasında tún yarımında qaysı qaharman Mariyanı qorqıtadı? *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

**JUWAP:** ______________________________

**20. (Klassikalıq talqı Q (A1) – 9 ball).** Berilgen qatarda qaysı stilistikalıq figura sheber qollanılǵan? *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

Aydıń on besi jarıq, on besi qarańǵı.
Arqannıń uzını jaqsı, sózdiń qısqası jaqsı. **JUWAP:** ______________________

Rustem degen jigit bar edi. Ol jaslıǵınan hámme nárseni ózi islewdi, qolınan keletuǵınlıǵın dálillewge háreket eter edi.

Bir kúni ol ákesiniń góne saatın kórip, onı ońlap, qayta islewin támiyinlemekshi boldı. Bul saat Rustemniń ákesine onıń atasınan miyras bolıp qalǵan edi – júdá qımbat bahalı, biraq jıllar dawamında islemey tur edi.

Rustem ákesinen saattı ońlaw ushın iltimas etip sorap aldı. Abaylap saattı ashtı. Ishindegi qurılmalardıń, mexanizmlerdiń ornalasıwına qarap, ol túsingendey bolıp, ózin sheber usta sıyaqlı sezindi. Ol internetten kórip, saattı mayda detallarǵa ajırattı. Ajıratıwın ajırattı da, olardı qayta ornına

jaylastırıw qolınan kelmedi. Islemese de, burın jıynalıp turǵan saat, endi shashılıp atırǵan bir úyin shıǵındıǵa aylanǵan edi.

Álbette, ákesi bul jaǵdaydı kórip qattı qapa boldı. Sebebi bul saat onıń ushın ákesinen estelik edi dá. Sonda ákesi:

– Balam, geyde bir mashqalanı sheshemiz dep, biz onnan da úlkenirek mashqalaǵa jolıǵamız. Durıs, seniń oyıń jaqsı edi, biraq tájiriybeń joq edi.

Rustem birneshe kún saattı aylanshıqlap oylanıp júrdi, taǵı ońlawǵa háreket etti, biraq bolmadı. Usınnan keyin ol táwekelshilik bárha áwmet alıp kelmeytuǵınlıǵın túsindi. Táwekeldi de aqıl menen, ilim menen ámelge asırıw kerek eken.

Bul waqıya Rustem ushın ómirlik sabaq boldı.

***A.Dauletbaeva***

**21. (Shıǵarma talqısı B (J1) – 8 ball)** Berilgen shıǵarmada ómirlik sabaq alıwǵa qaysı zat sebep boldı? *Juwaptı bir sóz benen jazıń.*

**JUWAP:** ________________________

**22. (Obrazlarǵa sıpatlama Q (J1) – 9 ball)** Rustemde qanday qásiyetlerdi sezdińiz.

a) qızıǵıwshań; b) qızǵanshaq; c) táwekelshi; d) miyrimli; e) umıtshaq; g) aqıllı. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

**JUWAP:**

| | | |
|---|---|---|
| | | |

**23. (Tekst xronologiyası Q (J1) – 9 ball)** Berilgen pikirlerdi shıǵarma waqıyası boyınsha izbe-izlikke qoyıń.

1) Rustem saattı ońlaw ushın jáne birneshe ret urınıp kórdi.
2) Góne saat ákeden balaǵa miyras bolıp qaldı.
3) Rustem saattıń ońlanıwın internetten kórip shıqtı.
4) Rustem ashılǵan saattı qayta jıynay almay qaldı.

**JUWAP:** ________________________

**24. (Maǵlıwmatlar talqısı P (J1) – 14 ball)** Tekst boyınsha berilgen juwaplardıń durıs hám nadurıslıǵın anıqlań. *Juwaptı háripler arqalı beriń.*

a) Rustem aqılsızlıq penen háreket etti.
b) Ákesi Rustem menen saattı birge ońlawǵa kiristi.
c) Rustemniń tájiriybesi joq edi.
d) Rustem saattı qayta tiklep jáne qayta ashtı.
e) Rustem táwekel baslaǵan háreketinen ókindi.
f) Áke Rustemge úlken isenim bildirgen edi.

**JUWAP:**

| Durıs | Nadurıs |
|---|---|
| | |

## II BASQÍSH (keńeytilgen juwaplı)

**25. (Shıǵarmanı talqılaw (keńeytilgen juwaplı) P (A3) – 16 ball)**
K.Karimovtıń "Saqawat baǵı" shıǵarması boyınsha pikirleń.




**JUWAP:**